

BAB IV

HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

4.1 Hasil Panalungtikan

Data anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta salapan carpon anu aya dina buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Anapon nu dianalisisna nyaéta unsur intrinsik carita dumasar Tiori Struktural Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, latar), sarta sarana carita (judul jeung puseur implengan). Salian ti éta aya ogé aspék sosial dina carita anu dianalisisna dumasar tiori aspék sosial Soejono Soekanto, anu ngabagi aspék sosial jadi lima nyaéta aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial atikan.

4.1.1 Hasil Analisis Struktural Carita

Dina hasil analisis struktural carita dipedar salapan carpon hasil karya salapan pangarang Panglawungan 13, tilu carpon ti entragan kahiji, dua carpon ti entragan kadua, tilu carpon ti entragan katilu, sarta hiji carpon ti entragan kaopat. Anu baris dianalisis téh nyaéta ngeunaan téma carita, fakta carita (galur, palaku, latar), sarta sarana carita (judul jeung puseur implengan).

4.1.1.1 Carpon “Cinta” Karya Téty S. Nataprawira

Ieu carpon nyaritakeun kahirupan hiji wanoja ngaranna Cinta, nu ditinggalkeun maot ku bapana dina umur dalapan taun, waktu lulus SMA indungna kawin deui ka duda boga anak hiji. Duriat, lanceuk téréna Cinta. Ti mimiti panggih, Cinta geus resep sarta kataji ku Duriat, tapi manéhna sadar maenya bogoh ka lanceuk téré. Cinta satékah polah nyinglarkeun rasana, tapi teu leungit-leungit. Duriat ogé bogoh ka Cinta. Antukna indung jeung bapana badami sarta ngaizinan Cinta jeung Duriat nikah.

Cinta jeung Duriat geus 5 taun maranéhna rumah tangga, tapi euweuh tanda-tanda rék boga budak. Nalika dipariksa ka dokter kandungan yén Cinta teu bisa

ngandung lantaran pernah boga kista dina rahimna nu kaitung ganas. Cinta ménta izin ka salakina pikeun ngadopsi budak, Béntang ngaranna. Budak nu ti orok sok diurus ku Cinta, nalika Cinta PKL di Panti Mutiara Kasih. Tapi salakina can ngaizinan. Cinta saukur bisa video-call jeung Béntang, sarta ngiriman unggal bulan keur pangabutuh Béntang di panti.

Cinta ngarasa dimomorékeun ku kulawarga, karasana sanggeus manéhna divonis moal bisa boga budak. Duriat ménta izin rék rarabi deui, Cinta ménta anggeusan jeung Duriat. Cinta leuwih milih ngurus budak di Panti Asuhan tibatan didua ku salakina. Ku kabeneran, Cinta dititah ngaganti tugas Ibu Pimpinan panti nu pangsiun. Allah maparin kabagjaan ka Cinta ngarasakeun jadi indung sanajan di panti.

Dumasar ringkesan carita di luhur satuluyna dianalisis struktur caritana anu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Hasil analisis strukturalna nyaéta ieu di handap.

a) Téma Carita

Téma dina carpon “Cinta” nyaéta rumah tangga anu papisah atawa pepegatan lantaran istrina gabug nepi ka teu boga anak, tuluy diangkat jadi Pimpinan Panti.

Éta téma téh dijelaskeun dina runtuyan carita anu eusina nyaritakeun kaayan rumah tangga kulawarga Cinta anu teu bisa miboga budak lantaran boga kista dina rahimna, salakina hayang miboga deui pamajikan. Tapi, Cinta leuwih milih papisah jeung Duriat tuluy ngadopsi budak ti panti asuhan sarta jadi pimpinan panti. Nu tadina Cinta teu bisa miboga budak nalika jadi pimpinan panti, Cinta jadi apal kumaha bagjana boga budak sanajan henteu tina kandungan sorangan.

Pasualan anu nuduhkeun téma carita di luhur bisa katitén dina cutatan di handap.

Geus nincak ka lima taun, can aya tanda-tanda Cinta rék boga budak. Duriat ngajak Cinta mariksakeun ka dokter ahli kandungan. Kitu ogé Duriat,

dipariksa kasuburan. Tina hasil pamariksaan, tétéla Cinta nu moal bisa ngandung. Sabab kungsi aya kista dina rahim nu kaitung ganas, sarta geus kungsi dioperasi.

(C/KU1/KC. 2)

Dina waktu Duriat wakca ménta ijin rék rarabi deui, cenah kahayang akina. Nu keukeuh nitah Duriat néangan deui. Ku gampang geuning nitah ngaganti pamajikan téh.

(C/KU1/KC. 4)

Mending ngurus barudak waé. Aya Béntang nu jadi kabungah haténa.

(C/KU1/KC. 4)

Gusti Allah ngaguratkeun takdir Cinta jadi indung di panti. Sanggeus sakitu taun miharep kabagjaan jadi indung nu ngalahirkeun anak-anakna ti nu dipikacinta salawasna.

(C/KU1/KC. 5)

b) Fakta Carita

Dina fakta carita téh baris dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita, watek palaku, jeung latar carita. Hasil analisisna ieu di handap.

1) Galur Carita

Galur dina carita “Cinta” téh nyaéta galur campuran. Anu caritana dimimitian atawa dibuka ku galur maju anu nyaritakeun mangsa nu keur disorang ku Cinta, nyaéta nungguan Béntang kaluar sakola. Di tengah carita, loba nyaritakeun mangsa katukang, nyaéta ngeunaan kahirupanana ti ditinggalkeun bapana, indungna kawin deui, Cinta bogoh ka Duriat (lanceuk teréna), teu bisa boga budak, sarta anggeusan jeung Duriatna. Tahapan tina galur anu aya dina carita bisa dititénan tina cutatan di handap.

(a) Tahap *situation*

Dina tahap *situation* nyaritakeun nalika Cinta bogoh ka dulur teréna, ngaranna Duriat. Cinta usaha pikeun ngaleungitkeun éta rasa, tapi beuki dipaksakeun beuki karasa nyaah jeung bogohna. Katambah Duriat anu balaka ogé yén manéhna sarua boga rasa ka Cinta.

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ti basa gok ogé Cinta geus resep jeung kataji ku Duriat, lanceuk bawaanana. Tapi Cinta sadar, maenya bogoh ka dulur téré. Manéhna satékah polah neken perasaan, sangkan ulah bogoh. Tapi kalah beuki kuat, beuki teu mampuh nyinglar rasa nyaahna. Komo sanggeus Duriat balaka yén manéhna gé sarua.

(C/KU1/KC2)

(b) Tahap *generating circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun indungna jeung bapa téréna Cinta, ngidinan Cinta jeung Duriat nikah.

Tungtungna indung bapa duanana sapuk, ngidinan maranéhna meungkeut kanyaah ku pertikahan.

(C/KU1/KC2)

(c) Tahap *rising action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun dina rahim Cinta aya kista, tuluy dioperasi. Cinta divonis ku dokter moal bisa ngandung sarta boga budak, rahimna kudu diangkat.

Tina hasil pamariksaan, tétéla Cinta nu moal bisa ngandung. Sabab kungsi aya kista dina rahim nu kaitung ganas, sarta geus kungsi dioperasi.

(C/KU1/KC2)

(d) Tahap *climax*

Dina tahap *climax* nyaritakeun Duriat anu ménta ijin ka Cinta rék nikah deui. Lantaran Cinta nu teu bisa boga budak. Éta téh kahayang ti Aki na Duriat. Sarta Cinta pegat jeung Duriat.

Mun bisa nawar mah ka Nu Kagungan, Cinta rék nyuhunkeun budak nu bakal lahir tina rahimna téh ayeuna. Ayeuna pisan. Dina waktu Duriat wakma ménta ijin rék rarabi deui, cenah kahayang akina.

(C/KU1/KC4)

Cinta gilig, rék ménta anggeusan jeung Duriat.

(C/KU/KC4)


(e) Tahap *denouement*

Dina tahap *denouement* nyaritakeun Cinta anu diangkat jadi Pimpinan Panti, dipercaya ngurus barudak di panti.

Cinta diharepkeun sadia milu ngurus barudak panti ku yayasan. Malah dititah ngaganti tugas Ibu Pimpinan panti nu geus hayangeun pangsiun. Pihak yayasan kataji ku getén jeung tulaténna Cinta. Gusti Allah ngaguratkeun takdir Cinta jadi indung di Panti.

(C/KU1/KC5)

Gambaran tahapan galur dina carpon *Cinta* nya éta ieu di handap.



Bagan 4.1

Tahapan Galur Carpon “Cinta”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika Cinta di vonis moal bisa boga budak. Salakina, Duriat ménta ijin nikah deui, sangkan bisa boga turunan. Antukna Cinta jeung Duriat papisah.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika Cinta perang haté jeung pikiranna naha manéhna rido upama didua, naha haténa bisa narima ajén salaku indung bakal leungit, kasilih ku maruna.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika Cinta geus jadi pimpinan panti, teu miharep boga budak upama takdirna kudu jadi awéwé gabug, manéhna narimakeun. Tapi, dina ieu carita teu apal naha Cinta nikah deui atawa henteu.

2) Palaku Carita

Palaku anu aya dina carita “Cinta” bisa ditingali dina tabél di handap

Tabél 4.1
Palaku Carita “Cinta”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Cinta	√		√	
2.	Béntang		√	√	

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
3.	Duriat		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carita “Cinta” nyaéta Cinta. Cinta salaku palaku utama anu aya dina unggal runtuyan kajadian carita ti awal nepi ka akhir carita. Palaku tambahan dina ieu carpon aya dua nya éta Béntang jeung Duriat, anu dicaritakeun saliwat ku pangarang kumaha kajadian nu aya ngaran Béntang jeung Duriat.

b) Watek palaku

Watek palaku anu baris dianalisis nya éta Cinta, Béntang, jeung Duriat. Watek unggal palaku kapanggih dina caritaan naskah pangarang, aya ogé anu kagambar tina dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan di handap.

1) Cinta

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek Cinta dina carita.

1) Sadar diri

tapi Cinta sadar, maenya bogoh ka dulur téré.

(C/KU1/KC. 2)

Sanajan sakumaha nyaahna ngarumasakeun teu bisa méré kabagjaan.

(C/KU1/KC.4)

2) Nyaah-an

Teuing ti mana jolna rasa nyaah, ujug-ujug nyaliara dina haté Cinta nu pangjerona.

(C/KU1/KC.2)

3) Dermawan/bageur
Cinta jeung almarhum indungna, geus lila jadi donatur tetap.
(C/KU1/KC.3)

4) Getén jeung tulaténna
Pihak yayasan kataji ku getén jeung tulaténna Cinta. Gusti Allah ngaguratkeun takdir Cinta jadi indung di panti.
(C/KU1/KC.5)

5) Tanggung jawab
Cinta teu ngalésotkeun kawajibanana. Ngiriman unggal bulan. Nyumponan naon waé pangabutuh Béntang.
(C/KU1/KC.3)

Tina data analisis di luhur, kapaluruh yén watek nu dipiboga ku Cinta téh protagonis, lantaran anjeunna jadi donatur panti ogé anjeunna nyaah-an ka budak.

2) Béntang

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek jeung kapanggih déskripsi ngeunaan fisik Béntang keur orok dina carita.

1) Lucu, geulis
Béntang téh panglucuna, béntangna. Séhat, seger, kulitna beresih.
(C/KU1/KC.2)

Geus kaciri Béntang pigeuliseun, tur motorikna aktip.
(C/KU1/KC.3)

2) Wanteran
“Mamah, tadi Enéng nyanyi nyalira ka payun.”
(C/KU1/KC.5)

Tina analisis di luhur, kapaluruh watek Béntang nu wanteran nalika tampil di hareup nyanyi.

3) Duriat

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek Duriat dina carita.

1) Teu ngabuktikeun omonganna

Hal éta geus kungsi diobrolkeun ka Riat basa geus jadi salakina. Tapi Duriat negeskeun ka Cinta, moal, moal jadi masalah. Teu nanaon Cinta teu dipaparinan bisa ngandung jeung ngalahirkeun ogé. Pan urang tiasa nyandak Béntang, urang resmi adopsi, ceuk salakina harita. Aya niat ihlas dina haténa, demi kanyaahna ka Riat, lamun seug Cinta teu diparengkeun boga turunan, Cinta rék rido ngajurungkeun salakina boga deui pamajikan. Didua. Tapi naha ari ayeuna ?

(C/KU1/KC.4)

Tina analisis di luhur, kapaluruh watek Duriat anu teu bisa ngabuktikeun omonganana ka Cinta ngeunaan ngadopsi budak.

3) Latar Carita

Latar anu baris dianalisis dina carita “Cinta” nya éta latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) Latar waktu

Latar waktu anu kapaluruh dina carita “Cinta” téh aya dina latar durasi waktu nu tangtu, jeung latar waktu teu tangtu. Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu nyaéta lima menit, lima taun, taun kamari. Latar waktu anu nuduhkeun waktu nu teu tangtu, nyaéta dina mangsa jeung sakitu taun.

Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu dina carita “Cinta” nyaéta ieu di handap.

1) Lima menit

Lima menit deui, Béntang kakara ka luar ti kelasna, di TK Asih Ibu.

(C/LW/KU1/KC1)

2) Lima taun

Geus nincak ka lima taun, can aya tanda-tanda Cinta rék boga budak.

(C/LW/KU1/KC2)

3) Taun kamari

Pangpangna basa taun kamari indungna ninggalkeun.

(C/LW/KU1/KC1)

Latar waktu anu nuduhkeun waktu nu teu tangtu ieu di handap.

- 1) Dina mangsa
Dina mangsa éta téh enyaan datang.
(C/LW/KU1/KC4)
- 2) Sakitu taun
Sanggeus sakitu taun miharep kabagjaan jadi indung di panti.
(C/LW/KU1/KC5)

2) Latar tempat

Latar tempat anu aya dina carita “Cinta” nya éta di TK Asih Ibu, di Panti Mutiara Kasih, di Yayasan. Latar tempatna bisa di tingali tina ieu cutatan carita di handap.

- 1) Di TK Asih Ibu
Béntang kakara ka luar ti kelasna, di TK Asih Ibu.
(C/LT/KU1/KC1)
- 2) Di Panti Mutiara Kasih
Inget kénéh harita Cinta ngalamar PKL di Panti Mutiara Kasih.
(C/LT/KU1/KC2)
- 3) Di Yayasan
Latar tukang ayana Béntang di Yayasan, mangrupa rusiah nu kudu diteundeun kalayan apik.
(C/LT/KU1/KC2)

3) Latar sosial

Latar sosial nu kapaluruh dina carita nyaéta sosial menengah ka luhur nu pakait jeung pagawéan palaku utama nyaéta Cinta. Kacaritakeun Cinta boga usaha sorangan dina widang *event-organizing*, manéhna jadi donatur tetap di Panti Asuhan, ngurus barudak panti sarta ngaganti tugas pimpinan panti.

- 1) Usaha Mandiri jeung Donatur panti asuhan
Cinta jeung almarhum indungna, geus lila jadi donatur tetep.
Usaha Cinta nu mandiri dina widang *event-organizing*, suksés.

(C/LS/KU1/KC3)

- 2) Ngurus budak panti jeung ngaganti pimpinan panti
Cinta diharepkeun sadia milu ngurus budak panti ku yayasan. Malah dititah ngaganti tugas Ibu Pimpinan panti nu geus hayangeun pangsiun.

(C/LS/KU1/KC5)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carita “Cinta” nya éta judul jeung puseur implengan. Hasil analisisna nya éta ieu di handap.

a. Judul

Judul carita “Cinta” saluyu jeung ngaran palaku utama anu miboga atawa ngagambarkeun rasa cinta palaku utama boh ka mantan salakina nu nepi iraha waé gé moal pupus boh rasa cinta ka budak panti anu diasuhna, utamana ka Béntang.

Rasa cinta téh moal pupus tepi ka iraha waé ogé, Kang.

(C/KU1/KC5)

Nu matak Cinta gilig rék mikanyaah Béntang, satutup umur.

(C/KU1/KC5)

b. Puseur Implengan

Dina carita “Cinta” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma katilu. Lantaran pangarang nyébutkeun ngaran jeung nyaritakeun sagala hal anu kajadian dina éta carita.

Basa nempoan jam tangan, Cinta ngarasa reugreug. Lima menit deui, Béntang kakara kaluar ti kelasna, di TK Asih Ibu. Manéhna tadi rurusuhan sieuneun kabaurangan mapagkeun.

(C/KU1/KC1)

Sakitu taun ka tukang, basa rumah tangga Cinta jeung Duriat kakarnincak dua taun, Cinta ménta ijin ka salakina. Ngajak ngadopsi Béntang.

(C/KU1/KC2)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Cinta”. Nu saterusna bisa dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Téma dina ieu carpon nyaéta ngeunaan kaayaan rumah tangga nu papisah lantaran istrina gabug. Judul dipatalikeun jeung téma ku pangarang nu nyaritakeun kaayaan rumah tangga palaku utama jeung kumaha rasa cinta na palaku utama ka mantan salakina jeung budak nu diadopsina.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Galur dina ieu carpon nyaéta ngagunakeun galur campuran. Dina unggal galurna teu leupas tina rasa cinta nu dipiboga ku palaku utama. Saluyu jeung judul carpon nyaéta cinta.

Tokoh jeung panokohan dina ieu carpon teu leupas tina judul nu digunakeun dina carpon. Lantaran ngaran tokoh utama dijadikeun judul ku pangarang.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Puseur implengan mangrupa gaya nyarita nu digunakeun pikeun nyaritakeun kabeh kajadian, palaku, tempat jeung unsur lianna ngagunakeun gaya pangarangna sorangan. Dina ieu carita ngagunakeun puseur implengan jalma katilu, nu nyaritakeun eusi sakabeh carita tokoh saluyu jeung judul nu digunakeun.

4.1.1.2 Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” Karya Rin Riani

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu carpon téh nyaritakeun ngeunaan kahirupan asmara hiji wanoja nu bogoh ka salaki batur. Ieu rusiah téh nu apal saukur manéhna, indungna, jeung lalakina. Enéng disebutna, manéhna cicing jeung indungna da bapana geus tilar dunya, boga adi lalaki tilu. Enéng digawé nu ceuk batur mah kaitung geunah gawéna. Di tempat gawéna Enéng wawuh jeung ieu lalaki nu dipikabogohna, Kang Munandar. Éta lalaki téh atasanna nu teu weleh sok mantuan Enéng dina pagawéan. Ku lantaran mindeng panggih ogé ngobrol. Duanana jadi miboga rasa, perhatian jeung bélang Kang Munandar téh euweuh tandinganana, nyumponan sagala kahayang jeung pangabutuh. Tapi, Kang Munandar téh geus boga kulawarga.

Indung Enéng nu sadar kana hubungan anakna jeung atasanana nu beuki ka dieu beuki katempo béda, tuluy ngélingan anakna sangkan sadar yén kalakuanna téh teu hadé. Umur Enéng jeung anakna nu cikal téh teu béda jauh. Nya matak Enéng mah asa boga bapa deui dipikanyaah ku Kang Munandar téh. Unggal aya urusan kantor ka luar kota, Enéng pasti dibawa nepi ka beuki palid kana kasenangan dunyana. Nepi ka kahariwang indungna nu salila ieu kajadian, Kang Munandar geus ngarebut kahormatan harga diri Enéng. Enéng beuki teu bisa jeung teu hayang leupas ti Kang Munandar. Tapi, Kang Munandar teu bisa ninggalkeun kulawargana, hubungan Kang Munandar jeung Enéng saukur jadi simpenan hungkul teu bisa leuwih.

Sikep Kang Munandar ka Enéng teu robah, tapi sabalikna, sikep Enéng nu robah. Tapi haténa keukeuh hayang Kang Munandar. Nepi ka sataun katukang, bojona Kang Munandar ngantunkeun, Enéng jadi boga harépan deui sugan dikawin ku Kang Munandar. Komo nalika Kang Munandar aya deui nga-WA ngajak tuang ka Maranggi. Tapi nalika ditanyakeun ku Enéng naha moal laki rabi deui, Kang Munandar ngajawab moal. Hal éta nu ngabalukarkeun Enéng nyeri deui haténa. Lantaran miboga harépan deui sugan Kang Munandar daék ngawin, ari pék henteu. Enéng sadar jeung rumasa yén salila ieu manéhna aya dina jalan anu salah, salah teu ngadengekeun omongan nu jadi indung.

Dumasar ringkesan carita di luhur satuluyna dianalisis struktur caritana anu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Hasil analisis strukturalna nyaéta ieu di handap.

a) **Téma Carita**

Téma carita anu judulna “Kagémbang Kalangkang Heulang” nyaéta nyaritakeun kahirupan wanoja nu jadi salingkuhan seniorna di kantor nu nepi ka iraha waé gé teu bisa ngahiji.

Harita manéhna atasan kuring, nu jadi dalit ku urusan pagawéan. Meureun keuna paribasa, kalah ku deukeut jadi geugeut. Pikir bet poék, teu noli kaayaan manéhna nu geus rumah tangga, teu beunang diélingan, teu ngagugu ka Mamah nu nangis mépélingan.

(KKH/KU2/KC8)

“Atuh kantun milari deui, nu kersa ngaréncangan bari babakti. Da tangtos seueur nu miharep.” Kuring ngolongan, pédah asa aya jalan.

“Ah, duka Néng. Asa mending kieu wé Akang mah.”

(KKH/KU2/KC12)

b) **Fakta Carita**

Dina fakta carita téh dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita, watek palaku, jeung latar carita. Hasil analisisna nyaéta ieu di handap.

1) **Galur carita**

Galur dina carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” téh nyaéta galur campuran. Anu caritana dimimitian atawa dibuka ku galur maju anu nyaritakeun mangsa nu keur disorang ku Enéng, salaku palaku utama. Dina tengah carita, aya nyabit-nyabit nyaritakeun kajadian baheula ngeunaan hubunganna jeung seniorna sarta pangéling indungna. Dina akhir carita nyaritakeun deui kahirupan anu keur disorang, papanggih deui jeung Kang Munandar. Tahapan tina galur nu aya dina carita bisa dititénan tina cutatan di handap.

(a) **Tahap Situation**

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina tahap *situation* nyaritakeun Enéng nu kakara bérés bébénah imah, nyeuseuh, jeung masak meunang WA ti Kang Munandar.

Pukul sapuluh, kakara bérés popoé. Ti isuk nyeuseuh mah, ngan bari kaselang-selang bébérés jeung saksak-siksik.

Kop kanah HP, bray dititénan dipapay. Aya japri hiji, ti Kang Munandar.

(KKH/KU2/KC7)

(b) Tahap *Generating Circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun Enéng mimiti wawuh jeung Kang Munandar di tempat gawé salaku atasanna, lantaran dalit dina urusan gawé. Maranéhna jadi deukeut teu sawajarna.

Harita manéhna atasan kuring, nu jadi dalit ku urusan pagawéan. Meureun keuna paribasa, kalah ku deukeut jadi geugeut. Pikir bet poék, teu noli kaayaan manéhna nu geus rumah tangga, teu beunang diélingan.

(KKH/KU2/KC8)

(c) Tahap *Rising Action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun indungna mépélingan Enéng. Tapi ku Enéng teu dipaliré lantaran geus kabawa ku kasenangan dunya.

Mamah nalék kuring, satekah polah mépélingan sangkan kuring sadar yén kalakuan kuring téh teu hadé. Lian ti Kang Munandar geus boga kulawarga téh, pan dina umur gé sakitu ganjorna.

Kuring neugtreug teu maliré papagah Mamah.

(KKH/KU2/KC9)

(d) Tahap *Climax*

Dina tahap *climax* nyaritakeun Enéng jeung Kang Munandar kamalinaan ngerempak papagon. Néng ménta tanggung jawabna Kang Munandar. Tapi, Kang Munandar teu bisa ninggalkeun kulawargana.

Ngahaja, mun aya urusan kantor ka luar kota, kuring nu sok dibabawa. Kuring beuki palid kana kasenangan dunya, dipupujukkeun sagala rupa. Nepi ka naon nu dipikahariwang ku Mamah, kajadian, kuring jeung Kang Munandar kamalinaan, tigebrus ngarempak papagon.

(KKH/KU2/KC9)

“Sing tingtrim, Néng. Keun waé urang mah kieu wé. Pokona mah, Akang moal ninggalkeun. Bakal tetap mikanyaah nepi ka iraha waé gé, satungtung Enéng suka. Enéng sing narima kana kanyataan, Akang moal bisa ninggalkeun kulawarga.”

(KKH/KU2/KC10)

(e) Tahap *Denouncement*

Dina tahap *denouncement* nyaritakeun Néng nu kuciwa, lantaran jawaban Kang Munandar teu saluyu jeung harepanna. Ti dinya Néng inget tur sadar kamelang indungna baheula.


Leng tetempoan asa pararoék, samagaha sosorangan. Nyeri lain dikieuna ku kekecapan Kang Munandar, haté nu kungsi rengat, ayeuna bubuk sapisan.


(KKH/KU2/KC12)

Mamah, hapunten Enéng. Enéng ngalalaworakeun panggeuing Mamah harita. Nongtoréng kénéh kamelang Mamah harita, sieun Enéng kagémbang kalangkang heulang.

(KKH/KU2/KC13)

Gambaran tahapan galur dina carpon *Kagémbang Kalangkang Heulang* nya éta ieu di handap.





Bagan 4.2

Tahapan Galur Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika Enéng jeung Kang Munandar kamalinaan. Kang Munandar teu bisa tanggung jawab lantaran teu bisa ninggalkeun kulawargana.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika Enéng nyeri haté hayang indit atawa pindah gawé tapi teu apal kudu ka mana. Manéhna ngabayangkeun indungna bakal sedih kuciwa mun apal Enéng kaluar gawé.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika Enéng nu nyeri haté kuciwa deui ku obrolan manéhna jeung Kang Munandar ngeunaan rumah tangga, nu ahirna Néng indit balik ti heula. Néng rumasa aya dina jalan nu salah, tapi didieu teu apal kahareupna naha Enéng panggih deui jeung lalaki nepi ka nikah atawa henteu.

2) Palaku carita

Palaku anu aya dina carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” bisa ditingali dina tabél di handap.

Tabél 4.2
Palaku Carita “Kagémbang Kalangkang Heulang”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Enéng	√		√	
2.	Mamah		√	√	
3.	Kang Munandar		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” nyaéta Enéng. Enéng salaku palaku utama anu aya dina unggal runtuyan kajadian carita ti awal nepi ka akhir carita. Palaku tambahan dina ieu carpon aya dua nya éta Mamah jeung Kang Munandar, anu dicaritakeun saliwat ku pangaran kumaha kajadian nu aya ngaran Mamah jeung Kang Munandar.

b) Watek palaku

Watek palaku anu baris dianalisis nya éta Enéng, jeung Kang Munandar. Watek unggal palaku kapanggih dina caritaan naskah pangarang, aya ogé anu kagambar

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tina dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan di handap.

a) Enéng

Ieu di handap mangrupa hasil analisis watek palaku dina carita.

(1) Rajin

Ti isuk nyeuseuh mah, ngan bari kaselang-selang bébérés jeung saksak-siksik. Kawas sasari, ari Saptu mah sok ngahaja masak.

(KKH/KU2/KC7)

(2) Heuras/neugtreug

Teu ngagugu ka Mamah nu nangis mépélingan. Neugtreug mawa karep sorangan.

(KKH/KU2/KC8)

(3) Nutup diri

Nguluwut jeung resep nyorangan. Teu bisa muka haté pikeun babaturan lalaki nu boga maksud mikanyaah.

(KKH/KU2/KC10)

(4) Nyaah/ngabakti ka kolot (indungna)

Ngarah laluasa ngurus Mamah pikir téh, da adi-adi mah lalaki, Mamah teu ludeung ngandelkeun minantu. Tinekenan, dugi ka pupusna, Mamah tetep jeung kuring.

(KKH/KU2/KC10)

b) Mamah

Ieu di handap mangrupa hasil analisis watek palaku dina carita.

1) Ngélingan

Teu ngagugu ka Mamah nu nangis mépélingan.

(KKH/KU2/KC8)

Mamah nalék kuring, satekah polah mépélingan sangkan kuring sadar yén kalakuan kuring téh teu hadé.

(KKH/KU2/KC9)

2) Paduli ka kulawarga

Mamah teu kungsi rumah tangga deui, teu kersa nérékeun da bisi teu nyaaah ka barudak majar téh.

(KKH/KU/KC8)

c) Kang Munanadar

Ieu di handap mangrupa hasil analisis watek palaku dina carita.

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Bageur

Kang Munanadar salilana jadi pahlawan dina kasusah kuring, tina urusan gawé nepi ka urusan materi. Taya kahayang nu teu cumpon, taya kabutuh nu teu katedunan.

(KKH/KU2/KC9)

2) Perhatian

Kang Munandar méré perhatian nu leuwih ti sakadar ka bawahan, sanajan tara pok ngedalkeun jangji nanaon.

(KKH/KU2/KC8)

Geus puguh perhatian jeung bélana mah, kacida matak tibelatna.

(KKH/KU2/KC9)

3) Jalir jangji

“Sing tingtrim, Néng. Keun waé urang mah kieu wé. Pokona mah, Akang moal ninggalkeun. Bakal tetep mikanyaah nepi ka iraha waé gé, satungtung Enéng suka. Enéng sing narima kana kanyataan, Akang moal bisa ninggalkeun kulawarga.”

(KKH/KU2/KC10)

3) Latar

Latar anu dianalisis dina carita “Cinta” nya éta latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) Latar waktu

Latar waktu anu kapaluruh dina carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” téh aya latar waktu nu nuduhkeun titimangsa nyaéta pukul sapuluh, Sabtu, bada lohor, jeung ayeuna. Tuluy aya latar durasi waktu nu tangtu nyaéta sababaraha jam, lima belas taun, ti taun ka taun, sapuluh taun, jeung taun kamari.

Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa dina carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” nyaéta ieu di handap.

1) Pukul sapuluh

Pukul sapuluh, kakara bérés popoé.

(KKH/LW/KU2/KC7)

2) Saptu

Kawas sasari, ari Saptu mah sok ngahaja masak.

(KKH/LW/KU2/KC7)

3) Bada lohor

“Bada lohor wé”

(KKH/LW/KU2/KC8)

4) Ayeuna

Nyata ayeuna mah, karaos seukeutna naluri indung.

(KKH/LW/KU2/KC13)

Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu dina carita

“Kagémbang Kalangkang Heulang” nyaéta ieu di handap.

1) Sababaraha jam

Sababaraha jam HP teu dibuka, moal teu ngantay WA ti ditu ti dieu.

(KKH/LW/KU2/KC7)

2) Lima belas taun

Lima belas taun ka tukang mimiti panggih jeung Kang Munandar téh, saprak meunang gawé sakantor jeung manéhna.

(KKH/LW/KU2/KC8)

3) Ti taun ka taun

Ti taun ka taun, hubungan kuring beuki raket.

(KKH/LW/KU2/KC9)

4) Sapuluh taun

Waktu terus muter, sapuluh taun kuring kuat nahan diri.

(KKH/LW/KU2/KC10)

5) Taun kamari

Nepi ka taun kamari, bojo Kang Munandar ngantun kasarad covid.

(KKH/LW/KU2/KC11)

2) Latar tempat

Latar tempat anu aya dina carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” nya éta kamar, Maranggi, di villa, di kantor, teras, di lanté dua. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun hasil analisis latar tempat.

1) Kamar

Léos ka kamar, inget ti los ka dapur teu muka HP.

(KKH/LT/KU2/KC7)

2) Maranggi

Urang makan yu, ka Maranggi.

(KKH/LT/KU2/KC8)

3) Di villa

Kacipta kénéh, di villa nu éndah tur camperenik.

(KKH/LT/KU2/KC9)

4) Di kantor

Rada kerep deui tepung jeung manéhna di kantor, lingsig awakna mah.

(KKH/LT/KU2/KC11)

5) Teras

Geuwat muru panto hareup, kasampak Kang Munandar geus diuk dina korsi teras

(KKH/LT/KU2/KC11)

6) Di lanté dua

Anjog ka nu dijugjug, manéhna milih tempat di lanté dua.

(KKH/LT/KU2/KC11)

3) Latar sosial

Latar sosial nu kapaluruh dina carita nyaéta latar sosial handap ka menengah, tokoh Enéng jeung kulawargana ti kalangan rendah, jadi menengah nalika Enéng boga gawé sarta panggih jeung Kang Munandar. Ieu di handap cutatan hasil analisisna.

Kaayaan kuring harita nu keur meumeujeuhna sagala hayang kacumponan, boh kabutuh lahir boh kabutuh batin. Digatedékeun ku indung nu hésé béléké ngurus jeung ngabayuan kuring katillu adi, saprak bapa tilar, mangsa kuring jeung adi-adi burey kénéh.

(KKH/LS/KU2/KC8)

Kang Munandar salilana jadi pahlawan dina kasusah kuring, tina urusan gawé nepi ka urusan materi. Taya kahayang nu teu cumpon, taya kabutuh nu teu katedunan.

(KKH/LS/KU2/KC9)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” nya éta judul jeung puseur implengan. Hasil analisisna nya éta saperti dina pedaran satuluyna.

a. Judul

Judul carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” anu hartina kagoda ku nu can tangtu dipiboga ku urang masih kénéh bayang-bayang moal katépi, saluyu jeung eusi carita nu dijieun ku pangarang. Lantaran, kahayang Enéng palaku utama, nikah jeung Kang Munandar. Tapi, éta hal teu bisa dilakukeun sabab Kang Munandar leuwih milih kulawargana. Nalika pamajikanana pupus ogé Kang Munandar teu boga niatan pikeun nikah deui. Ieu di handap hasil analisis dina carita.

“Sing tingtrim, Néng. Keun waé urang mah kieu wé. Pokona mah, Akang moal ninggalkeun. Bakal tetep mikanyaah nepi ka iraha waé gé, satungtung Enéng suka. Enéng sing narima kana kanyataan, Akang moal bisa ninggalkeun kulawarga.”

(KKH/KU2/KC10)

“Ah, duka Néng. Asa mending kieu wé Akang mah.”
 “Riwuh, Néng. Geura mun boga pamajikan deui téh.”

(KKH/KU2/KC12)

b. Puseur implengan

Dina carita “Kagémbang Kalangkang Heulang” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji. Lantaran pangarang nuliskeun palaku utama maké kecap ‘kuring’ pikeun nyaritakeun kajadian jeung masalah nu keur karandapan ti awal nepi ka ahir carita. Ieu di handap cutatan hasil analisis dina carita.

Kaayaan kuring harita nu keur meumeujeuhna sagala hayang kacumponan, boh kabutuh lahir boh kabutuh batin.

(KKH/KU2/KC8)

Kuring beuki palid kana kasenangan dunya, dipupujukkeun sagala rupa.

(KKH/KU2/KC9)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Kagémbang Kalangkang Heulang”. Nu saterusna dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Téma dina ieu carpon nyaéta kahirupan asmara wanoja nu jadi salingkuhan tapi teu bisa ngahiji. Patali jeung harti tina judul carpon nu miboga harti kagoda ku nu can tangtu bakal jadi milik urang, sarta moal katepi.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Dina ieu carpon ngagunakeun galur campuran, pangarang nepikeun judul ngaliwatan carita nu aya dina galur mundur (*flashback*) jeung galur maju di ahir. Dina mangsa keur bobogohan kénéh, sarta nalika Néng panggih deui jeung Kang Munandar.

Tokoh jeung panokohan dina ieu carpon, Enéng salaku tokoh utama nu ngawasa eusi carpon digambarkeun ku watek nu heuras teu maliré kana omongan indung. Antukna jadi siga ngudag kalangkang heulang, ngarepkeun nu teu mungkin bisa kalaksana saluyu jeung judul carpon.

Judul nu digunakeun téh bisa rélévan jeung eusi caritana lantaran aya latar dina eusi carita. Saperti latar waktu, tempat, jeung sosial nu bisa ngagambarkeun kaayaan carita, sangkan bisa ngahirupkeun carita. Contona nalika di lanté dua ngobrol jeung Kang Munandar, ngabalukarkeun Néng sadar yén manéhna memang teu bisa ngahiji jeung Kang Munandar.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Judul carpon nu digunakeun upama dipatalikeun jeung puseur implengan mah rakét patalina. Lantaran dina ieu carita ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji, pangarang maké kecap ‘kuring’. Jadi, asa palaku utama nu nyaritakeun kajadian nu karandapan ku manéhna saluyu jeung judul lir nu kagémbang kalangkang heulang.

4.1.1.3 Carpon “Natratna Duriat” Karya Ati Amiati Sadeli

Ieu carpon nyaritakeun ngeunaan kahirupan hiji randa nu diajak rarabi deui. Sinta ngaranna, bingung kumaha ngajawab ajakan Kang Sodak, dina haténa mah teu hayang deui malah mah teu boga niat rék rarabi deui, rumasa geus kolot. Utamana mah haténa masih keneh cinta ka salakina nu geus maot. Maot sabab gering kanker. Geus rék sapuluh taun Sinta rarandaan, tapi angger haténa mah keur Rahadi salakina nu maot téa.

Kang Sodak keukeuh hayang hirup babarengan, geus bogoh jeung cinta ka Sinta téh ti baheula, tapi kapiheulaan ku Rahadi. Sinta teu percaya kitu waé kana omongan Kang Sodak. Kang Sodak rék datang ka imahna Sinta bari mawa hadiah cenah. Tapi angger haté Sinta mah teu babari kabeuli, da angger nyantél pageuh dina haténa mah Rahadi. Ngarasa hianat upamana Sinta narima deui lalaki séjén pikeun dijadikeun salaki. Hirup geus rumasa sagala cukup tina titinggal salaki, budakna geus rarabi duanana. Nu dipikiran ku Sinta mah tinggal ibadah sing getol jeung jongjon, kahayangna ayeuna ukur hiji nya éta babarengan deui jeung salakina di alam pawenangan.

Nu jangji rék datang téh jolna pukul opat soré, tapi nu datangna téh Pa Nurja (asisten pribadina) nepikeun yén Kang Sodak teu bisa datang, lantaran aya rapat. Pa Nurja saukur mikeun surat ti dununganana keur Sinta. Eusi suratna mah teu jauh tina kahayangna Kang Sodak pikeun ngahiji jeung Sinta. Sabada Sinta maca éta surat, Kang Sodak nelepon pikeun nanyakeun jawaban Sinta. Saacan Sinta ngabereskeun omonganana jol téh dipungkas ku Kang Sodakna, siga nu apal yén Sinta téh moal bisa narima panglamar manéhna.

Dumasar ringkesan carita di luhur satuluyna dianalisis struktur caritana anu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Hasil analisis strukturalna nyaéta ieu di handap.

a) Téma Carita

Téma carita nu judulna “Naratna Duriat” nyaéta kasatiaan pamajikan ka salakina nu geus maot nu teu boga niat keur nikah deui. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun téma caritana.

Saenyana harita gé jawaban kuring téh geus tandes, yén taya niat rék rarabi deui. Loba alesan mah, malah dicaritakeun ka manéhna ge. Kahiji ngarasa geus kolot, umur geus rék tujuh puluh taun. Karunya ka barudak. Heug si Cikal rék minantuan. Kacipta éraeunana, indungna panganténan kawas nu papaheula jeung incu. Ari alesan nu utama mah, ieu haté teu bisa pegat, inget baé ka jenatna Kang Rahadi, salaki nu kungsi hirup babarengan leuwih ti satengah abad lilana. Nu pajar cinta kuring moal laas, iwal kapegat ku pati, teu sigana.

(ND/KU3/KC15)

b) Fakta Carita

Dina fakta carita téh dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita, watek palaku, jeung latar carita. Hasil analisisna nyaéta ieu di handap.

1) Galur

Galur dina carita “Naratna Duriat” nyaéta galur campuran. Anu caritana dimimitian ku galur maju anu nyaritakeun palaku utama, Sinta nu hésé saré mikiran kumaha méré jawaban ka Kang Sodak ngeunaan ajakan kawin. Sinta miboga niat keur nolak éta ajakan. Lantaran masih kénéh inget sarta rasa cinta jeung kanyaahna teu bisa leungit kitu waé ka jenat salakina. Di tengah-tengah carita maké galur mundur, di dieu nyaritakeun kumaha baheula Sinta jeung salakina nepi bisa kawin, tuluy ditinggalkeun maot. Dina akhir carita, balik deui maké galur maju anu nyaritakeun Sinta méré jawaban ka Kang Sodak ngeunaan ajakan kawin, Sinta teu narima éta ajakan.

(a) Tahap *Situation*

Dina tahap *situation* nyaritakeun Sinta nu keur bingung pikeun méré jawaban diajak hirup babarengan ku Kang Sodak.

Geus sababaraha peuting kuring hésé saré. Ngan mikiran nu hiji, kumaha méré jawaban ka Kang Sodak.

(ND/KU3/KC15)

Tapi Kang Sodak angger keukeuh, hayang hirup babarengan, méakkeun sésa hirup, pokna.

(ND/KU3/KC16)

(b) Tahap *Generating Circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun Sinta anu inget ka cinta jeung kanyaahna Rahadi baheula, nu teu bisa digantikeun ku saha waé.

Kacinta kanyaah Rahadi geus karas ati jaman rumaja kénéh.

(ND/KU3/KC16)

Kudu tegas engké téh, yén duriat ka Kang Rahadi, natratna kénéh dina dada. Cinta moal bisa dipaksakeun, duriat angger ajeg ka saurang.

(ND/KU3/KC17)

(c) Tahap *Rising Action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun Kang Sodak nelepon ka Sinta, rék datang ka imah Sinta jam hiji, sarta rék méré hadiah keur Sinta.

Kadéngé sora HP disada. Basa dipencét, ti Kang Sodak. Cenah rék ka imah téh jam hiji, rérés nguruskeun perusahaanana. Aya nu kudu dibébérés cenah.

Maké jeung diimplik-implikan, aya hadiah keur kuring cenah. Teu sing régrog pamadegan téh. Angger kuring moal hayang kawin deui.

(ND/KU3/KC17)

(d) Tahap *Climax*

Dina tahap *climax* nyaritakeun Pa Nurja anu datang ka imah Sinta anu dititah ku Kang Sodak mérékeun surat, lantaran Kang Sodak teu bisa datang aya rapat.

Tuluy Kang Sodak nelepon deui ka Sinta, Sinta mérékeun jawaban ka Kang Sodak.

“Sumuhun, Abdi téh dijurungan ku Bapa, saurna hapunten teu tiasa ka dieu, Margi teu tiasa ngantunkeun rapat sareng para pemilik saham.”

Teu lila manéhna nelepon kana telepon imah. Henteu papanjangan cenah ngan hayang jawaban surat téa.

“Tos, tos, tong diteraskeun. Akang malum,” cenah. Telepon ditutup.

(ND/KU3/KC19)

(e) Tahap *Denouement*


Dina tahap *denouement* nyaritakeun Sinta anu lega kana masalah Kang Sodak, diuk ngarérét ka potrét manéhna jeung salakina baheula nalika balik ti Tanah Suci.

Kuring ngarénghap, gék diuk dina korsi ruang tengah.

Rét deui kana potrét kuring keur duaan jeung almarhum, basa mulang ti Tanah Suci.

(ND/KU3/KC19)

Gambaran tahapan galur dina carpon *Natratna Duriat* nya éta ieu di handap.



Bagan 4.3

Tahapan Galur Carpon “Natratna Duriat”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika Sinta diajak nikah deui ku Kang Sodak, tapi Sinta teu boga niat keur nikah deui. Sinta bingung kumaha cara nepi keun penolakanna.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika Sinta ngabayangkeun sakumaha érana anak jeung incuna upama indungna nikah deui.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika Sinta geus nepikeun moal bisa narima lamaran Kang Sodak, tuluy manéhna cicing diuk dina korsi di tengah imah. Bari nempokeun foto jeung salakina nalika balik ti Tanah Suci.

2) Palaku Carita

Palaku anu aya dina carita “Natratna Duriat” bisa ditingali dina tabél di handap

Tabél 4.3
Palaku Carita “Natratna Duriat”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Sinta	√		√	
2.	Kang Rahadi		√	√	
3.	Kang Sodak		√	√	
4.	Pa Nurja		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carita “Natratna Duriat” nyaéta Sinta. Sinta salaku palaku utama anu aya dina unggal kajadian carita ti awal nepi ka akhir carita. Palaku tambahan dina ieu carpon nyaéta aya Kang Rahadi, Kang Sodak jeung Pa Nurja. Palaku tambahan Kang Rahadi, ukur dicaritakeun ku pangarang ngaliwatan puseur implengan Sinta nu nyaritakeun kumaha salakina baheula ka manéhna.

b) Watek palaku

Watek palaku anu baris dianalisis nya éta Sinta, Kang Rahadi, Kang Sodak, jeung Pa Nurja. Watek unggal palaku kapanggih dina caritaan naskah pangarang, aya ogé anu kagambar tina dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan di handap.

1) Sinta

1) Teu tégaan atawa teu wanian

Tapi angger ari rasa hamham mah marengan. Inggis ku bisi rémpan ku sugan. Alesan mah geus nyampak, ngan naha wani kuring nyarita sabalakana.

(ND/KU3/KC15)

2) Panceg dina kaputusan

Saenyana harita gé jawaban kuring téh geus tandes, yén taya niat rék rarabi deui.

(ND/KU3/KC15)

3) Satia

Nu pajar cinta kuring moal laas, iwal kapegat ku pati, teu singna.

(ND/KU3/KC15)

Kuring ngaharéwos, moal aya nu ngaganti dirina. Katémbong cipanonna ngeclak, basa ku kuring di cium embun-embunanana. Unggal inget ka dinya, unggal ngagedur rasa sana jeung cinta ka salaki. Asa hianat mun téa mah kuring narima lalaki séjén pikeun gaganti manéhna. Kuring moal jalir.

(ND/KU3/KC17)

Nu diteda téh taya deui iwal hayang babarengan deui jeung salaki, di alam pawenangan.

(ND/KU3/KC18)

2) Kang Rahadi

1) Pasrah

Cék manéhna bisi aya nu ti heula, pék waé tampi. Manéhna mah tumamprak kana kadar.

(ND/KU3/KC16)

2) Béla ka pamajikan / tanggungjawab

Padahal tempat gawé jeung imah kuring téh jauh pisan, misah propinsi. Tapi, manéhna geus némbongkeun tanggungjawabna ka kuring.

(ND/KU3/KC17)

3) Satia

Kang Rahadi ngajanteng di gigireun ranjang, nyekel leungeun ngabantuan kuring ngalahirkeun jabang bayi.

(ND/KU3/KC17)

3) Kang Sodak

1) Heuras

Tapi, Kang Sodak anggeur keukeuh, hayang hirup babarengan, méakkeun sésa hirup, pokna.

(ND/KU3/KC16)

4) Pa Nurja

1) Amanah

“Sawios Bu, da moal lami. Ieu wé nyanggakeun serat ti anjeunna, haturan Ibu.” Cék manéhna, bari terus nangtung mikeun surat.

(ND/KU3/KC19)

3) Latar

Latar anu dianalisis dina carita “Natratna Duriat” nya éta latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) Latar waktu

Latar waktu anu kapaluruh dina carita “Natratna Duriat” aya latar waktu anu nuduhkeun titimangsa saperti poé ieu, pukul dalapan, jam hiji, pukul opat soré jeung Asar. Aya ogé latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

saperti sapuluh taun, taun kalima, jeung tilu poé. Sarta aya latar waktu anu nuduhkeun waktu nu teu tangtu saperti sababaraha peuting, jeung sakitu puluh taun.

Ieu di handap cutatan tina carita ngeunaan latar waktu anu nuduhkeun titimangsa.

1) Poé ieu

Da manéhna geus nangtukeun poé ieu hayang narima jawaban
(ND/LW/KU3/KC15)

2) Pukul Dalapan

Geus pukul dalapan.
(ND/LW/KU3/KC17)

3) Jam hiji

Cenah rék ka imah téh jam hiji, rérés nguruskeun perusahaanana.
(ND/LW/KU3/KC17)

4) Pukul opat soré

Nu pajar rék jam hiji téh, Kang Sodak kakara ngurung pukul opat soré.
(ND//LW/KU3KC18)

5) Asar

Kuring kakara rérés Asar, kadéngé nu uluk salam.
(ND/LW/KU3/KC18)

Ieu di handap cutatan tina carita ngeunaan latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu.

1) Sapuluh taun

Kanyataanana geus rék sapuluh taun, ngaranna, pameunteunna, sorana, seurina, angger napel dina sanubari.
(ND/LW/KU3/KC16)

2) Taun kalima

Taun kalima mah pleng waé tara nyuratan.
(ND/LW/KU3/KC16)

3) Tilu poé

Ménta cuti tilu poé keur mantuan kuring.

(ND/LW/KU3/KC17)

Ieu di handap cutatan tina carita ngeunaan latar waktu anu nuduhkeun waktu nu teu tangtu

1) Sababaraha peuting

Geus sababaraha peuting kuring hésé saré.

(ND/LW/KU3/KC15)

2) Sakitu puluh taun

Sakitu puluh taunna hirup babarengan, can kungsi aya kakurang.

(ND/LW/KU3/KC18)

2) Latar tempat

Latar tempat anu kapaluruh dina carita “Naratna Duriat” téh aya di teras imah, di rumah sakit, jeung ruang tengah.

Ieu di handap cutatan tina carita anu nuduhkeun latar tempat.

1) Di teras imah

Peuting panungtungan, ngobrol di teras imah kuring.

(ND/LT/KU3/KC16)

2) Di rumah sakit

Tapi basa dibéjaan kuring geus di rumah sakit.

(ND/LT/KU3/KC17)

3) Ruang tengah

Kuring ngarénghap, gék diuk dina korsi ruang tengah.

(ND/LT/KU3/KC19)

3) Latar sosial

Latar sosial anu aya dina ieu carita nyaéta latar sosial menengah jeung luhur, tokoh Sinta ti kalangan menengah jeung Kang Sodak ti kalangan luhur. Latar sosial ieu aya dina cutatan carita di handap.

Cék saréréa kuring téh hirup senang. Keuna kana paribasa indit henteu hésé jig, dahar henteu hésé am, paké henteu hésé rap. Sagalana dicukup ku salaki. Henteu kungsi kasebut beurat beunghar, tapi can nyorang ka susah. Sajungna disaur ku

Nu Kagungan, kuring geus dibahanan tabungan, mangrupa tanah jeung sawah di sababaraha lembur.

(ND/LS/KU3/KC18)

Harita gé manéhna nyorocos nyaritakeun perusahaanana nu cenah beuki gedé beuki loba cabangna.

(ND/LS/KU3/KC19)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carita “Natratna Duriat” nya éta judul jeung puseur implengan. Hasil analisisna nya éta ieu di handap.

a. Judul

Judul carita “Natratna Duriat” anu upama dihartikeun mah nyaéta miboga rasa cinta sarta rasa nyaah anu jelas ukur ka saurang. Saluyu jeung eusi carita nyaéta nu nyaritakeun kumaha rasa cinta jeung nyaahna ka jenat salakina, sakumaha aya nu ngajak kawin deui gé anjeunna nolak. Lantaran kanyaahna jelas ukur ka jenat salakina baheula.

“Ari alesan nu utama mah, ieu haté teu bisa pegat, inget baé ka jenatna Kang Rahadi, salaki nu kungsi hirup babarengan leuwih ti satengah abad lilana.”

(ND/KU3/KC15)

“Unggal inget k adinya, unggal ngagedur rasa sana jeung cinta ka salaki. Asa hianat mun téa mah kuring narima lalaki séjén pikeun gaganti manéhna. Kuring moal jalir.”

(ND/KU3/KC17)

b. Puseur implengan

Dina carita “Natratna Duriat” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji. Lantaran pangarang nuliskeun palaku utama maké kecap ‘kuring’ pikeun nyaritakeun kajadian jeung masalah nu keur karandapan ti awal nepi ka ahir carita. Ieu di handap cutatan hasil analisis dina carita.

“Tadina mah kuring rék ngéléhan, tapi basa katémbong cintana Rahadi leuwih loba ka kuring, batan ka nu séjén, haté mimiti keukeuh hayang mertahankeun.”

(ND/KU3/KC16)

“Cék saréréa kuring téh hirup senang.”

(ND/KU3/KC18)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Natratna Duriat”. Nu saterusna bisa dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Téma dina ieu carpon nyaéta ngeunaan kasatiaan cintana pamajikan ka salaki nu geus maot. Saluyu jeung judul nu digunakeun dina carita, nu miboga harti rasa cinta jeung nyaahna jelas ukur ka saurang.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Galur campuran nu digunakeun dina ieu carpon jadi jalan pikeun nepikeun kasaluyuan judul jeung eusi carita. Ngaliwatan galur nu maju mundur, pangarang nepikeun judul. Saperti nalika Sinta keur bingung kana jawaban manéhna ka Kang Sodak, lantaran rasa cinta na natrat ka Kang Rahadi.

Tokoh jeung panokohan dina ieu carpon, Sinta salaku tokoh utama nu ngawasa eusi carita nu digambarkeun ku watek nu satia ka hiji jelema. Nu mana panokohana téh saluyu jeung judul nu digunakeun dina carpon.

Judul nu digunakeun téh bisa rélévan jeung eusi caritana lantaran aya latar dina eusi carita. Saperti latar waktu, tempat, jeung sosial nu bisa ngagambarkeun kaayaan carita, sangkan bisa ngahirupkeun carita. Contona dina latar waktu nu geus rék sapuluh taun ditinggalkeun ku salakina, nuduhkeun Sinta masih kénéh cinta ka salakina. Pati teu jadi hahalang keut natratna duriat Sinta ka salakina.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Puseur implengan jalma kahiji nu digunakeun ku pangarang dina ieu carpon téh rakét patalina jeung judul carponna. Palaku utama nu nyaritakeun kabeh kajadian nu aya dina carita saluyu jeung naon nu karandapan ku manéhna ogé yén rasa cinta nu dipibogana keur ka saurang.

4.1.1.4 Carpon “Balakaciut” Karya Yooke Tjuparmah S

Ieu carpon nyaritakeun ngeunaan hiji lalaki anu bogoh ka awéwé ti baheula, tapi kapiheulaan ku babaturanana. Kang Jojo ngaranna, nu bogoh ka Salsa. Kang Jojo meunang béja yén salakina Salsa, Kang Dartta téh maot. Kang Jojo hayang nepungan Salsa, meunang alamatna ti Emy sobat Salsa keur kuliah. Nalika Kang Jojo nepi ka imah Salsa, kasampak Salsa keur cingogo nyabutan jukut-jukut laleutik. Tapi, balakaciut nu jangkungna sajeungkal teu dicabutan, diantep baé najan ngaheurinan tangkal suuk. Tapi balakaciut anu geus jangkung mah dicabutan, tuluy disimpen digundukkeun di kénca keur parab lauk, sésana mah disiksikan laleutik diawurkeun keur parab hayam.

Baheula, Kang Jojo jeung salsa sok ngabring ka gunung, Salsa sok nyabut pibiniheun keur dibawa. Salsa ogé sok ngalung-ngalungkeun sisikian kana gawir bari digorowokeun “geura jadi. Engké dilongok deui,”. Salsa sok atoh mun manggih tutuwuhan balakaciut téh. Nalika Salsa nangtung sanggeus nyabutan jukut, manéhna reuwas nempoeun Kang Jojo. Tuluy diajak waé ka imahna. Salsa loba nanya ngeunaan pamajikan jeung budak Kang Jojo, bangun teu apaleun yén Kang Jojo can kawin. Salsa ninggalkeun Kang Jojo di tengah imah, Kang Jojo nempoan foto nu aya di éta tengah imah. Nalika nempo foto Kang Dartta, Kang Jojo jadi inget yén baheula téh manéhna keur ngadeukeutan Salsa nalika keur jadi mahasiswa nepi ka ahirna Kang Jojo nyieun proposal proyek tugas akhir kuliah tuluy sidang sarjana. Tapi Kang Jojo teu jadi kawin ka Salsa, lantaran kaburu ku Kang Dartta. Antukna, Kang Jojo aktif dina sagala kagiatan.

Nalika nyaho Salsa rarandaan geus lima taun, Kang Jojo ngawani-wanikeun manéh nepungan Salsa. Di tengah imahna dina luhureun erak masih kénéh aya foto Kang Jojo. Nu rék dipindahkeun ku Salsa lantaran sieun aya nu bendu. Ti dinya Kang Jojo ngaharéwos, yén anjeunna téh léngoh kénéh. Éta hal nu ngabalukarkeun Kang Jojo wani ngadatangan Salsa, sugan atuh aya kénéh ruang pikeun Kang Jojo dina haté Salsa.

Dumasar ringkesan carita di luhur satuluyna dianalisis struktur caritana anu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Hasil analisis strukturalna nyaéta ieu di handap.

a) Téma Carita

Téma dina carpon “Balakaciut” nyaéta ngeunaan rasa cintana ka hiji wanoja ti baheula nepi ayeuna nu kungsi kapiheulaan ku babaturanna.

Pasualan anu nuduhkeun téma carita di luhur baris katitén dina cutatan di handap.

Ari balakaciut mah weléh teu kapanggih. Ogé rasa kuring ka manéhna. Teu kaharti. Hayang salilana deukeut. Embung papisah lila. Hayang tuluy babarengan. Aya kamelang sieun manéhna deukeut jeung batur.

(B/KU4/KC24)

Proposal maju dirawatan bari kuring dilibatkeun asup dina ngalajuninglakukeun proposal téa. Riweuh tapi resep. Aya pangalaman anyar. Tapi kuring teu laksana kawin ka Salsa. Kawasna manéhna teu bisa nungguan kuring, da kaburu dilamar ku Kang Darta.

(B/KU4/KC26)

Saenyana geus lima taun ka tukang kuring meunang béja yén Salsa geus hirup nyorangan téh. Kang Darta, carogéna pupus alatan serangan jantung.

(B/KU4/KC21)

b) Fakta Carita

Dina fakta carita téh dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita sarta

watek palaku, jeung latar carita. Hasil analisisna nyaéta ieu di handap.

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Galur Carita

Galur dina carita “Balakaciut” téh nyaéta galur campuran. Anu caritana dimimitian ku galur maju nu nyaritakeun ngeunaan mangsa nu keur di sorang ku Kang Jojo. Di tengah-tengah carita, kasabit-sabit ngeunaan kajadian mangsa baheula waktu jaman kuliah. Dina akhir carita nyaritakeun deui ngeunaan kahirupan anu keur disorang, ngawanikeun diri keur panggih jeung Salsa deui. Tahapan tina galur anu aya dina carita bisa dititénan tina cutatan di handap.

(a) Tahap *Situation*

Dina tahap *Situation* nyaritakeun Kang Jojo nu geus nyaho Salsa rarandaan, lantaran salakina maot. Tapi Kang Jojo teu wani nepungan. Lantaran teu apal alamatna sarta sieun teu ditarima ku kabungahan ku Salsa.

Saenyana geus lima taun katukang kuring meunang béja yén Salsa geus hirup nyorangan téh. Kang Darti, carogéna pupus alatan serangan jantung. Tapi kuring can kungsi nepungan. Pangpangna mah teu nyaho alamat imahna. Ari sabab séjénna mah, aya rasa hamham, inggis ku manéhna henteu ditarima kalawan kabungahan.

(B/KU4/KC21)

(b) Tahap *Generating Circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun Kang Jojo datang ka imah Salsa, Salsa keur cingogo, Kang Jojo cicing dina tukangeunana.

Basa tepi ka imahna, kasampak ayanu keur cingogo, nyanghareup ngétan. Kabeneran kuring datang ti beulah kulon. Nangtung tukangeunana, moal katohyan da kalangkang kuring aya di kulon.

(B/KU4/KC21)

(c) Tahap *Rising Action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun Kang Jojo nempo tutuwuhan dina ayakan Salsa, jadi inget baheula sok ulin ka gunung jeung babaturanana, kaasup Salsa.

Kakara engeuh, dna ayakan geus aya jotang, sintrong, nyalinyit, jeung antanan. Inget baheula karesep jeung babaturan téh ngabring ka gunung.

(B/KU4/KC23)

(d) Tahap *Climax*

Dina tahap *climax* nyaritakeun Kang Jojo anu nulungan Salsa supaya teu labuh, Salsa anu reuwas ningali aya Kang Jojo datang ka imahna.

Geuwat kuring nulungan, supaya teu labuh. Jung manéhna nangtung, nguliat, terus ruku, ngalempengkeun cangkéng ka sisi ka gigir. Siap malik ngulon. Aduh kuring reuwas. Can siap nyanghareupan manéhna. Tapi manéhna kaburu ngalieuk. Bangun reuwas nénjo kuring aya di dinya.

(B/KU4/KC24)


(e) Tahap *Denouement*

Dina tahap *denouement* nyaritakeun Kang Jojo anu ngaharéwos ka Salsa, yén manéhna masih kénéh léngoh. Tuluy Kang Jojo nanyakeun naha balakaciut anu di pelak ku manéhna aya kénéh henteu. Salsa ungueuk bari imut.

Kuring ngaharéwos, yén tepi ka ayeuna gé léngoh kénéh. Teu payu. Nu matak ka dieu gé susuganan aya kénéh ngaran kuring dina haténa.

(B/KU4/KC27)

Gambaran tahapan galur dina carpon *Balakaciut* nya éta ieu di handap.



Bagan 4.4

Tahapan Galur Carpon “Balakaciut”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika Kang Jojo kapiheulaan ku Kang Darta, tuluy Kang Jojo datang deui ka Salsa nu geus ditinggalkeun maot salakina. Datang ka imah Salsa cicing-cicing, nepi ahirna Salsa reuwas aya nu nulungan manéhna nalika rék labuh.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika Kang Jojo nempo foto Salsa jeung jenat salakina. Manéhna jadi inget jaman baheula keur ‘pedekate’ ka Salsa geus maju ka tilu taun, ngan teu betus. Ngabayangkeun meureun baheula gé Salsa boga rasa nu sarua ngan teu betus.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika Kang Jojo nanyakeun balakaciut manéhna nu baheula. Nu maksudna mah naha bisa kénéh Kang Jojo ngahiji jeung Salsa. Tapi, Salsa ngan ukur seuri bari unggeuk. Maranéhna deudeukeutan duaan, teu apal jadi ngahiji atawa henteuna.

2) Palaku Carita

Palaku anu aya dina carita “Balakaciut” bisa ditingali dina tabél di handap.

Tabél 4.4
Palaku Carita “Balakaciut”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Kang Jojo	√		√	
2.	Salsa		√	√	
3.	Aki		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carita “Balakaciut” nyaéta aya Kang Jojo, aya dina unggal runtuyan kajadian dina carita ti awal nepi ka ahir. Sarta éta carita téh nyaritakeun ngeunaan kahirupan asmara manéhna. Palaku tambahan dina ieu carpon nya éta Salsa jeung Aki, Salsa salaku wanoja anu dipikaresep ku Kang Jojo, sarta Aki nu jadi Akina Salsa aya saliwat dina eusi carita nalika nyaritakeun jaman baheula nalika keur kuliah.

b) Watek palaku

Watek kapanggih dina caritaan naskah pangarang, aya ogé anu kagambar tina dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan di handap ieu.

1) Kang Jojo

ieu di handap mangrupa hasil analisis watek palaku dina carita.

1) Geus nyerah ti heula

Ari sabab séjénna mah, aya rasa hamham, inggis ku manéhna henteu ditarima kalawan kabungahan.

(B/KU4/KC21)

2) Pinter

Kuring agul kabina-bina, lantaran proposal kuring dipeunteun pinunjul pisan. Acungan jempol ti para pembimbing.

(B/KU4/KC26)

2) Salsa

ieu di handap mangrupa hasil analisis watek palaku dina carita.

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Bageur, sholeh, nurut

Inget baheula, Salsa metik lalab atawa miceun dangdaunan garing anu maruragan di buruan akina, sok teu weléh maca salawat. Majar téh papagah akina.

Akina kaciri atohnalamun dikirim balakaciut.

“Nuhun, Geulis, pinter pisan nyukakeun haté Aki,” ceuk akina harita.
(B/KU4/KC22)

3) Latar Carita

Latar anu baris dianalisis dina carita “Balakaciut” nya éta latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) Latar Waktu

Latar waktu anu kapaluruh dina carita “Balakaciut” téh aya nu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu, waktu teu tangtu, jeung titimangsa. Anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu nya éta aya tilu bulan, tilu taun, jeung lima taun. Anu nuduhkeun latar waktu teu tangtu nya éta aya dina waktu séjénna. Sarta nu nuduhkeun titimangsa nya éta aya poé ieu, baheula, peuting, harita, taun kaopat, jeung kapungkur.

Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu dina carita “Balakaciut” nyaéta cutatan ieu di handap.

1) Tilu bulan

Kawasna kira-kira panéneun tilu bulan deui, éta tangkal suuk téh.

(B/LW/KU4/KC22)

2) Tilu taun

Deudeukeutan maju ka tilu taun.

(B/LW/KU4/KC26)

3) Lima taun

Saenyana geus lima taun ka tukang kuring meunang béja yén Salsa geus hirup nyorangan téh.

(B/LW/KU4/KC21)

Sakitu nyaho Salsa rarandaan geus lima taun, teu wani nepungan, kawas nu ngéplék jawér ngandar jangjang.

(B/LW/KU4/KC26)

Latar waktu anu nuduhkeun waktu teu tangtu dina carita “Balakaciut” nyaéta cutatan ieu di handap.

1) Dina waktu séjénna

Dina waktu séjénna, kumaha usumna, Salsa ari ka leuweung sok mawa sarupaning sisikian.

(B/LW/KU4/KC23)

Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa dina carita “Balakaciut” nyaéta cutatan ieu di handap.

1) Poé ieu

Poé ieu kuring hayang ngalongok, da geus nyaho alamatna ti Emy, sobatna basa keur kuliah.

(B/LW/KU4/KC21)

2) Baheula jeung Kiwari

Inget baheula karesep jeung babaturan téh ngabring ka gunung, meureun lantaran can aya mall kawas kiwari.

(B/LW/KU4/KC23)

3) Peuting

Ari peuting saméméh saré di tempat kost, sok ngalamun, manéhna aya gigireun kuring.

(B/LW/KU4/KC24)

4) Harita

Harita kuring keur ‘pedekate’ ka Salsa.

(B/LW/KU4/KC26)

5) Taun kaopat

Maju taun kaopat, kuring nyieun proposal proyek pamungkas tugas akhir kuliah.

(B/LW/KU4/KC26)

- 6) Kapungkur
 “aya kénéh balakaciut pelak Akang kapungkur?”
 (B/LW/KU4/KC27)

2) Latar Tempat

Latar tempat anu aya dina carita “Balakaciut” nya éta di Dayeuh Ngora, Gunung Kulambu, di kulon, di buruan, ka tukang, tengah imah, di kénca, di tungtung jalan, di kota, ka gunung, di buruan, jeung di beulah katuhuna. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun hasil analisis latar tempat.

- 1) Di Dayeuh Ngora jeung Gunung Kulambu
 Wanci haneut moyan kuring nepi ka buruan imahna, di Dayeuh Ngora, lebah suku Gunung Kulambu.
 (B/LT/KU4/KC21)
 Proposal kuring ditawarkeun ka Pemda di Dayeuh Ngora.
 (B/LT/KU4/KC26)
- 2) Di kulon
 Nangtung tukangeunana, moal katohyan da kalangkang kuring aya di kulon.
 (B/LT/KU4/KC21)
- 3) Di buruan
 Inget baheula, Salsa metik lalab atawa miceun dangdaunan garing anu maruragan di buruan akina, sok teu wéléh maca salawat.
 (B/LT/KU4/KC22)
- 4) Ka tukang
 Salsa langsung ka tukang.
 (B/LT/KU4/KC25)
- 5) Di tungtung jalan jeung di kota
 “Teu bireuk, sadaya anu ditaros ku Akang, ngawalerna sami, itu di tungtung jalan, leuweung mini, di kota.”
 (B/LT/KU4/KC25)
- 6) Tengah imah
 Panon dianteur nguriling tengah imah. Luhureun hawu tengah imah aya potrét kulawarga.

(B/LT/KU4/KC25)

7) Di kénca

Jukut jeung tangkal balakaciut digundukkeun di kénca.

(B/LT/KU4/KC22)

8) Ka gunung

Inget baheula karesep jeung babaturan téh ngabring ka gunung, meureun lantaran can aya mall kawas kiwari.

(B/LT/KU4/KC23)

9) Di beulah katuhuna

Di beulah katuhuna foto kulawarga inti.

(B/LT/KU4/KC25)

3) Latar Sosial

Latar sosial nu kapaluruh dina carita “Balakaciut” nyaéta latar sosial handap, tokoh Kang Jojo ti kalangan handap. Katitén dina sempalan carpon di handap.

Teu boga modal. Modal téh ngan jadi mahasiswa di planologi paguron luhur kawéntar.

(B/LS/KU4/KC26)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carita “Balakaciut” nya éta judul jeung puseur implengan. Hasil analisisna nya éta ieu di handap.

a. Judul

Judul carita “Balakaciut” dijadikeun judul lantaran, balakaciut sorangan mangrupa hiji tutuwuhan anu sok dibawa ku Salsa upama ka leuweung keur oléh oléh akina. Tapi, balakaciut ogé can kapanggih harti nu sabenerna téh. Sigah rasa Kang Jojo ka Salsa nu can kaharti. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis dina carita.

Inget baheula, keur mapay leuweung, gigireun jalan satapak. Kérésék anu dina ranselna, dieusian balakaciut. Majar téh oléh oléh keur Akina.

(B/KU4/KC22)

Ari balakaciut mah weléh teu kapanggih. Ogé rasa kuring ka manéhna. Teu kaharti. Hayang salilana deukeut. Embung papisah lila. Hayang tuluy babarengan.

(B/KU4/KC24)

b. Puseur Implengan

Dina carita “Balakaciut” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji. Lantaran pangarang nuliskeun palaku utama maké kecap ‘kuring’ pikeun nyaritakeun unggal kajadian nu keur karandapan ti awal nepi ka ahir carita. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis dina carita.

Anu jadi pamikiran kuring, éta sumringah paromanna bakat ku atoh mun manggih tutuwuhan anu ngaranna balakaciut.

(B/KU4/KC23)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Balakaciut”. Nu saterusna bisa dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Téma dina ieu carpon ngeunaan kahirupan asmara lalaki ka hiji wanoja ti baheula. Dipatalikeun jeung judul lantaran mun diibaratkeun siga balakaciut rasa cinta na téh, nu harti sabenerna téh can kapanggih nu pastina. Ogé balakaciut téh mangrupa tutuwuhan nu sok diala ku Salsa upama ka leuweung.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Galur nu digunakeun ku carpon ieu nyaéta galur campuran, pangarang nepikeun judul ngaliwatan carita nu aya dina galur mundur. Nalika Kang Jojo jeung Salsa keur jadi mahasiswa sok ka leuweung atawa gunung, Salsa nu sok metik balakaciut keur akina.

Latar waktu, tempat, jeung sosial bisa ngagambarkeun kaayaan carita, rélévan jeung judul nu digunakeun dina carita nu mangrupa ngaran tutuwuhan. Contona dina latar tempat aya latar keur di gunung. Hal éta nuduhkeun aya patalina judul jeung latar carita dina ieu carpon.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Dina ieu carita ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji, pangarang maké kecap ‘kuring’. Jadi, asa palaku utama nu nyaritakeun sagala kajadian jeung rasa ka nu maca. Patalina jeung judul nyaéta pangarang nepikeun eusi carita sacara saliwat bisa ngaliwatan judul.

4.1.1.5 Carpon “Ligarna Haté” Karya Nyi Roro

Ieu carpon nyaritakeun kahirupan asmara palaku utama, nyaéta Sondari anu mimitina teu direstuan ku Bapana lantaran hiji jeung lain hal. Dina hiji poé nalika Sondari jeung indung bapana, tiluan balakécrakan bari ngawangkong di buruan imah. Sondari bungah ningali bapana sehat, jagjag waringkas kitu deui nempo indungna awakna kaciri ngeusi deui. Nalika keur ngariung kitu, kabogohna Sondari datang ka imah, Chandra ngaranna.

Sondari reuwas lantaran bapana henteu doa ka hubungan Sondari jeung Chandra. Basa keur di Rumah Sakit waé gé bapana nolak diajak balik bareng ku Chandra. Chandra datang ka imah Sondari téh niatna rék ngalongok bapana Sondari. Chandra geus ngadonorkeun darahna keur bapa Sondari, tapi angger keukeuh moal bisa ngarobah sikap bapa Sondari ka Chandra jadi bageur jeung

doa ngeunaan hubunganana jeung Sondari. Tapi, tetep wé Chandra mah hormat sarta rengkuh ka kolotna Sondari téh. Ti dinya haté bapana Sondari, nyaéta Kosasih luluh nempo sikap Chandra salila ieu ka manéhna, ogé ngabuktikeun cintana ka Sondari.

Sondari anéh naha bapana bisa teu doa kana hubunganana jeung Chandra. Nalika ditanyakeun téh lantaran Chandra mah katurunan kulawarga ménak beungkar ogé baheula bapana Chandra téh rék dijodokeun jeung indungna Sondari. Tapi, Kosasih (bapana Sondari) tetep merjuangkeun cintana usaha satékah polah ngabuktikeun ka Eyang Sondari, antukna bapana di restuan kawin jeung indungna Sondari. Kitu deui lantaran sikap Chandra anu katempo daria ka Sondari ogé sikapna anu sopan ka Kosasih, ngabalukarkeun léah haté Kosasih pikeun ngarestuan hubungan Sondari jeung Chandra.

Dumasar ringkesan carita di luhur satuluyna dianalisis struktur caritana anu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Hasil analisis strukturalna nyaéta ieu di handap.

a) Téma Carita

Téma carita dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta hubungan wanoja nu awalna teu diréstuan ku kolotna tapi sabada nempo sikep lalakina, jadi ngaréstuan. Cutatan anu nuduhkeun analisis téma dina carita nya éta ieu di handap.

“Jauhan Chandra, da loba lalaki mah. Didungakeun ku Apih, sing meunangkeun nu leuwih ti manéhna.”

(LH/KU5/KC43)

“Ieuh, dangukeun nya. Bapa mah moal robah jadi bageur jeung doa ka hidep ambeh bisa jadi minantu pédah geus nulungan”, cék Kosasih teugeug.

(LH/KU5/KC44)

“Nénjo patékadan Chandra anu sakitu dariana ka hidep, teu gimir sieun diambek ku Apih. Eyang hidep nu sakitu galak jeung kumakina ogé tungtungna mah geuning ngaku ka Apih jadi minantuna. Piraku Apih teu bisa narima Chandra jadi minantu ?”

(LH/KU5/KC46)

b) Fakta Carita

Dina fakta carita téh dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita sarta watek palaku, jeung latar carita. Hasil analisisna nyaéta ieu di handap.

1) Galur Carita

Galur carita dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta galur campuran. Caritana dimimitian ku nyaritakeun kajadian nu keur di sorang ku Sondari, ieu kaasup kana galur maju. Di tengah-tengah nyaritakeun kajadian nu dua bulan katukang nalika bapana keur di rumah sakit, ieu kaasup kana galur mundur. Sarta dina akhir carita, nyaritakeun deui kajadian nu keur disorang ku Sondari jeung kulawargana nyaéta nalika bapana ngarestuan Sondari jeung Chandra. Tahapan tina galur anu aya dina carita bisa dititénan tina cutatan di handap.

(a) Tahap *Situation*

Dina tahap *situation* nyaritakeun Sondari nu keur balakécrakan, ngawangkong di buruan imahna.

Panonna neutep teleb Kosasih, bapana nu aya dihareupeunana.

Indung sondari nyampeurkeun bari nanggeuy baki pinuh ku dahareun.

Tiluan balakécrakan diselang ku ngawangkong, gogonjakan suka seuri bari nyaksian kaayaan pasoré di buruan imah nu pinuh ku rupaning kembang.

(LH/KU5/KC41)

(b) Tahap *Generating Circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun Bapana Sondari nu némpo anakna jeung lalaki dihareupeun mall. Sondari mimitina ngabohong yén éta téh saukur babaturan hungkul. Tapi antukna Sondari balaka.

“Apih ningali Ndari kamari di payuneun mall jeung hiji lalaki. Mani bangun nu raket pisan. Saha éta?”

“Réréncangan.”

“Réréncangan atawa réréncangan? Ieuh, ulah sok ngabohong ka kolot téh. Pamali.” Kosasih nyindiran. Antukna Sondari balaka, yén éta téh Chandra kabogohna.

(LH/KU5/KC43)

(c) Tahap *Rising Action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun Bapana Sondari anu nitah Sondari pikeun ngajauhan Chandra, sanggeus nyaho yén Chandra téh ti kulawarga Satyanagara. Tapi, nalika Sondari nanya alesanna, teu dijawab ku bapana.

“Jauhan Chandra, da loba lalaki mah. Didungakeun ku Apih, Sing meunangkeun nu leuwih ti manéhna.” Kosasih nyaritana mani nyeuneu, bangun nu ambek pisan. Sondari reuwas teu gugur teu angin kudu megatkeun tali asih jeung Chandra. Manéhna nanyakeun alesanana, tapi teu dijawab ku Kosasih.

(LH/KU5/KC44)

(d) Tahap *Climax*

Dina tahap *climax* nyaritakeun Chandra anu datang ka imah Sondari ngalogok Bapana Sondari. Tapi, nalika Chandra datang bapana ngomong rék sakumaha bageurna Chandra rék sakumaha geus nulunganna Chandra ka kulawargana, moal ngarobah Bapa jadi ngarestuan maranéhana.

“Ieuh, dangukeun nya. Bapa mah moal robah jadi bageur jeung doa ka hidep ambéh bisa jadi minantu pédah geus nulungan,” cék Kosasih teugeug.

(LH/KU5/KC44)

(e) Tahap *Denouement*

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


Dina tahap *denouement* nyaritakeun yén Bapa na Sondari narima Chandra jadi minantuna, lantaran nempo mertuana anu sakitu galakna tapi bisa ogé ngaku Bapa na jadi minantu.

“Nénjo patékadan Chandra nu sakitu dariana ka hidep, teu gimir sieun diambek ku Apih. Eyang hidep nu sakitu galak jeung kumakina ogé tungtungna mah geuning ngaku ka Apih jadi minantuna. Piraku Apih teu bisa narima Chandra jadi minantu?” Cék manéhna bari mésem.

(LH/KU5/KC46)

Gambaran tahapan galur dina carpon *Ligarna Haté* nya éta ieu di handap.





Bagan 4.5

Tahapan Galur Carpon “Ligarna Haté”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika Bapana Sondari nitah Sondari ngajauhan Chandra. Ogé nalika Bapana Sondari ngomong yén sakumaha bageurna Chandra ka Sondari jeung kulawarga, moal bakal ngarobah haté Bapana jadi ngaréstuan Chandra jeung Sondari.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika Sondari ceurik lantaran Bapana nitah ngajauhan Chandra. Sondari teu kabayang kumaha dirina lamun kudu papisah jeung beubeureuhna nu dipikanyaah ku manéhna.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika antukna Bapana Sondari ngaréstuan hubungan Sondari jeung Chandra. Sondari langsung nepikeun béja kabungah ieu ka Chandra, tapi teu disebutkeun kumaha jawaban atawa réspon Chandra.

2) Palaku Carita

Palaku anu aya dina carita “Ligarna Haté” bisa ditingali dina tabel di handap.

Tabél 4.5
Palaku Carita “Ligarna Haté”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Sondari	√		√	
2.	Chandra	√		√	
3.	Kosasih		√	√	
4.	Indung Sondari		√	√	
5.	Novi		√	√	
6.	Irwan		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta aya Sondari jeung Chandra, lantaran kaduana aya dina unggal runtuyan kajadian ti awal nepi ka ahir eusi carita. Palaku tambahan dina ieu carpon nyaéta aya bapana Sondari atawa Kosasih, indungna Sondari, Novi, jeung Irwan.

b) Watek palaku

Watek palaku anu baris dianalisis nyaéta watek Sondari jeung Chandra salaku palaku utama dina carita. Watekna kapanggih dina caritaan naskah pangarang, sarta kagambar ogé tina dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan ieu di handap.

1) Sondari

Ieu di handap mangrupa hasil analisis watek Sondari dina carita.

1) Nurut ka kolot

“Ndari, kudu ngagugu ka omongan Apih.”

“Sumuhun, tangtos Apih. Kumaha kitu ?”

(LH/KU5/KC43)

2) Hideng

Sondari mah nguliwed ka dapur rék nyokot susuguh.

(LH/KU5/KC43)

3) Sopan

Cikopi diteundeun ku Sondari dina luhur méja bari deku, warahan indungna.

(LH/KU5/KC44)

4) Nyaah ka kolot

Paroman Sondari katangen mani marahmat. Panonna neutep teleb Kosasih, bapana nu aya dihareupeunana. Teu bungah kumaha Sondari, nyaksian bapana séhat, jagjag waringkas deui, sanajan masih aya kénéh batuk saeutik,

(LH/KU5/KC41)

5) Hariwangan

“Kang Chandra? Ih, naha bet ka dieu? Pan saur abdi gé engké diwartosan. Bilih Apih karugrag deui panyawatna!”

(LH/KU5/KC42)

2) Chandra

Ieu di handap mangrupa hasil analisis watek Chandra dina carita.

1) Sopan

“Bapa, saur Sondari dinten ayeuna tos tiasa mulih?” Chandra tanya bari rengkuh, sopan, naker.

(LH/KU5/KC42)

“Sanés kirang sono, abdi badé amitan aya bujengeun deui” ceuk Chandra bari nangtung

(LH/KU5/KC44)

“Muhun, cekap panginten. Abdi nyanggakeun panglayad. Mugia Bapa énggal damang sabihara-bihari deui. Mangga dikantun.” Cék Chandra bari munjungan, rengkuh ngahormat tuluy ngaléos.

(LH/KU5/KC45)

2) Paduli ka sasama

“Teu sawios Bapa, Ibu. Da abdi mah donor darah téh sanés pédah ka Bapa wungkul. Upami kaleresan nuju séhat, ampir unggal sasih abdi donor. Ka sasaha ogé nu peryogi pitulung abdi mah, nya ditulungan satiasa-tiasa,” témbal Chandra bari imut, najan aya nu ngaguruh jerowun dadana.

(LH/KU5/KC45)

3) Bageur

“Mangga, bilih badé dijajap atuh ku abdi, Ibu. Kaleresan tadi téh abdi aya peryogi, wangsulna ngalangkung ka dieu.”

Chandra mantuan indung Sondari ngakutan barang kana mobil

(LH/KU5/KC42)

3) **Latar Carita**

Latar carita anu baris dianalisis dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta aya latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) **Latar Waktu**

Latar waktu anu kapaluruh dina carpon “Ligarna Haté” téh aya latar waktu nuduhkeun titimangsa, jeung latar durasi waktu nu tangtu. Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa nyaéta aya ayeuna, baheula, pasosoré, harita. Latar waktu anu nuduhkeun durasi nyaéta aya dua bulan ka tukang, mangsa ka tukang, unggal sasih, jeung teu lila.

Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta aya dina cutatan di handap ieu.

- 1) Ayeuna
Ayeuna mah awak indungna gé kawilang ngeusi, da tadina begang bakat ku ripuh ngurusan salakina.
(LH/LW/KU5/KC41)
- 2) Baheula
“Apanan indung hidep téh baheula dirérémokeun ka ramana Chandra pédah sarua turunan ménak!”
(LH/LW/KU5/KC46)
- 3) Pasosoré
Tiluan balakécrakan diselang ku ngawangkong, gogonjakan suka seuri bari nyaksian kaayaan pasosoré di buruan imah nu pinuh ku rupaning kembang.
(LH/LW/KU5/KC41)
- 4) Harita
Harita Sondari bur-ber néangan darah golongan B.
(LH/LW/KU5/KC44)

Latar waktu anu nuduhkeun durasi dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta aya dina cutatan di handap ieu.

- 1) Dua bulan ka tukang
Inget baé kana kajadian dua bulan ka tukang.
(LH/LW/KU5/KC42)
- 2) Mangsa ka tukang
Sajeroning nyieun cikopi, pikiran Sondari mah ngacacang ka mangsa ka tukang.
(LH/LW/KU5/KC43)
- 3) Unggal sasih

“Teu sawios Bapa, Ibu. Da abdi mah donor darah téh sanés pédah ka Bapa wungkul. Upami kaleresan nuju séhat, ampir unggal sasih abdi donor. Ka sasaha ogé nu peryogi pitulung abdi mah, nya ditulungan satiasa-tiasa,” témbal Chandra bari imut, najan aya nu ngaguruh jerowun dadana.

(LH/LW/KU5/KC45)

- 4) Teu lila
Teu lila, manéhna nyampeurkeun bapana tuluy nyuuh dina suku bapana bakat ku atoh.

(LH/LW/KU5/KC46)

2) Latar Tempat

Latar tempat anu aya dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta aya di buruan imah, rumah sakit, di jalan, ka dapur, di payuneun mall, di imah, jeung di buruan. Ieu di handap mangrupa cutatan anu nuduhkeun hasil analisis latar tempat.

- 1) Di buruan imah
Tiluan balakécrakan diselang ku ngawangkong, gogonjakan suka seuri bari nyaksian kaayaan pasosoré di buruan imah nu pinuh ku rupaning kembang.

(LH/LT/KU5/KC41)

- 2) Rumah sakit
Harita Sondari karék nepi ka rumah sakit rék mapagkeun bapana, da ceuk dokter geus bisa mulang poé éta.

(LH/LT/KU5/KC42)

- 3) Di jalan
“Hatur nuhun. Teu kedah ngarepotkeun, Cép. Da badé dipapagkeun ku pun anak, ayeuna nuju di jalan,”

(LH/LT/KU5/KC42)

- 4) Ka dapur
Sondari mah nguliwed ka dapur rék nyokot susuguh.

(LH/LT/KU5/KC43)

- 5) Di payuneun mall
“Apih ningali Ndari kamari di payuneun mall jeung hiji lalaki. Mani bangun nu raket pisan. Saha éta?”

(LH/LT/KU5/KC43)

- 6) Di imah
Paingan, Sondari mindeng leungiteun ku bapana da arang langka aya di imah.

(LH/LT/KU5/KC46)

- 7) Di buruan
Di buruan, kembang-kembang nu keur meujeuhna ligar diantepkeun ku rupa-rupa kukupu.

(LH/LT/KU5/KC46)

3) Latar Sosial

Latar sosial anu kapaluruh dina eusi carita “Ligarna Haté” nyaéta latar sosial handap jeung latar sosial luhur, Bapana Sondari ti kalangan handap, Indung Sondari ti kalangan luhur. Ieu di handap mangrupa cutatan nu nuduhkeun latar sosial dina carita.

“Apih nyaram téh tangtu aya alesanna. Baheula basa Apih keur hahadéan jeung indung hidep, sepuhna teu doaeun. Nepi ka diancam moal diaku anak, moal dibéré warisan jeung bakal dikaluarkeun tina silsilah kulawargana nu turunan ménak beurat beunghar. Sedeng Apih téh pan turunan cacah kuricakan. Jalma teu boga, manggih dahar gé hésé. Tapi indung hidep teu ngagugu ka sepuhna, kalah ka maksa kawin jeung Apih,” cék bapana dareuda.

(LH/LS/KU5/KC45)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta aya judul jeung puseur implengan. Hasil analisisna nyaéta ieu di handap.

a. Judul

Judul carita pondok “Ligarna Haté” saluyu jeung eusi caritana, yén luluhna haté Bapana Sondari ka Chandra nu dipatalikeun jeung kahirupan Bapana jaman baheula. Sarta sarua jeung suasana haté Sondari anu sarua ligar siga

kembang di buruan imahna. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis ngeunaan judul carita.

“Nénjo patékadan Chandra nu sakitu dariana ka hidep, teu gimir sieun diambek ku Apih. Eyang hidep nu sakitu galak jeung kumakina ogé tungtungna mah geuning ngaku ka Apih jadi minantuna. Piraku Apih teu bisa narima Chandra jadi minantu ?”
Cék manéhna bari mésem.

Di buruan, kembang-kembang nu keur meujeuhna ligar dieunteupan ku rupa-rupa kukupu. Bet mawa ligar kana haté Sondari.

(LH/KU5/KC46)

b. Puseur Implengan

Dina carpon “Ligarna Haté” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma katilu. Lantaran dina ieu carpon, pangarang nyebutkeun ngaran sarta nyaritakeun sagala hal anu kajadian dina carita.

Paroman Sondari katangen mani marahmay. Panonna neutep teleb Kosasih, bapana nu aya di hareupeunana.

(LH/KU5/KC41)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Ligarna Haté”. Nu saterusna bisa dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Téma dina ieu carita nyaéta ngeunaan hubungan wanoja jeung lalaki nu teu diréstuan ku kolotna, tapi antukna diréstuan sabada nempo sikep lalakina nu bisa nyokot haté kolotna. Patali jeung judul nu diibaratkeun luluhna haté bapana Sondari keur ngaréstuan hubungan anakna.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Dina ieu carpon ngagunakeun galur campura, dina galur maju di ahir carita judul carpon ditepikeun. Nalika bapa na ngaréstuan hubungan Sondari jeung Chandra, sarta nalika Sondari némpo kémbang nu keur ligar saperti kaayaan haténa.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Puseur implengan nu digunakeun nyaéta jalma katilu, pangarang nyebutkeun sakabeh kajadian nu aya dina carita. Salah sahijina nalika kajadian ligarna haté Sondari nu saluyu jeung judul, yén bapana ngaréstuan hubungan manéhna.

4.1.1.6 Carpon “Nu Kungsi Dipiharep” Karya Sofyan Limbangan

Ieu carpon nyaritakeun ngeunaan kahirupan asmara jeung pakasaban palaku utama. Di caritakeun yén pakasaban palaku utama téh salaku *coach* sepak bola. Hiji poé tim anu dicepeng ku manéhna abus ka Final Kelompok U-15, salaku *coach* haténa seseblakan lantaran hiji pamaén can datang. Manéhna lain ngarep-ngarep pamaénna, tapi indungna. Wanoja anu jaman baheula dipikabogoh ku manéhna ayeuna geus jadi dokter, Dokter Sifa.

Baheula palaku utama henteu percaya diri lantaran manéhna saukur olahragawan, sedengkeun Sifa calon dokter. Lamun ditempo penghasilan gé tangtu gedéan kénéh penghasilan dokter. Sanajan Dokter Sifa jeung kulawargana teu ngamasalahkeun tapi angger manéhna teu yakin ka dirina sorangan nalika mikiran ka hareupna sanggeus teu jadi nu maén deui. Nepi ka ayeuna manéhna teu bisa ngaleungitkeun rasa hanjakal dina haténa nalika ditanya ku kolotna Sifa basa baheula. Sifa jeung manéhna ngobrol saacan Sifa indit penugasan ka luar daerah. Ngobrolkeun kahareupna ngeunaan pakasaban palaku utama salian jadi olahragawan, Sifa méré nyaho yén manéhna bisa jadi pelatih sarta muka sakola maén bal. Éta obrolan téh jadi obrolan panungtung panggih jeung Sifa. Ka dituna

aya béja yén Sifa rék kawin, ngondang tapi teu didatangan saukur ngawilujengkeun dina telepon.

Ti dinya palaku utama ogé panggih jeung fisioterapis anyar, Rahmi ngaranna. Maranéhna beuki ka dieu beuki deukeut beuki ngarasa tingtrim lamun keur duaan. Ahirna palaku utama kawin jeung Rahmi. Dina final timna juara, bungah juara sarta bungah budak-budakna teu cidera. Nalika ngawilujengkeun ka Dokter Sifa sasalaman, ras inget ka Rahmi asa boga dosa tapi da lain nyandung. Haténa asa nyérédét nalika mobil Dokter Sifa ngageuleuyeung, bari kapikiran lamun téa mah Rahmi jeung manéhna boga budak téh geus saumuran jeung Zidan.

Dumasar ringkesan carita di luhur satuluyna baris dianalisis struktur caritana anu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan).

a) Téma Carita

Téma carita dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta ngeunaan kahirupan asmara tokoh Kuring nu bobogohan jeung hiji wanoja tapi teu jadi ngahiji lantaran teu percaya diri ku pakasaban dirina sorangan. Cutatan anu nuduhkeun analisis téma carita nya éta ieu di handap.

Hanjakal teu pok waktu ditanya ku kolotna. Padahal Sifa mah geus waléh sanggup nungguan kuring. Ari kuring teu pati yakin ka diri sorangan.

(NKD/KU6/KC97)

Pepegatan jeung Sifa alatan teu sanggup pajauh, jol Rahmi. Haté ngait kénéh ka Sifa. Sedengkeun Rahmi beuki deukeut, asa tingtrim. Tapi kudu ayanu dipilih sanajan beurat. Puguh matak héran, na ari anu nembrak silihpikeun jeung Sifa tungtungna pepegatan. Sedengkeun anu rarasaan mah rikip jeung Rahmi bet tuluy dirapalan.

(NKD/KU6/KC98)

b) Fakta Carita

Dina fakta carita téh baris dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita sarta watek palaku, jeung latar carita. Hasil analisisna nyaéta ieu di handap.

1) Galur Carita

Galur carita dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta ngagunakeun galur campuran. Caritana dimimitian ku nyaritakeun kajadian anu keur disorang ku palaku utama salaku pelatih sepak bola anu keur nungguan pamaénna anu telat datang jeung indungna. Di tengah nyaritakeun kajadian sababaraha taun katukang ngeunaan kahirupan asmara palaku utama jeung indung ti salah sahiji pamaén, nya éta Dokter Sifa. Lantaran duanana kungsi bogoh tapi teu jadi ngahiji lantaran palaku utama teu percaya diri. Dina ahir carita nyaritakeun deui kajadian anu keur disorang ku palaku utama, tim na jadi juara. Manéhna ngawilujengkeun ka Dokter Sifa lantaran indungna Zidan bari ngarasa boga dosa ka pamajikanana. Tahapan tina galur anu aya dina carita bisa dititénan tina cutatan di handap.

(a) Tahap *Situation*

Dina tahap *situation* nyaritakeun dina hiji poé aya final SSB U-15, palaku utama anu haténa jol seseblakan lantaran pamaén hiji deui can datang.

Poé ahad soré lapang geus dirogrog ku nu lalajo, lolobana mah orang tua siswa SSB. Tangtu reueusna ngalalajoanan barudakna. Final kelompok umur U-15 téh SSB nu dikokolakeun ku kuring ngalawan SSB Samba nu katotol tanggoh.

Lah, bet jol seseblakan ieu haté. Na ka mana saurang deui pamaén téh?

(NKD/KU6/KC95)

(b) Tahap *Generating Circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun palaku utama anu paamprok deui jeung awéwé anu baheula kungsi dipiharep.

Duh Gusti, asa ngimpi amprok jeung wanoja anu kungsi silih teundeun harepan welasan taun ka tukang.

(NKD/KU6/KC96)

(c) Tahap *Rising Action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun palaku utama anu ngalamun inget waé ka Sifa. Tapi lamunanna buyar, nalika aya pamaén anu cidera.

Dina *bench* inget deui ka dokter Sifa. Haté ngalenyap barang nénjokeu fisioterapis anu lulumpatan ka tengah lapang, aya pamaén anu cidera, diadu jeung pamaén lawan. Lamunan buyar.

(NKD/KU6/KC96)

(d) Tahap *Climax*

Dina tahap *Climax* nyaritakeun palaku utama anu hanjakal nepi ka ayeuna, hanjakal baheula teu pok ngeunaan hubungan manéhna jeung Sifa. Nepi ka antukna palaku utama nikah jeung fisioterapis anyar.

Ah, bet aya hanjakal nu teu bisa dileungitkeun dina haté nepi ka ayeuna. Hanjakal teu pok waktu ditanya ku kolotna.

(NKD/KU6/KC97)


(e) Tahap *Denouement*

Dina tahap *denouement* nyaritakeun palaku utama anu ngalamun nalika Zidan jeung Sifa indit, lamun manéhna jeung Rahmi boga budak téh geus saumuran Zidan.

Basa panon melong mobil Sifa ngageuleuyeung, haté bet nyérédét. Meureun mun kuring jeung Rahmi boga anak téh geus saumuran jeung Zidan.

(NKD/KU6/KC99)

Gambaran tahapan galur dina carpon *Nu Kungsi Dipiharep* nya éta ieu di handap.



Bagan 4.6

Tahapan Galur Carpon “Nu Kungsi Dipiharep”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika palaku utama hanjakal kana omonganna baheula, naha teu pok ka kolot awéwéna ngeunaan hubungan manéhna. Padahal kulawarga ti Sifa ogé teu ngamasalahkeun penghasilan ti palaku utama upama rék jadi salaki Sifa.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika palaku utama geus nikah jeung Rahmi. Ngabayangkeun upama maranéhna geus boga budak meureun geus saumuran jeung sagedé Zidan.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika palaku utama nempo Rahmi nu keur neutep manéhna, palaku utama teu bisa ngabales teuteupan ti pamajikanna, lantaran meureun ngarasa bersalah masih kénéh ngahanjakalkeun kajadian baheula jeung Sifa.

2) Palaku Carita

Palaku anu aya dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” bisa ditingali dina tabel di handap ieu.

Tabél 4.6

Palaku Carita “Nu Kungsi Dipiharep”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Kuring (Coach)	√		√	
2.	Dokter Sifa		√	√	
3.	Rahmi		√	√	
4.	Zidan		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta aya Kuring atawa *Coach*, lantatan éta palaku téh aya dina unggal runtuyan kajadian ti awal nepi ka ahir sarta puseur implengan aya di manéhna. Palaku tambahan dina ieu carpon nya éta aya Dokter Sifa, Rahmi, jeung Zidan.

b) Watek palaku

Watek palaku anu baris dianalisis dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta watek Kuring atawa *Coach*, Dokter Sifa, Rahmi. Watekna kapanggih dina caritaan naskah pangarang sarta kapanggih tina dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan ieu di handap.

1) Kuring atawa *Coach*

Ieu di handap mangrupa hasil analisis watek kuring dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep”.

1) Teu percaya diri

Padahal Sifa mah geus waléh sanggup nungguan kuring. Ari kuring teu pati yakin ka diri sorangan.

(NKD/KU6/KC97)

2) Teu genahan

Aéh aéh, na da aing téh lain nyandung tapi bet asa boga salah.

(NKD/KU6/KC99)

3) Geus nyerah ti heula

Nya meureun kuméok méméh dipacok téa.

(NKD/KU6/KC97)

2) Dokter Sifa

Ieu di handap mangrupa hasil analisis watek kuring dina carpon.

1) Paduli ka nu susah

“Cita-cita jadi dokter téh sanés ngudag harta. Istuning idealismeu hoyong babantu ka nu susah. Urusan panghasilan langkung mah anggap bonus wé.”

(NKD/KU6/KC97)

2) Pinter

Kuring nu teu boga pangabisa ukur heueuh-heueuh bueuk baé basa Sifa ngadadarkeun pamanggihna

(NKD/KU6/KC97)

3) Rahmi

Ieu di handap mangrupa hasil analisis watek kuring dina carpon.

1) Soméah

Rahmi, fisioterapis wanoja nu soméah ka sasaha atuh dipikaresep ku saréréa.

(NKD/KU6/KC98)

2) Gesit

Rahmi jeung tim médis geuwat lumpat.

(NKD/KU6/KC99)

3) Latar Carita

Latar carita anu baris dianalisis dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta aya latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) Latar Waktu

Latar waktu anu kapaluruh dina carpon “ Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta aya latar waktu anu nuduhkeun titimangsa, jeung nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu. Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa nyaéta poé ahad soré, harita, ayeuna. Sedengkeun latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu nyaéta aya welasan taun ka tukang, dua taun, 16 taun, sapoé saméméh, jeung lima taun.

Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa dina carita ieu nyaéta dina cutatan di handap ieu.

- 1) Poé Ahad soré
Poé Ahad soré lapang geus dirogrog ku nu lalajo, lolobana mah orang tua siswa SSB.
(NKD/LW/KU6/KC95)

- 2) Harita
Harita téh keur baluweng ku dua ku tilu.
(NKD/LW/KU6/KC96)

Harita kuring keur pelatnas di luar negri.
(NKD/LW/KU6/KC97)

- 3) Ayeuna
Ah, bet aya kahanjakal nu teu bisa dileungitkeun dina haté nepi ka ayeuna.
(NKD/LW/KU6/KC97)

Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu dina carita ieu nyaéta dina cutatan di handap ieu.

- 1) Welasan taun ka tukang
Duh Gusti, asa ngimpi amprok jeung wanoja anu kungsi silih teundeun hareupan welasan taun ka tukang.
(NKD/LW/KU6/KC96)

- 2) Dua taun
Tapi harita kuring teu sanggup kudu pajauh salila dua taun jeung Sifa mah.
(NKD/LW/KU6/KC96)

- 3) 16 taun

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mun diitung-itung geus 16 taun teu panggih jeung dokter Sifa.
(NKD/LW/KU6/KC97)

4) Sapoé saméméh
Sapoé saméméh kuring ka luar kota maén *away*.
(NKD/LW/KU6/KC97)

5) Lima taun
Sakitu geus lima taun mopohokeun manéhna, Sifa mah teu pohoeun.
(NKD/LW/KU6/KC98)

2) Latar Tempat

Latar tempat anu aya dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta aya lapang, di luar negeri, di téras imahna. Ieu di handap mangrupa cutatan anu nuduhkeun hasil analisis latar tempat.

1) Lapang
Poé Ahad soré lapang geus dirogrog ku nu lalajo, lolobana mah orang tua siswa SSB.
(NKD/LT/KU6/KC95)

2) Di luar negeri
Harita kuring keur pelatnas di luar negeri.
Ceuk Sifa ruruntuk pamaén bal di luar negeri mah teu ripuh jiga di urang.
(NKD/LT/KU6/KC97)

Waktu kawinan kuring keur aya di luar negeri, miluan pelatnas
(NKD/LT/KU6/KC98)

3) Di téras imahna
Duaan ngadon tingharuleng di téras imahna.
(NKD/LT/KU6/KC97)

3) Latar Sosial

Latar sosial anu kapaluruh dina eusi carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta latar sosial menengah, tokoh Kuring ti kalangan menengah.

Perkara panghasilan teu dileuleungit, leuwih ti cukup keur sorangan mah. Nu matak ngarengkog nyanghareupan Sifa jeung kulawargana téh, kayakinan kuring ka hareupna sanggeus teu jadi pamaén deui.

(NKD/LS/KU6/KC96)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta aya judul jeung puseur implengan. Hasil analisisna nyaéta ieu di handap.

a. Judul

Judul carita pondok “Nu Kungsi Dipiharep” saluyu jeung eusi caritana, yén nu dimaksud ku nu kungsi dipiharep téh nyaéta nalika palaku utama kungsi miharep hirup babarengan atawa laki rabi jeung wanoja anu dipikabogohna. Tapi anu ngaranna lain jodo nya antukna mah teu ngahiji maranéhna manggih pasangan séwang-séwangan. Hiji poé maranéhna panggih deui jeung wanoja nu dipikabogoh baheula, haténa ngageter kawas nu lilinieun lantaran teu nyangka bisa panggih deui jeung wanoja nu baheula kungsi dipiharep. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis ngeunaan judul carita.

Haté ngageter, awak milu oyag kawas nu lilinieun. Duh Gusti, asa ngimpi amprok jeung wanoja nu kungsi silih teundeun harepan welasan taun ka tukang. Teu kungsi papanjangan cacarita, da puguh dina suasana riweuh.

(NKD/KU6/KC96)

b. Puseur Implengan

Dina carita pondok “Nu Kungsi Dipiharep” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji. Lantaran pangarang nuliskeun palaku utama maké kecap ‘kuring’ pikeun nyaritakeun unggal kajadian nu keur karandapan ti awal nepi ka ahir carita. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis dina carita.

Kuring anu teu boga pangabisa ukur heueuh-heueuh bueuk baé basa Sifa ngadadarkeun pamanggihna. Naon atuh kaahlian séjén kuring? Dagang teu bakat, tani teu bisa.

(NKD/KU6/KC97)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Nu Kungsi Dipiharep”. Nu saterusna bisa dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Judul nu digunakeun ieu carita rélévan jeung eusi caritana, nyaéta tokoh kuring nu kungsi miharep boga hubungan nu leuwih serius jeung hiji wanoja tapi henteu laksana. Saluyu jeung téma caritana ngeunaan kahirupan asmara tokoh kuring.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Judul dina ieu carita ditepikeun ku pangarang ngaliwatan galur carita, nyaéta dina galur mundur nalika tokoh kuring nyaritakeun deui kumaha hubungan manehna jeung Sifa jaman baheula.

Latar tempat jeung latar waktu kajadian nu aya dina carita matalikeun jeung judul nu digunakeun dina ieu carita. Contona nalika tokoh kuring nyaritakeun kajadian dina latar waktu ‘harita’ nu miharep leuwih dina hubunganana.

Judul nu digunakeun ieu carpon téh keur nepikeun kajadian nu karandapan ku tokoh kuring jeung Sifa.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Judul carpon nu digunakeun upama dipatalikeun jeung puseur implengan mah rakét patalina. Lantaran dina ieu carita ngagunakeun puseur implengan jalma

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kahiji, maké kecap ‘kuring’. Jadi, asa palaku utama nu nyaritakeun kajadian nu karandapan ku manéhna nyaéta kungsi miharep boga hubungan leuwih jeung Sifa.

4.1.1.7 Carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” Karya Eryandi Dahlan

Ieu carpon nyaritakeun ngeunaan kahirupan jaman kuliahna palaku utama, nya éta Dirham. Dirham boga babaturan ngaranna Dédé, manéhna teu bisa ningali, tunanétra. Sosobatan jeung Dirham ti jaman kuliah kénéh. Dirham nu sok nganteurkeun balik, maturan sarta mantuan ngabacakeun buku umum keur Dédé. Geus sabaraha lila teu panggih, Dirham jol narima telepon ti Dédé cenah hayang panggih jeung aya nu hayang panggih ogé jeung Dirham. Jaman kuliah téh Dirham pernah deukeut jeung hiji wanoja ngaranna Murwakanti, sarua tunanétra. Nalika Dédé nelepon téh Dirham mah jol ras inget ka Murwakanti, wanoja anu dipikabogoh ku manéhna, pinter, sholehah, jeung manis imutna.

Dirham panggih jeung Murwakanti nalika ulin ka yayasan tunanétra. Dirham mangmacakeun buku keur Anti. Ti harita maranéhna deukeut, loba ngobrol rasa bogohna beuki ka dieu beuki karasa. Nepi ka dina waktuna Dirham ngomong yén manéhna bogoh jeung nyaah ka Anti, Anti narima. Tuluy Dirham hayang panggih jeung kolotna Anti, mimitina Anti nolak. Tapi ahirna satuju lantaran Dirham rék ngabuktikeun sakumaha dariana Dirham ka Anti. Panggih jeung kolotna Anti, Dirham ditarima pisan, Anti teu milu balik ka Bandung. Tapi, dua poé ti dinya Dirham diberé amplop ku Anti, surat ti kolotna Anti. Eusi suratna téh yén indung bapana Anti teu bisa narima Dirham lantaran sieun siga alo na nu cacad mah dicacampah ku nu normal. Ti dinya haté Dirham asa rajét, ngomong ka indung jeung bapana nu ngupahan yén Dirham téh kudu fokus heula wé kuliah mun bisa mah nepi S2 jeung S3, jodo mah nuturkeun.

Ti kajadian éta, Dirham geus tara ulin ka yayasan. Ayeuna geus jadi dosén sarta keur ngeureuyeuh S3, tapi can meunangkeun jodo kénéh waé. Dirham jangjian jeung Dédé téh di Masjid Agung. Tapi lain panggih jeung Dédé waé, Dirham panggih ogé jeung Murwakanti. Murwakanti geus boga budak hiji,

salakina geus tilar lantaran positif ku virus. Indung bapana Anti ogé geus tilar dua taun sanggeus Anti nikah. Ahirna Dirham ngajak Anti pikeun manjangkeun deui lalakon nu baheula kapegat, Anti ogé ditanya daék dipihukum henteu, Anti ukur unggeuk bari seuri. Haté Dirham bungah, teu disangka sanggeus sapuluh taun téh geuning bisa tepung deui.

Dumasar ringkesan carita di luhur, satuluyna baris dianalisis ngeunaan struktur caritana nu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Hasil analisis strukturalna nyaéta ieu di handap.

a) Téma Carita

Téma dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta ngeunaan hubungan lalaki jeung wanoja nu pegat lantaran aya kasieun ti kolot wanojana. Cutatan anu nuduhkeun téma carita di luhur bisa katitén di handap ieu.

Unggal ka dinya pasti panggih jeung mangmacakeun buku Anti atawa mangnuliskeun tugas kuliahna. Biasana mun geus bérés nanaon, duaan ngawangkong. Ku seringna panggih, dna haté kuring jorojoy aya rasa nu béda. Cinta meureun.

Atuh dina hji waktu kuring wakca bogoh ka manéhna, nyaah.

(SST/KU7/KC123)

Ngahaturkeun nuhun Bapa sareng Ibu téh Encép pami mikanyaah ka anak Bapak sareng Ibu, namung punten Bapa sareng Ibu moal nampi.

(SST/KU7/KC125)

b) Fakta Carita

Dina fakta carita téh baris dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita sarta watek palaku, jeung latar carita.

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Galur Carita

Galur dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” téh nyaéta galur campuran. Anu caritana dimimitian ku galur maju anu nyaritakeun mangsa nu keur disorang ku palaku utama, Dirham. Dirham narima telepon ti babaturan keur jaman kuliahna nyaéta Dédé, nelepon ngajak panggih. Ditengah carita, Dirham loba nyaritakeun mangsa katukang, jaman kuliah Dirham nu panggih jeung wanoja nu dipikabogoh tapi teu direstuan ku kolot awéwéna. Di akhir carita ngagunakeun galur maju deui, Dirham nyaritakeun kajadian nu keur disorang nyaéta panggih jeung Dédé sarta wanoja nu salila ieu aya dina implengan Dirham. Tahapan tina galur anu aya dina carita bisa dititénan tina cutatan di handap.

(a) Tahap *Situation*

Dina tahap *situation* nyaritakeun nalika palaku utama nyaéta Dirham narima telepon ti Dédé, babaturan kuliahna. Dédé ngajak panggih Dirham, aya ogé nu hayang panggih salian Dédé.

Rada reuwas basa narima telepon ti Dédé téh. Atuda eukeur mah geus lawas teu patepung, ari ayeuna ujug-ujug nelepon. Tur mani omat-omatan pisan. Ditambahan, cenah ayanu hayang panggih jeung kuring.

(SST/KU7/KC121)

(b) Tahap *Generating Circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun lantaran di telepon ku Dédé, Dirham jadi inget ka wanoja nu kungsi nyangkaruk dina haténa basa kuliah. Wanoja nu hésé dipohokeun ku Dirham, aya waé dina haté, meureun ieu nu ngalantarankeun Dirham masih *lajang* nepi ka ayeuna.

Inget kana hiji ngaran, Murwakanti, nu kungsi nyangkaruk dina haté.

Cinta nu tetap aya dina ati ka manéhna, bisa jadi nu ngalantarankeun kuring tepi ka ayeuna lalagasan kénéh.

(SST/KU7/KC121)

(c) Tahap *Rising Action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun nalika Dirham inget basa jaman kuliah, mimiti wanoh jeung Murwakanti téh diwanohkeun ku Dédé. Nepi ka mineng panggih jeung Anti, Dirham ngarasa dina haténa asa aya nu béda ka Anti.

Dédé nuturkeun kuring, tuluy ngawanohkeun manéhna. Murwakanti Syarifah, nenehna Anti.

(SST/KU7/KC122)

Ku seringna panggih, dina haté kuring jorojoy aya rasa nu béda. Cinta meureun.

(SST/KU7/KC123)

(d) Tahap *Climax*

Dina tahap *climax* nyaritakeun Dirham anu datang ka imah Anti, panggih jeung kolotna. Tapi sanggeus éta kolotna Anti meré surat, eusina teu bisa narima Dirham lantaran sieun nganyenyeri Anti hungkul. Ti dinya Dirham fokus kuliah nepi ka gawé teu panggih deui jeung Anti.

Kuring ngajak Anti ka indung bapana.

(SST/KU7/KC124)

Namung ti awal kénéh gé Bapa sareng Ibu tos sapuk, pami aya pameget awas kersaeun ka Si Nyai, moal ditampi.

(SST/KU7/KC125)

(e) Tahap *Denouement*

Dina tahap *Denouement* nyaritakeun Dirham anu panggih deui jeung Dédé, ogé jeung Anti anu geus boga budak hiji, salakina geus maot. Lantaran Anti masih kénéh aya dina haténa Dirham, manéhna ngajak Anti nikah.


Teu lila Dédé balik deui, katénjona duaan.

(SST/KU7/KC127)

Basa ditanya daék henteuna dipihukum, manéhna unggeuk bari imut.

(SST/KU7/KC128)


Gambaran tahapan galur dina carpon *Ligarna Haté nya éta* ieu di handap.



Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPEK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 4.7

Tahapan Galur Carpon “Sanggeus Sapuluh Taun”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika Dirham dibéré surat ku kolotna Anti sanggeus maranéhna patepung di imah Anti. Nu eusina téh, yén kolotna Anti teu bisa narima Dirham. Lantaran sieun siga dulurna nu dinyenyeri ku jelema normal.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika Dirham ngusahakeun keur mohokeun Anti. Tapi, angger kacipta-cipta kénéh nepi ka geus boga gawé.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika Dirham panggih deui jeung Anti nu geus boga budak ogé ditinggalkeun maot ku salakina. Dirham ngajak deui Anti keur nuluykeun naon nu pegat harita. Teu apal naha indung bapana Dirham masih narima Anti atawa henteu.

2) Palaku Carita

Palaku nu aya dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” bisa ditingali dina tabél di handap ieu.

Tabél 4.7
Palaku Carita “Sanggeus Sapuluh Taun”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Dirham	√		√	
2.	Murwakanti		√	√	
3.	Dédé		√	√	
4.	Bapa Anti		√	√	
5.	Indung Anti		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta Dirham. Dirham aya waé dina unggal runtuyan kajadian dina carita ti awal nepi ka ahir carita. Sedengkeun palaku tambahanna nyaéta aya Murwakanti, Dédé, Bapa Anti, jeung Indung Anti. Anu dicaritakeun sacara teu gembler, mun saukur di déskripsikeun ku Dirham dina carita.

b) Watek palaku

Watek palaku anu baris dianalisis nyaéta Dirham, Anti, jeung Dédé. Watek palaku kapanggih dina caritaan naskah pangarang, sarta aya ogé anu kagambar tina dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan di handap ieu.

1) Dirham

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek Dirham dina carita.

1) Bageur

Mun keur di kampus, ka mana-mana kuring nu nungtunna. Ogé mun balik ti kampus. Dédé sok diboncéng ku kuring ka tempat nganjrekna, di hiji gedong Yayasan Netra Indonesia.

Kuring kalan-kalan mangmacakeun.

(SST/KU7/KC122)

Unggal ka dinya pasti panggih jeung mangmacakeun buku Anti atawa mangnuliskeun tugas kuliahna.

(SST/KU7/KC123)

2) Pinter

Ayeuna kuring geus lulus S2, geus jadi dosén di almamater tempat kuliah S1 baheula. Keur ngeureuyeuh kuliah S3. Sakeudeung deui baris sidang désertasi.

(SST//KU7KC126)

3) Teu milih-milih babaturan

Basa mata kuliah kahiji lekasan, kuring ngadeukeutan manéhna. Dédé Setiawan ngaranna téh. Manéhna téh teu ningali, tunanetra.

(SST/KU7/KC122)

Da anjeunna ti kapungkur sok nyarios ulah ngabéda-bédakeun jalma.

(SST/KU7/KC123)

2) Anti

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek Anti dina carita.

1) Pinter, sonagar, sholehah

Wanoja nu pinter, sonagar, jeung manis imutna.

Nyantri deuih. harita geus apal lima juz Al-Quran manéhna mah, éléh kuring mah nu teu sajuj-sajuz acan.

(SST/KU7/KC121)

3) Dédé

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek Dirham dina carita.

1) Déwasa

“Ham jeung Anti, jigana can jodona, duaan téh, teu kudu diceungceurikan. Da lamun aya jodona mah moal ka mana,” cék Dédé, ngupahan bari dareuda.

(SST/KU7/KC125)

3) Latar Carita

Latar anu baris dianalisis dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta aya latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) Latar Waktu

Latar waktu anu kapaluruh dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” téh nyaéta aya latar waktu anu nuduhkeun titimangsa, latar durasi waktu nu tangtu, jeung latar waktu teu tangtu . Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa nyaéta poé munggaran kuliah, harita, bulan kamari, semester 3, basa adan, tadi wengi, jeung kamari. Aya latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu nyaéta sapuluh taunna, dua minggu, tilu dinten, lima bulan, dua poé, dua taun, jeung sapuluh taun. Sarta latar waktu anu nuduhkeun waktu teu tangtu nyaéta aya lila pisan.

Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta ieu di handap.

1) Poé munggaran kuliah

Inget kénéh basa poé munggaran kuliah, kuring ngadéngé sora cutrak-cetrék di bangku tukang.

(SST/LW/KU7/KC122)

2) Harita

Ti harita kuring dalit jeung manéhna.

(SST/LW/KU7/KC122)

3) Bulan kamari

Karék bulan kamari meunang béja ngeunaan Dédé.

(SST/LW/KU7/KC126)

4) Ayeuna jeung Bada lohor

Ayeuna kuring keur di jalan, rék nepungan Dédé, nu geus pasini rék panggih di Masjid Agung bada lohor.

(SST/LW/KU7/KC126)

5) Seméster tilu

Seméster tilu harita téh, bérés Ujian Akhir Seméster.

(SST/LW/KU7/KC124)

6) Basa Adan magrib

Basa adan magrib, kuring geus aya deui di Bandung.

(SST/LW/KU7/KC124)

7) Tadi wengi

Tadi wengi Bapa sareng Ibu naros Anti perkawis nganjangna Encép ka saung Bapa.

(SST/LW/KU7/KC124)

8) Kamari

Kamari téh nuju aya acara milih Kepala Désa.

(SST/LW/KU7/KC124)

Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta ieu di handap.

1) Sapuluh taunna

Geus aya sapuluh taunna kuring teu panggih jeung Anti.

(SST/LW/KU7/KC122)

2) Dua minggu

Éta wéh paromanna kaciri rada béda basa panggih deui sanggeus dua minggu kuring teu ngelol, lantaran sibuk ujian di kampus.

(SST/LW/KU7/KC123)

aya waktu dua minggu keur reureuh, teu kuliah.

(SST/LW/KU7/KC124)

- 3) Dua poé
Dua poé ti harita kuring ngurung deui ka yayaan.
(SST/LW/KU7/KC124)
- 4) Tilu dinten
Tilu dintén saatos kaserang, ngantunkeun.
(SST/LW/KU7/KC127)
- 5) Dua taun jeung Lima bulan
“Bapa Husén jeung Ibu Nurul, sepuh Anti tos ngantunkeun, Ham, dua taun saatos Anti nikah, patutur-tutur. Béda lima bulan,”
(SST/LW/KU7/KC127)
- 6) Sapuluh taun
Ku teu disangka sanggeus sapuluh taun, bisa tepung deui.
(SST/LW/KU7/KC128)

Latar waktu anu nuduhkeun waktu nu teu tangtu dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta ieu di handap.

- 1) Lila pisan
Geus lila pisan teu panggih.
(SST/LW/KU7/KC126)

2) Latar Tempat

Latar tempat anu aya dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta Asrama Tunanetra, di kampus, di hiji gedong Yayasan Netra Indonesia, di kamar Gelatik, di kamar Anggrek, di luhureun terminal Ledeng, di imahna, di Bandung, di masjid, di kamar mawar, di hiji SLB. Latar tempatna bisa ditingali tina cutatan di handap ieu.

- 1) Asrama tunanétra
Teu diengkékeun, terus wé mawa motor, ngadius muru ka asrama tunanétra tempat Dédé matuh.
(SST/LT/KU7/KC121)

- 2) Di kampus
Mun keur di kampus, ka mana-mmana kuring nu nungtunna.
(SST/LT/KU7/KC122)
- Lantaran sibuk ujian di kampus.
(SST/LT/KU7/KC123)
- Ayeuna janten dosén di kampus kapungkur.
(SST/LT/KU7/KC128)
- 3) Di hiji gedong Yayasan Netra Indonesia
Dédé sok diboncéng ku kuring ka tempat nganjrekna, di hiji gedong Yayasan
Netra Indonesia.
(SST/LT/KU7/KC122)
- 4) Di Kamar Gelatik
Hiji waktu basa kuring keur di Kamar Gelatik, euweuh jadwal kuliah harita
téh, ayan u keketrok kana panto.
(SST/LT/KU7/KC122)
- 5) Di Kamar Anggrék
Cicingna di Kamar Anggrék
(SST/LT/KU7/KC122)
- 6) Di luhureun terminal Lédeng
Kana élf wéh, naékna di luhureun terminal Lédeng saeutik.
(SST/LT/KU7/KC124)
- 7) Di imahna
Di imahna, kuring ditarima pisan, disuguhan, sagala aya.
(SST/LT/KU7/KC124)
- 8) Di Bandung
Kuring geus aya deui di Bandung.
(SST/LT/KU7/KC124)
- 9) Di masjid
Ayeuna kuring keur di jalan, rék nepungan Dédé, nu geus pasini rék panggih
di Masjid Agung bada lohor.

Di buruan masjid geus kaciri Dédé diuk.
(SST/LT/KU7/KC126)

Sadar ieu téh di masjid.

(SST/LT/KU7/KC127)

10) Di kamar mawar

Manéhna kawin jeung nu cicing di Kamar Mawar.

(SST/LT/KU7/KC126)

11) Di hiji SLB

Ayeuna geus boga anak dua, tur ngajar di hiji SLB.

(SST/LT/KU7/KC126)

12) Di Kamar Garuda

Satamatna kuliah manéhna kawin ka Mahmud, nu cicing di Kamar Garuda.

(SST/LT/KU7/KC127)

3) Latar Sosial

Latar sosial anu kapaluruh dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta latar sosial menengah ka luhur, Dirham nu pakasabanna jadi dosén. Ieu di handap cutatan nu nuduhkeun latar sosial dina carita.

“Alhamdulillah Aa tos lulus S2. Ayeuna janten dosén di kampus kapungkur. Nuju ngeureuyeuh S3. Aa mah masih lalagasan,” cék kuring.

(SST/LS/KU7/KC128)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta judul jeung puseur implenganna. Hasil analisisna nyaéta di handap ieu.

a. Judul

Judul carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” saluyu jeung kajadian nu aya dina eusi carita. Nu mana ieu carpon téh nyaritakeun kahirupan asmara palaku utama, Dirham. Anu teu panggih sarta teu bisa ngahiji jeung hiji wanoja nu

dipikabogoh sarta dipikanyaah ku manéhna. Sanggeus sapuluh taun Dirham jeung éta wanoja kakara panggih deui sarta bisa ngahiji. Ieu di handap cutatan hasil analisisna.

Haté bungah. Teu bisa kagambarkeun ku kecap naon waé kabungah kuring harita. Anging ka Anjeunna kuring ngucap syukur, nganuhunkeun. Langit karasa lénglang, angin rintih asa ngusapan haté nu keur sakieu bagjana. Ku teu disangka sanggeus sapuluh taun, bisa tepung deui.

(SST/KU7/KC128)

b. Puseur Implengan

Dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji. Lantaran pangarang nuliskeun palaku utama maké kecap ‘kuring’ pikeun nyaritakeun kajadian jeung masalah nu keur karandapan ti awal nepi ka ahir carita. Ieu di handap cutatan hasil analisis dina carita.

Teu karasa panon kuring rada baseuh.

Haté kuring asa rajét.

(SST/KU7/KC125)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Sanggeus Sapuluh Taun”. Nu saterusna bisa dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Judul nu digunakeun dina ieu carpon rélévan jeung téma carita. Téma na nyaritakeun ngeunaan hubungan lalaki jeung wanoja nu pegat lantaran aya kasieun ti kolot wanojana. Tuluy patali jeung judul nu geus sapuluh taun teu panggih saprak teu diréstuan ku indung bapa Anti. Tapi, nalika mimiti panggih deui karék bisa ngahiji.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Galur nu digunakeun dina ieu carita nyaéta galur campuran. Judul carita ditepikeun dina galur maju dina ahir carita, nalika Dirham ngébréhkeun yén manéhna teu nyangka bisa panggih deui jeung Anti sanggeus sapuluh taun.

Latar waktu nu aya dina carita patali jeung judul nu digunakeun. Lantaran judul nu digunakeun saluyu jeung latar waktu lila na Dirham jeung Anti karék bisa panggih deui.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Puseur implengan jalma kahiji digunakeun dina ieu carpon, sagala runtuyan kajadian nu aya dina carita siga nu diébréhkeun ku tokoh Dirham. Utamana nalika nyaritakeun saacan jeung sanggeus sapuluh taun panggih Anti.

4.1.1.8 Carpon “Nu Teu Dipiharep” Karya Zénal Wahyu

Ieu carpon téh nyaritakeun ngeunaan kahirupan kulawargana jeung asmarana. Enéng nu jadi palaku utama dina ieu carpon nyaritakeun kahirupanana nu ditinggalkeun ku indungna nalika keur leutik. Kahirupan Enéng nu geus jadi sarjana sarta geus boga gawé. Indungna datang ngajemput Enéng pikeun cicing jeung manéhna, Néng nurut.

Enéng bébéja ka indungna, yén manéhna téh rék aya lalaki anu nanyaan. Tapi, indungna malik nyarekan lantaran teu satujueun da sabenerna mah Enéng téh rék dijodokeun ku indungna téh. Padahal Néng téh ngan saukur bébéja lain menta *persetujuan* ti indungna. Néng dicarekan deui ku indungna, ayeuna mamawa Bapa anu ngurus Néng salila ieu. Omongna téh pamanna teu bener ngadidikna, nepi ka ngomong budak doraka. Padahal Bapana salila ieu tara ngagogoréng indungna Néng, malah mah mamatahan kudu hadé ka nu jadi indung cenah. Ayeuna indungna datang asa siga nu pangindungna, nu ngurus jeung ngadidik.

Bapa beuteungna mah geus tilar. Nu di maksud Bapa ayeuna mah nyaéta adi ti bapa. Nu salila ieu ngurus, nyakolakeun, ngadidik, jeung ngupahan Néng nepi ka geus gawéna. Indungna jol datang ngajak cicing di imahna, geuningan boga maksud nyaéta rék ngajodokeun Néng pikeun ngalunasan hutangna salila ieu. Néng keukeuh teu hayang dijodokeun, indungna beuki nyarékan bari nulak anggék jeung meureupan. Néng lumpat da sieun ditonjok, ari pék téh tidagor kana tihang panto sadar-sadar geus di IGD. Néng teu weleh ngadungakeun indungna mugia sadar, lamun indungna ngomong yén boga hutang gé da moal burung bakal diusahakeun ku Néng keur dipunahan.

Dumasar ringkesan carita di luhur, satuluyna baris dianalisis struktur caritana nu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Hasil analisis strukturalna nyaéta ieu di handap.

a) Téma Carita

Téma dina carpon “Nu Teu Dipiharep” nyaéta ngeunaan budak nu ditinggalkeun ku indungna ti leutik nalika geus gedé indungna datang ngajemput ngajak cicing di imahna lantaran indungna miboga maksud keur ngajodokeun. Téma carita bisa katitén dina cutatan di handap ieu.

Tah, basa Bapa can jangkep opatpuluhna, Mamah geus ninggalkeun imah. Kuring dibongohan, ditinggalkeun waktu keur aya di sakola. Sabab balik ka imah Mamah geus teu aya.

(NTD/KU8/KC.140)

Geuning ku naon Mamah ngamprokan jeung ngajak ka imah Mamah, horéng rék ngajodokeun Néng sakaligus dijadikeun panaur hutang Mamah nu salaput hulu ka tukang rénten. Ku téga téh kaleuleuwihi, anak sorangan rék dijual. Upami Mamah balaka kagungan sambetan badag, moal burung diusahakeun ku Enéng, sangkan tiasa lunas, cék haté, sotéh.

(NTD/KU8/KC142)

b) Fakta Carita

Dina fakta carita téh baris dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita sarta watek palaku, jeung latar carita. Hasil analisisna ieu di handap.

1) Galur Carita

Galur dina carita “Nu Teu Dipiharep” nyaéta ngagunakeun galur campuran. Caritana dimimitian ku galur maju, nu nyaritakeun mangsa nu keur disorang ku palaku utama, Enéng. Manéhna teu disatujuan ku indungna nalika bébéja yén aya lalaki nu rék nanyaan Enéng. Di tengah carita, palaku utama loba nyaritakeun mangsa katukang. Mangsa di

mana nalika Bapa na maot sarta indungna ninggalkeun Enéng, tuluy Enéng diurus ku Emang na. Di ahir carita palaku utama nyaritakeun deui mangsa nu keur disorangna, nyaéta nalika Enéng paséa jeung indungna népi ka Enéng tidagor kana tihang sabab sieun ditonjok ku indungna. Tahapan tina galur anu aya dina carita bisa dititénan tina cutatan di handap.

(a) Tahap *Situation*

Dina tahap *situation* nyaritakeun Enéng kapikiran ku kalakuan indungna lamun jadi kiparat keur dosa-dosana ka manéhna, sarta bisa ngabalukarkeun indungna jadi sadar, haténa gumbira. Enéng narima sanajan kudu ngalaman nu teu dipikahayangna.

Mun téa mah ku cara kieu jadi kiparat pikeun dosa perdosa Mamah, Rido lillahita’ala. Moal ngarasula. Moal aral subaha. Jeung mun bisa ngabalukarkeun anjeunna sadar, terus babalik pikir, tada teuing gumbirana ieu haté.

(NTD/KU8/KC/137)

(b) Tahap *Generating Circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun indungna Enéng anu nyéntak teu satuju, nalika Enéng bébéja yén rék aya lalaki anu nanyaan.

“Pokona Mamah teu satuju. Peun!” Saur Mamah

Kalimah Mamah teugeug pisan. Pasemonna kucem, nyidem kaceuceub nu tan wates wangen, basa kuring bébéja yén aya lalaku nu rék datang nanyaan.

(NTD/KU8/KC137)

(c) Tahap *Rising Action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun Enéng nu karék cicing saminggu jeung indungna, geus hoream. Lantaran indungna sok ngomongkeun nu henteu-henteu waé ngeunaan Bapa nu salila ieu ngurus Enéng.

Karé k gé cicing samingguan di tempat Mamah, asa geus weureu jeung murel dibaruang ku julidna. Mamah nu teu weléh ngajejéléh jeung ngagoréng Bapa. Dua puluh taun diurus, digedékeun ku Bapa, asa can kungsi ngagoréng Mamah.

(NTD/KU8/KC138)

(d) Tahap *Climax*

Dina tahap *climax* nyaritakeun Enéng jeung indungna paséa lantaran indungna rék ngajodokeun Enéng. Enéng kudu mulang tarima sarta ngagugu, padahal salila ieu teu ngurus jeung ngagedékeun mangtaun-taun jol datang ngajak cicing diimahna.

Mamah beuki kalap. Terus ngacacang.

“Mamah nu ngandung téh. Mamah nu ngalahirkeun téh. Nyeri kacida. Geus sakuduna mulang tarima jeung ngagugu ka nu jadi indung. Manéh kudu daék ka lalaki nu bakal dijodokeun ku Mamah. Titik! Mun henteu, kajeun.”

(NTD/KU8/KC142)


(e) Tahap *Denouement*

Dina tahap *denouement* nyaritakeun Enéng anu ngadoakeun indungna sing sadar ngeunaan kalakuanna ka Enéng, nu rék ngajodokeun lantaran pikeun ngapunahan hutangna.

Mamah, muga Mamah sadar. Geuning ku naon Mamah ngamprokan jeung ngajak ka imah Mamah, horéng rék ngajodokeun Néng sakaligus dijadikeun panaur hutang Mamah nu salaput hulu ka tukang rénten.

(NTD/KU8/KC142)

Gambaran tahapan galur dina carpon *Nu Teu Dipiharep* nya éta ieu di handap.



Bagan 4.8

Tahapan Galur Carpon “Nu Teu Dipiharep”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika Enéng paséa jeung indungna. Indungna teu narima upama aya lalaki nu rék ngalamar Enéng. Lantaran indungna rék ngajodokeun Enéng jeung lalaki pilihan indungna.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika Enéng rumasa jadi hahalang keur bapana nikah. Lantaran, awéwé nu rék nikah jeung bapana téh kudu mikanyaah Enéng ogé najan lain anak pituin bapana. Enéng rék indit tapi bingung teu apal kudu ka mana, jeung sieun euweuh nu mikanyaah deui.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika Enéng abus rumah sakit lantaran tidagor kana tihang panto pas paséa jeung indungna. Sanggeus sadar, Néng ngadoakeun indungna sing disadarkeun, rék ngajodokeun téh keur mayar hutang indungna. Kadituna teu apal naha Néng akur deui jeung indungna atawa henteu, sarta teu apal lamaranna jadi atawa henteu.

2) Palaku Carita

Palaku anu aya dina carita “Nu Teu Dipiharep” bisa ditingali dina tabél di handap ieu.

Tabél 4.8
Palaku Carita “Nu Teu Dipiharep”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Enéng	√		√	
2.	Indung Enéng		√		√
3.	Bapa		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carita “Nu Teu dipiharep” nyaéta Enéng. Enéng anu aya dina unggal runtuyan kajadian dina eusi carita ti awal népi ka ahir. Palaku tambahan dina ieu carpon aya dua nyaéta Indung na Enéng jeung Bapa (Emang na).

b) Watek palaku

Watek palaku kapanggih dina eusi caritaan boh ngaliwatan naskah pangarang boh ngaliwatan dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan di handap ieu.

1) Enéng

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek Enéng dina carita.

1) Bageur

Upami Mamah balaka kagungan sambetan badag, moal burung diusahakan ku Enéng, sangkan tiasa lunas, cék haté, sotéh.

(NTD/KU8/KC142)

2) Nurut

Mun lain Bapa nu ngolo jeung ngalelemu. Magarkeun, sok wé milu heula.

(NTD/KU8/KC141)

3) Karunyaan

Sakapeung mah sok asa jadi pangbeubeurat keur Bapa. Alatan kuring bapa gagal waé kawin.

Kungsi hayang ingkah ti imah, sabab ngarasa jadi panghalang kana jodo Bapa. Hayang jauh.

(NTD/KU8/KC140)

2) Indung Enéng

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek Indung Enéng dina carita.

1) Kasar, gedé ambek

“Dasar doraka, jadi kitu sia dididik salila ieu ku paman sia téh?”

“Sia ngalawan ka aing? Kitu ajaran jeung didikan paman manéh salila ieu téh? Koplok pisan!”

(NTD/KU8/KC137-138)

Mamah ngojéngkang ka kamar, kaluar deui bari nulak angkéng, jeung meureupan.

(NTD/KU8/KC142)

3) Bapa

Ieu di handap cutatan hasil analisis watek Bapa dina carita.

1) Bageur, nyaah

Nu aya saban mapagahan, Bapa ngingetan, sing hadé ka indung.

(NTD/KU8/KC138)

Untung aya Bapa, Bapa kuring nu ayeuna, adi Bapa jenatna. Nyaahna sarua, sampurnana sarua.

(NTD/KU8/KC140)

2) Amanah kana jangji

“Can parat sabenerna mah Bapa nedunan amanat bapa hidep téh,”

“Jangji. Jangji Bapa ka Bapa hidep. Moal kagok ngurus hidep, mun bisa jadi walina sakaligus”

(NTD/KU8/KC141-142)

3) Latar Carita

Latar carita nu baris dianalisis dina carita “Nu Teu Dipiharep” nyaéta aya latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) Latar Waktu

Latar waktu anu kapaluruh dina carita “Nu Teu Dipiharep” téh aya anu nuduhkeun titimangsa jeung nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu. Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa di antarana nya éta tengah peuting, subuh, beurangna jeung pasosoré, harita. Sedengkeun latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu nya éta samingguan, tilu poé, saminggu, dua minggu, sabulan dua bulan.

Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa dina carita “Nu Teu Dipiharep” nyaéta di handap ieu.

1) Tengah peuting

Sanajan keur tibra saré tengah peuting, mun Bapa mulang ti panyabaan, terus nyium tarang, kuring bakal beunta.

(NTD/LW/KU8/KC139)

2) Subuh

Sok hayang geura subuh, milu ka tajug.

(NTD/LW/KU8/KC139)

3) Beurangna jeung Pasosoré

Beurangna sasapédahan di jalan jajahan atawa leuleumpangan dina galengan pasosoré.

(NTD/LW/KU8/KC139)

4) Harita

Harita kuring can nyaho naon nu disebut déwasa atawa akil balég téh.

(NTD/LW/KU8/KC140)

Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu dina carpon “Nu Teu Dipiharep” nyaéta di handap ieu.

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Samingguan

Karék gé cicing samingguan di tempat Mamah, asa geus weureu jeung murel dibaruang ku julidna.

(NTD/LW/KU8/KC138)

2) Opatpuluhna

Tah, basa Bapa can jangkep opatpuluhna, Mamah geus ninggalkeun imah.

(NTD/LW/KU8/KC140)

3) Tilu poé

Pantes, tilu poé saméméhna, Mama ngalélang barang-barang titinggal Bapa.

(NTD/LW/KU8/KC140)

4) Saminggu, dua minggu, sabulan, dua bulan

Saminggu, dua minggu, sabulan dua bulan, Mamah taya mulang.

(NTD//LW/KU8KC140)

Coba saminggu mah cicing di imahna.

(NTD/LW/KU8/KC141)

2) Latar Tempat

Latar tempat anu aya dina carita “Nu Teu Dipiharep” nyaéta aya di imah jeung di jalan.

1) Di imah

Cobaan saminggu mah cicing di imahna.

(NTD/LT/KU8/KC141)

2) Di jalan

Beurangna sasapédahan di jalan jajahan atawa leuleumpangan dina galengan pasosoré.

(NTD/LT/KU8/KC139)

Ceuk tatangga nu manggihan di jalan gedé, cenah naék beus ka kotakeun, mawa koper.

(NTD/LT/KU8/KC140)

3) Latar Sosial

Latar sosial nu kapaluruh dina carpon “Nu Teu Dipiharep” nyaéta latar sosial handap ka menengah. Ieu dihandap cutatan latar sosial dina carita.

Mama ngalélang barang-barang titinggal bapa. Tipi, tip, dék, korsi, lomari jeung sajabana.

(NTD/LS/KU8/KC140)

Pakasaban kawilang mapan, Si Mamah maluruh.

(NTD/LS/KU8/KC141)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carita “Nu Teu Dipiharep” nya éta judul jeung puseur implengan. Hasil dianalisisna nya éta di handap ieu.

a. Judul

Judul carpon “Nu Teu Dipiharep” saluyu jeung eusi carita dina carpon nyaéta palaku utama anu geus teu miharepkeun deui kadatangan indungna dina hirup manéhna. Lantaran ku geus lila ninggalkeun Enéng ti keur leutik sanggeus Bapa na maot. Tuluy nalika Enéng geus lulus kuliah sarta miboga gawé, indungna jol datang deui sarta ménta Néng cicing jeung indungna. Éta kadatangan indungna téh aya maksud geuning, nyaéta rék ngajodokeun Néng nu perjodohan éta téh dijadikeun sarat hutang-hutang indungna lunas. Ku kituna, kadatangan indungna téh teu dipiharep ku Néng.

Dina mangsa kuring keur butuh ku perhatian jeung kanyaah nu sakuduna, Mamah ingkah ngajauhan, ninggalkeun kuring sorangan. Teu ras-rasan. Ayeuna kuring geus sawawa. Sakola geus jujur. Pakasaban kawilang mapan, Si Mamah maluruh. Datang néang mapagkeun. Ngajak ka tempatna nu ayeuna. Ngariung ngahiji jeung kulawargana. Nurutkeun nafsu jeung kanyeri mangsa ka tukang mah, teu hayang teu sing ngagugu komo nuturkeun kahayangna.

(NTD/KU8/KC141)

b. Puseur Implengan

Dina carpon “Nu Teu Dipiharep” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji. Lantaran pangarang nuliskeun palaku utama maké kecap ‘kuring’ pikeun nyaritakeun unggal runtuyan kajadian jeung masalah ti awal népi ka ahir carita. Ieu di handap cutatan hasil analisis dina eusi carita.

“Kapal téh sapertos karéta, Pa, aya erélan,” ceuk kuring bari ngacir nuduhkeun kapal nu liwar luhureun méga narabas layung.

(NTD/KU8/KC139)

Kuring lumpat, da sieun ditonjok.

(NTD/KU8/KC142)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Sanggeus Sapuluh Taun”. Nu saterusna bisa dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Judul nu dipaké dina ieu carita rélevan jeung eusi caritana. Kadatangan indungna nu teu diharepkeun ku Néng lantaran ti leuleutik ditinggalkeun, sakalina datang deui ngabalukarkeun nyeri haté Enéng ku kalakuanna. Ieu judul nu digunakeun tangtu patali jeung téma nu dipiboga ku carita.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Tokoh Indungna Enéng nu miboga watek gedé ambek nyieun Néng teu miharepkeun kadatangan indungna. Saluyu jeung judul carita.

Galur dina ieu carpon ngagunakeun galur campuran. Dina galur mundur di tengah carita jeung galur maju di ahir carita nu nyieun ayana patali antara judul jeung galur, nyaéta gara-gara ku kalakuan indungna Néng.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Puseur implengan jalma kahiji nyieun eusi carita bisa nepikeun inti carita jeung rasa panasaran nu maca kana eusi carita. Lantaran judul nu dipaké teu ditepikeun kitu waé dina carita, nu maca kudu nyimpulkeun sorangan maksud tina judulna sanggeus maca éta carita.

4.1.1.9 Carpon “Tasma” Karya Walid Muhammad Taufik

Ieu carita nyaritakeun kahirupan hiji lalaki nyaéta Lukman nalika panggih jeung pamajikanana di jaman SMA. Ayeuna geus rumah tangga, mimitian pindah ka imah anyar. Nalika keur di dapur, Lukman manggih buku-buku, salah sahijina aya buku catetan poéan eusina nyaritakeun nu kaalaman di SMA. Tangtu, aya catetan ngeunaan manéhna jeung pamajikanana.

Pamajikanana basa keur SMA téh mangrupa murid anyar, anu jol nyimpen tas na dina bangku Lukman, gék diuk tiis. Diajak wawanohan ogé teu ngajawab. Ngaranna Purbasari nyaho nalika wawanohan di hareupeun kelas. Salila sabangku téh tara pisan nyarita itu ieu. Hiji mangsa mah aya pelajaran biologi, Purbasari ngagambar virus anu dina papan tulis. Tapi, unggal bagian nulis kateranganna Purbasari siga nu ngarérét ka catetan Lukman, tuluy ditulis dina buku catetanna. Kitu deui lamun keur ulangan, sok nempo soalna wungkul.

Lukman panasaran naha kunaon sok nempo waé kana catetanna. Ari pék téh geuning panonna Purbasari téh geus teu pati jelas nalika nempo tulisan anu jauh. Lukman nanya deui naha teu bébéja ka kolotna sarta geus dipariksa atawa acan. Purbasari can wani bébéja ka kolotna sarta keur nabung ogé jang meuli kacamata. Lukman nawaran pikeun maké heula duitna, tapi Purbasari nolak pokona salila can aya kacamata mah rék nempo wé ka Lukman.

Keur anteng maca catetan jaman SMA, pamajikanana ngageroan nanyakeun saha nu naheur cai. Lukman kapohoikeun lantaran resep teuing macaan catetanana. Nya nu ayeuna jadi pamajikan Lukman téh Purbasari. Babaturan sabangku nu ayeuna jadi batur hirup salawasna.

Dumasar ringkesan carita di luhur, satuluyna baris dianalisis struktur caritana anu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan).

a) Téma Carita

Téma dina carpon “Tasma” nyaéta ngeunaan hiji lalaki mimiti wanoh jeung pamajikanana di SMA baheula. Lukman nu jaman SMA sabangku jeung Purbasari, nu ayeuna jadi pamajikanana. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun téma carita.

Basa keur ngobrol jeung babaturan anu anyar pinanggih, rentang-rentang aya budak awéwé datang. Sok wé tasna téh diteundeun dina bangku kuring. Gék wé manéhna téh diuk. Ku kuring ogé diantep wé da kagok keur ngobrol tacan kebat.

Sikep manéhna anu tiis alah batan és téh lain ukur carita

(T/KU9/KC151)

Baheula anu jadi babaturan sabangku, kiwari geus jadi batur hirup salawasna.

(T/KU9/KC154)

b) Fakta Carita

Dina fakta carita téh baris dianalisis ngeunaan galur carita, palaku carita sarta watek palaku, jeung latar carita. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisisna.

1) Galur Carita

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Galur dina carpon “Tasma” téh nyaéta ngagunakeun galur campuran. Caritana dimimitian ku galur maju, nyaritakeun mangsa nu keur disorang ku Lukman nyaéta nu keur pindahan ka imah anyar jeung pamajikanana. Di tengah carita, ngagunakeun galur mundur, anu nyaritakeun Lukman manggih buku catetan jaman SMA tuluy éta buku dibaca salah sahijina carita nalika mimiti panggih jeung pamajikanana di SMA nu jadi babaturan sabangkuna. Di akhir carita, ngagunakeun deui galur maju nyaéta nalika Lukman digeroan ku pamajikanana nu nanyakeun saha anu naheur cai. Pamajikan anu ayeuna téh mangrupa babaturan sabangku nalika di SMA. Tahapan tina galur anu aya dina carita bisa dititénan tina cutatan di handap.

(a) Tahap *Situation*

Dina tahap *situation* nyaritakeun Lukman anu mimiti pindah ka imah anyar jeung pamajikanana, maranéhanana bébéres, sanajan capé gé teu weléh ngucapkeun sukur lantaran geus boga imah sorangan.

Poé ieu kuring jeung pamajikan mimiti pindah imah. Kamari sawaréh paparabotan mah geus nungtutan diakutan. Ayeuna kari bébéres. Sanajan capé ogé teu kendar nyukurkeun ni'mat ti Anjeunna. Kacida bagjana bisa boga imah sorangan.

(T/KU9/KC149)

(b) Tahap *Generating Circumstances*

Dina tahap *generating circumstances* nyaritakeun Lukman anu keur naheur cai, tuluy mawa kardus anu eusina buku hungkul. Lukman manggih buku catetan poéan keur jaman SMA.

Cul wé heula naheur cai mah. Kuring buru-buru ngajingjing kardus anu eusina buku téa.

Aéh, geuning aya buku batetan poéan anu nyelap. Nya di jerona pirang-pirang panineungan kuring waktu saragem bodas kulawu.

(T/KU9/KC150)

(c) Tahap *Rising Action*

Dina tahap *rising action* nyaritakeun Lukman anu macaan deui catetan poéan basa jaman SMA. Catetan nalika mimiti panggih sarta wanoh jeung pamajikanana nu ayeuna. Baheula pamajikanana nu karék datang jol gék diuk dina bangku Lukman.

Basa keur ngobrol jeung babaturan anu anyar pinanggih, rentang-rentang aya budak awéwé datang. Sok wé tasna téh diteundeun dina bangku kuring. Gék wé manéhna téh diuk.

(T/KU9/KC151)

(d) Tahap *Climax*

Dina tahap *climax* nyaritakeun nalika Lukman keur sakola SMA, Purbasari babaturan sabangkuna anu sok nempo waé ka catetan Lukman. Nalika ditanya naha sok nempo waé, geuning panonna Purbasari téh kurang awas upama nempo tulisan anu jauh.

“rupina mah *miopia*. Éta wé upami ningal anu tebih wungkul teu awasna mah. Upami ningal anu caket mah biasa baé,” ceuk manéhna nétélakeun.

(T/KU9/KC153)

(e) Tahap *Denouement*

Dina tahap *denouement* nyaritakeun Lukman anu keur anteng maca, digeroan ku pamajikanana sarta ditanya saha anu naheur cai.

“Engkang!” sora pamajikan kapiireng nyalukan.


Asa kagebah keur anteng ngumbar panineungan téh. Sok buku catetan poéan mah diteundeun dina kasur.


“aya naon, Nyai?” Cék kuring, bari léos ka dapur.

“Saha anu naheur cai?”

(T/KU9/KC154)

Gambaran tahapan galur dina carpon *Tasma* nya éta ieu di handap.





Bagan 4.9

Tahapan Galur Carpon “Tasma”

Lian ti tahapan, galur ogé miboga unsur-unsur pangwangun nyaéta 1) konflik; 2) pembayangan (*foreshadowing*); 3) penundaan (*suspense*), nyaéta di handap ieu.

1) Konflik

Konflik dina ieu carpon nyaéta nalika Purbasari sok nempo waé kana catétan Lukman. Tuluy Lukman nanya ku naon, geuning Purbasari téh teu awas upama nempo tulisan nu jauh.

2) Pembayangan (*foreshadowing*)

Pembayangan dina ieu carpon nyaéta nalika Lukman jadi panon keur Purbasari sababaraha bulan, lantaran Purbasari can bisa mariksa panonna jeung teu maké kaca mata *minus*. Kabayang kumaha Lukman jadi panon keur Purbasari di sakola salila diajar.

3) penundaan (*Suspense*)

Penundaan dina ieu carpon nyaéta aya dina nalika Lukman digeroan ku pamajikanana. Nyaritakeun keur jaman SMA na jadi teu dituluykeun. Teu apal kumaha caritana Lukman jeung Purbasari bisa jadi salaki pamajikan.

2) Palaku Carita

Palaku anu aya dina carita “Cinta” bisa ditingali dina tabél di handap

Tabél 4.9
Palaku Carita “Tasma”

No.	Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Panokohan	
		Utama	Tambahan	Protagonis	Antagonis
1.	Lukman	√		√	
2.	Purbasari	√		√	
3.	Bima		√	√	

a) Palaku utama jeung palaku tambahan

Palaku utama dina carpon “Tasma” nyaéta Lukman jeung Purbasari. Lukman jeung Purbasari aya dina unggal runtuyan kajadian dina carita ti awal nepi ka ahir. Sedengkeun palaku tambahan dina ieu carpon aya hiji nyaéta Bima, anu dicaritakeun saliwat di jaman SMA, caritana jadi babaturan kelasna Lukman jeung Purbasari.

b) Watek palaku

Watek palaku anu baris dianalisis nyaéta Lukman jeung Purbasari salaku palaku utama. Watek unggal palaku kapanggih dina eusi carita boh ngaliwatan naskah pangarang boh ngaliwatan dialog palaku. Dumasar hasil analisis, watek palaku téh bisa ditingali tina cutatan di handap ieu.

1) Lukman

Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis watek Lukman dina carpon.

1) Bageur

“Kumaha upami diémbohan heula ku artos abdi? Mugi waé tiasa énggal diparios,” ceuk kuring nawaran.

(T/KU9/KC153-154)

Nya ti harita kuring jadi panon keur manéhna.

(T/KU9/KC154)

2) Resep maca/*kutu buku*

Geus lila resep kana maca téh.

(T/KU9/KC150)

Teu katuluyan, kuring tuluy miluan maca buku.

(T/KU9/KC151)

3) Soméah

Kuring nyampeurkeun manéhna.

“Sim kuring Lukman. Dupi jenengan téh saha?” Ceuk kuring pangangguran ngamimitian nikukur.

(T/KU9/KC151)

2) Purbasari

Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis watek Purbasari dina carpon.

1) Cuek/Tiis

Sok wé tasna téh diteundeun dina bangku kuring. Gék wé manéhna téh diuk.

Éh, éta mah anteng wé kalah ka maca buku bari rasa ditompokeun macana téh.

Sikep manéhna anu tiis alah batan és lain ukur carita.

(T/KU9/KC151)

2) Rajin nabung

Ieu ogé nuju tabung heula kanggo mésér tasma.

(T/KU9/KC153)

3) Jujur

Lamun keur ulangan ogé sok angger nempo wé, tapi ménta idin heula deuk nempo soalna wungkul cenah.

Kuring percaya ku lanataran nilaina mah nya éta osok béda.

(T/KU9/KC152)

3) Latar Carita

Latar anu baris dianalisis dina carpon “Tasma” nyaéta aya latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial.

1) Latar Waktu

Latar waktu anu kapaluruh dina carpon “Tasma” téh aya nu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu jeung titimangsa. Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu nya éta sajam. Sedengkeun latar waktu nu nuduhkeun titimangsa nya éta poé ieu, kamari, ayeuna, harita, isuk kénéh, jeung dina hiji mangsa. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisisna.

Latar waktu anu nuduhkeun latar durasi waktu nu tangtu dina carpon “Tasma” nyaéta di handap ieu.

1) Sajak

Meunang sajam bébérés téh.

(T/LW/KU9/KC150)

Latar waktu anu nuduhkeun titimangsa dina carpon “Tasma” nyaéta di handap ieu.

1) Poé ieu

Poé ieu kuring jeung pamajikan mimiti pindah imah.

(T/LW/KU9/KC149)

2) Kamari

Kamari sawaréh paparabotan mah geus nungtutan diakutan.

(T/LW/KU9/KC149)

3) Ayeuna

Ayeuna kari bébérés.

(T/LW/KU9/KC149)

Ayeuna mah sementawis upami tulis téh ningal heula ka anjeun,

(T/LW/KU9/KC154)

4) Harita

Harita téh mimiti asup sakola.

(T/LW/KU9/KC151)

Harita téh kabeneran keur ngabahas perkara virus.

(T/LW/KU9/KC152)

Nya ti harita kuring jadi panon keur manéhna.

(T/LW/KU9/KC154)

5) Isuk kénéh

Ngahaja isuk kénéh miang ka sakola téh ku lantaran hayang diuk panghareupna.

(T/LW/KU9/KC151)

6) Dina hiji mangsa

Dina hiji mangsa aya pelajaran biologi.

(T/LW/KU9/KC152)

2) Latar Tempat

Latar tempat anu aya dina carpon “Tasma” nyaéta di tengah imah, di dapur, jeung di kamar. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis latar tempat dina carpon.

1) Di tengah imah

Babawaan diasupkeun kabéh, sok digundukkeun heula di tengah imah.

(T/LT/KU9/KC149-150)

2) Di dapur

Di dapur ogé tangtu geus sarwa beresih.

(T/LT/KU9/KC150)

3) Di kamar

Ngahaja di kamar téh sayaga erak buku.

(T/LT/KU9/KC150)

3) Latar Sosial

Latar sosial nu kapaluruh dina carpon “Tasma” nyaéta latar sosial handap ka menengah. Di handap mangrupa cutatan latar sosial dina carita.

“Teu acan nya éta. Abdi téh teu acan wantun nyarios ka sepuh mah. Ieu ogé nuju tabung heula kanggo mésér tasma. Kahoyong mah tiasa mésér sorangan,” ceuk manéhna.

(T/LS/KU9/KC153)

Kacida bagjana bisa boga imah sorangan.

(T/LS/KU9/KC149)

Ayeuna mah teu pati produktif lantaran rada kaséngkér ku pagawéan.

(T/LS/KU9/KC150)

c) Sarana Carita

Sarana carita anu baris dianalisis dina carpon “Tasma” nya éta judul jeung puseur implengan. Hasil analisisna nyaéta di handap ieu.

a. Judul

Judul carpon “Tasma” anu hartina kacamata. Saluyu jeung eusi caritana nyaéta Lukman miboga babaturan sabangku anu panonna kurang awas nalika ningali anu jauh. Tuluy disarankeun pikeun dipariksa jeung maké tasma, tapi duitna can ka kumpul. Lukman ngomong kudu buru-buru dipariksa lantaran hariwang.

“Rupina mah *miopia*. Éta wé upami ningal anu tebih wungkul teu awasna mah. Upami ningal anu caket mah biasa baé,” ceuk manéhna nétélakeun. Ieu ogé nuju tabung heula kanggo mésér tasma.

(T/KU9/KC153)

“Mugi waé saénggalna tiasa diparios. Hawatos, Nyai” ceuk kuring bari imut.

(T/KU9/KC154)

b. Puseur Implengan

Dina carpon “Tasma” pangarang ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji. Lantaran pangarang nuliskeun palaku utama maké kecap ‘kuring’

pikeun nyaritakeun sagala runtuyan kajadian ti awal nepi ka ahir carita. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis dina carita.

Kuring buru-buru ngajingjing kardus anu eusina buku téa.
(T/KU9/KC150)

Kuring nyampeurkeun manéhna.
(T/KU9/KC151)

d) Patalina Judul jeung Unsur séjénna

Dina patalina judul jeung unsur carita séjénna, perlu dianalisis heula struktur carita carpon nu judulna “Tasma”. Nu saterusna bisa dianalisis patalina judul jeung unsur carita séjén, nyaéta di handap ieu.

(a) Patalina Judul jeung Téma

Judul nu digunakeun dina ieu carpon rélévan jeung eusi carpon. Patalina judul jeung téma dina ieu carpon nyaéta téma na ngeunaan kahirupan asmara lalaki jeung wanoja nu mimiti wanoh nalika jaman SMA. Patali jeung judul lantaran maranéhna jadi bisa ngobrol jeung deukeut lantaran ku ayana obrolan ngeunaan tasma atawa kaca mata nu kudu dibeuli ku Purbasari.

(b) Patalina Judul jeung Fakta Carita

Dina ieu carpon ngagunakeun galur campuran, dina tengah carita maké galur mundur pangarang nepikeun eusi carita nu rélévan jeung judul. Nalika Lukman nyarankeun Purbasari mariksa panonna ogé maké kaca mata.

Patalina judul jeung Tokoh Purbasari nyaéta lantaran miboga *miopia* jadi kudu maké kaca mata.

(c) Patalina Judul jeung Puseur Implengan

Puseur implengan nu digunakeun nyaéta jalma kahiji, pangarang nyieun carita nu asa ditepikeun ku Lukman sorangan ka nu maca. Sangkan nyieun judul nu digunakeun ogé rélevan jeung eusi carita nu mimiti bisa ngobrol tuluy deukeut jeung pamajikanana baheula.

4.1.2 Hasil Analisis Aspék Sosial

Dina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 kapaluruh aspék sosial anu béda-béda dina unggal caritana. Aspék sosial anu ditalungtik diklasifikasikeun dumasar téori aspék sosial Soejono Soekanto, aspék sosialna kabagi jadi lima nya éta aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial atikan.

Tabél 4.10

Analisis Aspék Sosial dina Kumpulan Carpon *Cinta*

No.	Judul Carpon	Aspék Sosial				
		Agama	Moral	Ékonomi	Politik	Atikan
1.	“Cinta”	✓	✓	✓	✓	✓
2.	“Kagémbang Kalangkang Heulang”	✓	✓	✓	-	✓
3.	“Naratna Duriat”	✓	✓	✓	✓	✓
4.	“Balakaciut”	✓	✓	-	✓	-
5.	“Ligarna Haté”	✓	✓	✓	-	✓
6.	“Nu Kungsi Dipiharep”	✓	✓	✓	✓	-
7.	“Sanggeus Sapuluh Taun”	✓	✓	-	-	✓

No.	Judul Carpon	Aspék Sosial				
		Agama	Moral	Ékonomi	Politik	Atikan
8.	“Nu Teu Dipiharep”	✓	✓	✓	-	-
9.	“Tasma”	✓	✓	✓	-	✓

4.1.2.1 Aspék Sosial Agama

Aspék sosial agama mangrupa aspék nu patali jeung ajaran, paréntah, hubungan agama sarta amalanna. Implémentasina aspék sosial agama dina diri manusa nyaéta ngaamalkeun ajaran agama (ibadah) saluyu jeung paréntah ti Allah Swt., silih tulungan ka papada manusa, hormat ka nu jadi kolot, sarta sikep-sikep anu kapuji, luyu jeung aturan agama.

Dumasar hasil analisis aspék sosial agama dina salapan carpon téh hasilna kabéh miboga aspék sosial agama dina eusi caritana. Aspék sosial agama anu kapaluruh nyaéta nu némbongkeun sikep-sikep manusa saperti paduli ka sasama manusa, ibadah ka Allah Swt., nembongkeun sikap nu dianjurkeun ku Allah Swt. nalika aya kabungah dina haté, sarta ngalaksanakeun paréntah ti Allah Swt. Aspék sosial agama anu kapaluruh tina salapan carpon téh nyaéta di handap ieu.

a) Carpon “Cinta”

Aspék sosial agama dina carpon “Cinta” kapaluruh tina sikep palaku utama anu sadar ngeunaan rezeki budak di panti téh dibabarikeun ku Alloh ngaliwatan manéhna. Di dieu Cinta geus lila jadi donatur panti. Kapaluruh ogé nalika Cinta pasrah ka Alloh, sanggeus manéhna divonis moal bisa boga budak deui. Di dieu Cinta percaya kana rencana Gusti Alloh, yén bakal dipaparin kabagjaan kahareupna. Ieu di handap mangrupa cutatan tina carita nu némbongkeun aspék sosial agama dina ieu carita.

Gusti Allah maparin rejeki nu terus ngamalir ngaliwatan Cinta.

Dipasrahkeun ka alloh Swt. Nu Kagungan.

(C/ASA/KU1/KC3)

Gusti Alloh maparin jalan. Cinta diharepkeun sadia milu ngurus barudak panti ku yayasan.

Gusti Allah ngaguratkeun takdir Cinta jadi indung di panti.

Mungguh sagalarupa ogé ngan kumaha Allah Nu Maha Kawasa.

(C/ASA/KU1/KC5)

b) Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”

Aspék sosial agama dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” kapaluruh tina sikep palaku utama nalika diajak panggih ku Kang Munandar, Enéng ménta panggih bada lohor. Di dieu Enéng minuhan kawajiban salaku umat Muslim nyaéta ngalaksankeun ibadah ka Allah Swt., Sarta kapaluruh nalika Enéng sadar jeung tobat yén manéhna geus ngalengkah di jalan nu salah. Kapaluruh ogé dina sikep Kang Munandar anu nembongkeun rasa sukurna ku cara ngucapkeun Hamdallah lantaran dipaparin kaséhatan. Aspék sosial agama dina ieu carita bisa katitén dina cutatan di handap ieu.

Ramo téh bet hideng ngirim balesan, ‘Bada lohor wé’.

(KKH/ASA/KU2/KC8)

“Alhamdulillah, saréhat jeung nyaraaheun.”

Tobat ka Gusti, rumasa ngaléngkah dina jalan salah.

(KKH/ASA/KU2/KC12)

c) Carpon “Naratna Duriat”

Aspék sosial agama dina carpon “Naratna Duriat” kapaluruh tina sikep palaku utama anu sadar yén ayeuna mah hirupna téh kari ibadah nu jongjon, sangkan bisa babarengan dedui jeung salakina di ahérat. Sarta kapaluruh nalika

palaku utama ngalesotkeun mukena. Di dieu palaku utama geus ngalaksanakeun sholat nu mangrupa ibadah wajib ka Allah. Di handap mangrupa cutatan tina carita anu némbongkeun ayana aspék sosial agama.

Ayeuna mah kari ibadah nu jongjon. Nu diteda téh taya deui iwal hayang babarengan deui jeung salaki, di alam pawenangan.

Kuring kakara rérés Asar, kadéngé nu uluk salam. Kakara rék disanghareupan, sabada kuring ngalésotkeun mukena.

(ND/ASA/KU3/KC18)

d) Carpon “Balakaciut”

Aspék sosial agama dina carpon “Balakaciut” kapaluruh tina sikep Salsa nalika metik lalab atawa dangdaunan nu sok bari macakeun sholat. Sarta tina sikep Aki na Salsa anu méré nyaho yén balakaciut nu bisa dipake jadi parab hayam jeung lauk, nu mangrupa rejeki ti Alloh. Ogé kapaluruh nalika Aki na nembongkeun rasa syukur ka Alloh ku cara nyebutkeun “Alhamdulillah”. Kapaluruh ogé tina sikep palaku utama anu ngucapkeun ‘Basmallah’ nalika rék melak tutuwuhan jeung sikep Salsa nu ngucapkeun salam nalika panggih jeung Kang Jojo. Aspék sosial agama dina ieu carita bisa katitén dina cutatan carita di handap.

Inget baheula, Salsa metik lalab atawa miceun dangdaunan garing anu maruragan di buruan akina, sok teu weléh maca salawat.

(B/ASA/KU4/KC22)

Rada tarik manehna nyebut Alhamdulillah, nempo lauk-laukna ngahanca parabna.

‘Bismillah.’

(B/ASA/KU4/KC23)

“Assalamu’alaikum warahmatullahi wabarakatuh, manawi téh teu aya sasaha. Tos lami? Kang Jojo nya, sobat almarhum Kang Dartu...”

(B/ASA/KU4/KC24)

e) Carpon “ Ligarna Haté”

Aspék sosial agama dina carpon “Ligarna Haté” kapaluruh tina sikep Chandra nalika datang ka imah Sondari anu ngucapkeun salam jeung nalika Chandra ngadoakeun Bapa na Sondari. Kapaluruh ogé tina sikep Bapa na Sondari anu ngadoakeun anakna. Sarta kapaluruh tina sikep Sondari anu nembongkeun rasa sukurna ka Alloh dina jero haté. Ieu di handap mangrupa cutatan nu némbongkeun ayana aspék sosial agama dina carpon.

“Assalamu’alaikum,”

(LH/ASA/KU5/KC41)

“Jauhan Chandra, da loba lalaki mah. Didungakeun ku Apih, sing meunangkeun nu leuwih ti manéhna.”

(LH/ASA/KU5/KC43)

Jero haténa muji syukur ka Nu MahaAgung, naon nu dipikasieun ku Sondari téh geuning teu ngabukti.

(LH/ASA/KU5/KC44)

“Muhun, cekap panginten. Abdi nyanggakeun panglayad. Mugia Bapa énggal damang sabihara-bihari deui. Mangga dikantun.”

(LH/ASA/KU5/KC45)

f) Carpon “Nu Kungsi Dipiharep”

Aspék sosial agama anu aya dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” kapaluruh tina sikep palaku panambah nu ngucapkeun salam nalika kakara datang. Ngucapkeun salam nalika datang ka hiji tempat atawa panggih jeung jalma lian mangrupa sikep anu diajarkeun dina agama. Ieu di handap mangrupa cutatan tina carita anu nuduhkeun ayana aspék sosial agama.

“Assalamu’alaikum”

(NKD/ASA/KU6/KC95)

g) Carpon “Sanggeus Sapuluh Taun”

Aspék sosial agama dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” kapaluruh tina omongan palaku utama nalika ngadéskripsikeun wanoja anu dipikaresepna, nu geus apal 5 juz Al-Quran. Sarta kapaluruh tina sikep Dirham anu némbongkeun rasa sukurna ka Alloh nalika ditanya kaséhatan, jeung nalika Dirham némbongkeun rasa ngilu béla sungkawa ku cara nyebutkeun “Innalillahi”. Ieu di handap mangrupa cutatan anu nuduhkeun aspék sosial agama dina carita.

Harita geus apal lima juz al-Quran manéhna mah, éléh kuring mah nu teu sajuj-sajuz acan.

(SST/ASA/KU7/KC121)

“Aa, damang?” Sorana haroshos.

“Alhamdulillah,” kuring ngawalon.

“Inna lillahi wa inna illaihi rojiun.”

(SST/ASA/KU7/KC127)

h) Carpon “Nu Teu Dipiharep”

Aspék sosial agama dina carpon “Nu Teu Dipiharep” kapaluruh tina sikep palaku utama anu ridho diperlakukeun teu genah ku indungna. Kapaluruh ogé tina sikep Bapa na nu ngélingan Enéng ngeunaan kudu hadé ka nu jadi indung, lantaran sorga dina dampal indung téh mangrupa katerangan ti ajaran agama. Kapaluruh ogé nalika palaku utama anu nyebutkeun istigfar nalika nempo kalakuan indungna. Di handap mangrupa cutatan anu nuduhkeun aspék sosial agama dina eusi carita.

Mamah, rido lillahita’ala.

(NTD/ASA/KU8/KC137)

Nu aya saban mapagahan, Bapa ngingetan, Sing hadé ka indung. Surga keur anak-anakna.

(NTD/ASA/KU8/KC138)

“astaghfirullohal adziim, Mamah ku naon? Istighfar, Mah. Istighfar!”

(NTD/ASA/KU8/KC142)

i) Carpon “Tasma”

Aspék sosial agama dina carpon “Tasma” kapalutuh tina sikep palaku utama, Lukman anu ngucapkeun basmalah nalika rék muka panto di imah anyarna, nu mangrupa gambaran tina paréntah Alloh. Sarta nalika palaku utama némbongkeun rasa sukurna ku cara ngucapkeun ‘Alhamdulillah’ nalika karya-karyana di muat dina koran jeung majalah. Ieu di handap mangrupa cutatan tina eusi carita.

Saméméh muka panto, leungeun mah nyekel pageuh gagangna. Bismillah jadi tuturus pikeun kuring jeung pamajikan.

(T/ASA/KU9/KC149)

Baheula mah keur kuliah sok rajeun tulas-tulis. Alhamdulillah, geus loba anu dimuat dina koran jeung majalah.

(T/ASA/KU9/KC150)

4.1.2.2 Aspék Sosial Moral

Moral mangrupa hiji konsép aturan dina kahirupan anu dirumuskeun ku masarakat dina nangtukeun ajén-ajén boh nu hadé boh nu goréng dina kahirupan sapopoé di lingkunganana. Ajén moral ngawengku moral manusa ka Gusti, moral manusa ka dirina sorangan, moral manusa ka papada jalma, moral manusa kana waktu, moral manusa ka alam, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin. Aspék sosial moral kapaluruh dina carpon, lantaran kagambar tina sikep palaku di kaayaan sabudeureunana.

Dumasar hasil analisis, kapaluruh yén tina salapan carpon miboga aspék sosial moral. Aspék sosial moral anu kapaluruh na nyaéta aya moral ka papada jalma, moral ka dirina sorangan, jeung moral dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin. Ieu di handap mangrupa pedaran aspék sosial moral nu aya dina salapan carpon.

a) Carpon “Cinta”

Aspék sosial moral anu kapaluruh dina carpon “Cinta” nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. Dicaritakeun palaku utama, Cinta miboga kahayang pikeun ngadopsi jeung ngurus hiji budak nu aya di panti. Éta budak téh geus narik ati Cinta ti mimiti nempo, budak nu indung bapa na téh teu puguh saha-saha na. Ieu di handap mangrupa cutatan analisis aspék sosial moral dina carita.

Cacak lamun harita Cinta geus diidinan ngadopsi, sanajan can rumah tangga, hayang pisan mikanyaah jeung ngurus budak, nu teu indung teu bapa kawas Béntang.

(C/ASM/KU1/KC3)

b) Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”

Dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” kapaluruh aspék sosial moral dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin. Dina ieu carita palaku utama nu keur meujeuhna loba kahayang tuluy dicumponan ku Kang Munandar. Ieu di handap mangrupa cutatan aspék sosial moral dina carita.

Neugtreug mawa karep sorangan. Kituna téa mah, rék teu poék pikir kumaha. Kaayaan kuring harita nu keur meujeuhna sagala hayang kacumponan, boh kabutuh lahir boh kabutuh batin.

(KKH/ASM/KU2/KC8)

c) Carpon “Naratna Duriat”

Aspék sosial moral dina carpon “Naratna Duriat” nu kapaluruh nyaéta aspék sosial moral ka dirina sorangan. Dina ieu carita kacaritakeun palaku utama anu teu boga niat keur nikah deui lantaran manéhna sadar diri yén ngarasa

geus kolot, éra ku anak incu. Ieu di handap mangrupa cutatan aspék sosial moral dina carita.

Saenyana harita gé jawaban kuring téh geus tandes, yén taya niat rék rarabi deui. Loba alesan mah, malah dicaritakeun ku manéhna gé. Kahiji ngarasa geus kolot, umur geus rék tujuh puluh taun. Karunya ka barudak. Heug Si Cikal minantuan. Kacipta éraeunana, indungna panganténan kawas nu papaheula jeung incu.

(ND/ASM/KU3/KC15)

d) Carpon “Balakaciut”

Aspék sosial moral nu kapaluruh dina carpon “Balakaciut” nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. Dina ieu carita Salsa nu sok indit ka leuweung, inget ka akina tuluy sok mawa balakaciut minangka oléh-olé. Ieu di handap mangrupa cutatan aspék sosial moral dina carita.

Inget baheula, keur mapay leuweung, gigireun jalan satapak. Kérésék anu dina ranselna, dieusian balakaciut. Majar téh oléh oléh keur akina.

(B/ASM/KU4/KC22)

e) Carpon “Ligarna Haté”

Aspék sosial moral nu kapaluruh dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. Dina ieu carita, Sondari ka ditu ka dieu néangan golongan darah nu sarua jeung golongan darah bapana. Néangan ka PMI kosong, tuluy nyarita ka Chandra ari pék golongan darah Chandra sarua. Ieu di handap mangrupa cutatan aspék sosial moral dina carita.

Harita Sondari bur-ber néangan darah golongan B. Manéhna sorangan teu bisa nulungan da golongan darah A, milu ka indungna. Aya gé dulurna tiluan nu golongan darahna B, euweuh nu asup syarat jadi pendonor basa dipariksa. Néang di PMI kabeneran keur kosong. Antukna ngumaha ka Chandra nu kabeneran golongan darahna sarua jeung bapana.

(LH/ASM/KU5/KC44)

f) Carpon “Nu Kungsi Dipiharep”

Aspék sosial moral nu kapaluruh dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. Kacaritakeun nalika aya pamaén nu cidera, tuluy Rahmi jeung tim médis méré perawatan. Ieu di handap mangrupa cutatan aspék sosial moral dina carita.

Rahmi jeung tim médis geuwat lumpat. Wasit méré isarah kudu aya perawatan. Rada lila ogé nepi ka tungtungna mah dituyun ka luar lapang. Kuring kudu nyiapkeun pamaén pengganti. Tapi yakin Zidan bisa maén deui.
(NKD/ASM/KU6/KC99)

g) Carpon “Sanggeus Sapuluh Taun”

Aspék sosial moral nu kapaluruh dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta aspék sosial moral dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin. Dina ieu carita palaku utama dina jéro haténa hayang manjangkeun deui hubungan jeung Anti nu baheula pernah pegat, ka hubungan anu leuwih serius. Ieu di handap mangrupa cutatan aspék sosial moral dina carita.

Kahayang mah kuring nyarita, kumaha upami urang manjangkeun lalakon nu kapungkur kantos kapegat.

(SST/ASM/KU7/KC128)

h) Carpon “Nu Teu Dipiharep”

Aspék sosial moral nu kapaluruh dina carpon “Nu Teu Dipiharep” nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. Dina ieu carita bapa téréna palaku utama nu ngurus ti leuleutik sok bela ka Enéng nalika aya nu ngaheureuyan, sarta mun rék nikah téh awéwé na ogé kudu mikanyaah Enéng. Ieu di handap mangrupa cutatan aspék sosial moral dina carita.

Bapa nu ngagedékeun kuring. Bapa nu nyakolakeun. Bapa nu ngagandong kuring ka dokter, mun sakalina gering. Bapa nu mangmeulikeun baju lebaran. Bapa nu geuwat ngupahan mun ceurik diheureuyan batur.

(NTD/ASM/KU8/KC138)

Alatan kuring Bapa gagal waé kawin. Bapa sok ngaku jeung ngajukeun pasaratan, yén geus boga budak jeung mun daék dikawin kudu milu mikanyaah ka budak, nya nyaah ka kuring. Mun henteu, kajeun pepegatan.
(NTD/ASM/KU8/KC140)

i) Carpon “Tasma”

Aspék sosial moral dina carpon “Tasma” nu kapaluruh nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. Nalika carita Lukman anu nyampeurkeun babaturan anyarna nu diuk dina bangku manéhna tuluy diajak wawanohan. Ieu di handap mangrupa cutatan aspék sosial moral dina carita.

Kuring nyampeurkeun manéhna. Kawasna mah pangna diuk dina bangku kuring téh jalaran euweuh deui bangku anu séjén. Katempona mah kabéh geus aya anu ngeusian tuda. Gék diuk téh gigireunana.
“Sim kuring Lukman. Dupi jenengan téh saha?” Ceuk kuring pangangguran ngamimitian nikukur.

(T/ASM/KU9/KC151)

4.1.2.3 Aspék Sosial Ékonomi

Aspék sosial ékonomi patali jeung kahirupan ékonomi masarakat dina prosés minuhan pangabutuh hirupna, ilaharna patali jeung kelas sosial ékonomi anu luhur, tengah, jeung handap. Dina ieu analisis baris dipedar aspék sosial ékonomi anu patali jeung pagawéan nu dilakonan ku palaku pikeun nyumponan pangabutuh hirupna.

Dumasar hasil analisis, aspék sosial ékonomi kapaluruh tina tujuh carpon. Sacara umumna aspék sosial ékonomi nu kapaluruh dina eusi carita nyaéta nu patali jeung pagawéan palaku, sarta masalah-masalah anu patali jeung ékonomi palaku dina carita. Dina carpon “Balakaciut” jeung carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” teu kapaluruh ayana aspék sosial ékonomi. Ieu di handap mangrupa analisis aspék sosial ékonomi tina tujuh carpon.

a) Carpon “Cinta”

Dina carpon “Cinta” kapaluruh aspék sosial ékonomi nyaéta anu patali jeung pagawéan atawa usaha palaku utama, Cinta pikeun minuhan kabutuh hirupna. Salian ti éta, hasil usaha Cinta ogé dipaké donasi ka panti, manéhna jadi donatur tetep di éta panti. Ieu di handap mangrupa cutatan anu némbongkeun ayana aspék sosial ékonomi dina ieu carita.

Usaha Cinta nu mandiri dina widang event-organizing, suksés.

(C/ASÉ/KU1/KC3)

b) Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”

Dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” kapaluruh aspék sosial ékonomi nyaéta nu patali jeung pagawéan anu dimeunangkeun ku palaku utama. Kacaritakeun nalika palaku utama karék lulus kuliah geus boga gawé nu pagawéanna kawilang hadé, gedé milik cenah lnataran teu kabeh sarjana bisa langsung boga gawé sanggeus bérés kuliah. Cutatan di handap némbongkeun ayana aspék sosial ékonomi dina carita.

Alus milik ceuk saréréa gé, ti lulus sakola téh teu lila geus meunang gawé nu hadé. Enya, da teu unggal sarjana bisa langsung meunang gawé bada lulus.

(KKH/ASÉ/KU2/KC8)

c) Carpon “Naratna Duriat”

Aspék sosial ékonomi kapaluruh dina carpon “Naratna Duriat” nyaéta aspék sosial ékonomi nu patali jeung kaayaan ékonomi palaku utama nu dibahanan ku tabungan ku salakina, jadi can pernah ngalaman kasusah dina urusan biaya hirup. Sarta kapaluruh ogé nu patali jeung pagawéan palaku tambahan, Kang Sodak, nu teu bisa datang ka imah Sinta lantaran keur aya rapat jeung para pemilik saham. Ieu di handap mangrupa cutatan hasil analisis aspék sosial ékonomi dina carita.

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cék saréréa kuring téh hirup senang. Keuna kana paribasa indit henteu hésé jig, dahar henteu hésé am, paké henteu hésé rap. Sagalana dicukup ku salaki. Henteu kungsi kasebut beurat beunghar, tapi can nyorang aya kasusah. Sajungna disaur ku Nu Kagungan, kuring geus dibahanan tabungan, mangrupa tanah jeung sawah di sababaraha lembur. Éta nu dijadikeun waragad hirup ku kuring.

(ND/ASÉ/KU3/KC18)

“Sumuhun, abdi téh dijurungan ku Bapa, saurna hapunten teu tiasa ka dieu. Margi teu tiasa ngantunkeun rapat sareng para pemilik saham.”

(ND/ASÉ/KU3/KC19)

d) Carpon “Ligarna Haté”

Aspék sosial ékonomi anu kapaluruh dina carpon “Ligarna Haté nyaéta nu patali jeung masalah silsilah kulawarga nu diukur tina ékonomi kulawarga. Dicaritakeun basa baheula Bapa na Sondari nu teu direstuan ku mitoha na lantaran lain ti kulawarga aya, sarta indung Sondari anu rék dijodokeun jeung kulawarga anu beunghar deui. Ieu di handap mangrupa cutatan anu nuduhkeun aspék sosial ékonomi nu aya dina carita.

“Apih nyaram téh tangtu aya alesanana. Baheula basa Apih keur hahadéan jeung indung hidep, sepuhna teu doaeun. Nepi ka diancam moal diaku anak, moal dibéré warisan jeung bakal dikaluarkeun tina silsilah kulawargana nu turunan ménak beurat beunghar. Sedeng Apih téh pan turunan cacah kuricakan. Jalma teu boga, manggih dahar gé hésé. Tapi indung hidep teu ngagugu ka sepuhna, kalah kam aksa kawin jeung Apih,” cék bapana dareuda.

(LH/ASÉ/KU5/KC45)

e) Carpon “Nu Kungsi Dipiharep”

Dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” kapaluruh aspék sosial ékonomi nu patali jeung pagawéan palaku. Nu kacaritakeun palaku utama nu teu yakin ka dirina sorangan ngeunaan panghasilan tina pagawéanana nu bakal leuwih leutik

ti pagawéan Sifa salaku dokter. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun aspék sosial ékonomi dina ieu carpon

Ari kuring teu pati yakin ka diri sorangan. Na bakal percaya kolotna ka olahragawan jiga kuring? Sedengkeun anakna calon dokter. Nya meureun kuméok méméh dipacok téa. Ngan ukur boga idealismeu maén bal téh. Perkara panghasilan teu dileuleungit, leuwih ti cukup keur sorangan mah. “Cita-cita jadi dokter téh sanés ngudag harta. Istuning idealismeu hoyong babantu ka nu susah. Urusan panghasilan langkung mah anggap bonus wé”. Kitu pok-pokan Sifa harita.

(NKD/ASÉ/KU6/KC97)

f) Carpon “Nu Teu Dipiharep”

Aspék sosial ékonomi nu kapaluruh dina carpon “Nu Teu Dipiharep” nyaéta patali jeung masalah nu dipiboga ku indung palaku utama ngeunaan hutang. Dicaritakeun indungna rék ngajodokeun Enéng lantaran keur panaur hutang indungna. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun aspék sosial ékonomi dina ieu carpon.

Geuning ku naon Mamah ngamprokan jeung ngajak ka imah Mamah, horéng rék ngajodokeun Néng sakaligus dijadikeun panaur hutang Mamah nu salaput hulu ka tukang rénten.

(NTD/ASÉ/KU8/KC142)

g) Carpon “Tasma”

Dina ieu carpon kapaluruh aspék sosial ékonomi nu patali jeung masalah nu dipiboga ku Purbasari nu can bisa mariksa panonna. Lantaran Purbasari masih kénéh nabung keur mariksa panonna jeung meuli kaca mata sangkan maké duit sorangan. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun aspék sosial ékonomi dina carpon “Tasma”.

“Teu acan nya éta. Abdi téh teu acan wantun nyarios ka sepuh mah. Ieu ogé nuju nabung heula kanggo mésér tasma. Kahoyong mah tiasa mésér sorangan,” ceuk manéhna.

(T/ASÉ/KU9/KC153)

4.1.2.4 Aspék Sosial Politik

Aspék sosial politik miboga dua indikator anu penting patali jeung atikan sarta kapamingpinan. Tangtu, dina carita aya waé kajadian nu patali jeung aspék sosial politik, éta hal kagambar tina dialog atawa naskah dina carita. Ilaharna, aspék sosial politik dina carita patali jeung kumaha cara ngaping, ngajar, sarta latihan di kulawarga, masarakat, jeung pamaréntah. sedengkeun dina unsur kapamingpinan patali jeung kumaha cara mingpinna, kumaha pangaweruh sarta pangaruh pamingpin di masarakat, kumaha tanggungjawabna dina kapamingpinan, jeung kumaha cara mingpin nu sahandapeunana. Ieu di handap mangrupa analisis ngeunaan aspék sosial politik nu kapaluruh dina salapan carpon.

Dumasar analisis aspék sosial politik dina salapan carpon, kapaluruh tina opat carpon. Nu kapaluruhna nyaéta katingali tina sikep sarta cara gawé atawa kapamingpinan palaku dina carita. Dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”, “Ligarna Haté”, “Sanggeus Sapuluh Taun”, “Nu Teu Dipiharep”, jeung carpon “Tasma” teu kapaluruh ayana aspék sosial politik dina carita.

a) Carpon “Cinta”

Aspék sosial politik nu kapaluruh dina carpon “Cinta” kagambar tina sosok Cinta anu dipénta keur jadi gaganti tugas Ibu Pimpinan panti. Kacaritakeun lantaran pihak panti nu kataji ku cara gawéna Cinta anu tulatén. Jadi, cocok upama dijadikeun pimpinan di panti sarta ngurus barudak di panti. Ieu di handap cutatan nu nuduhkeun ayana aspék sosial politik tina ieu carita.

Cinta diharepkeun sadia milu ngurus barudak panti ku yayasan. Malah dititah ngaganti tugas Ibu Pimpinan panti nu geus hayangeun pangsiun. Pihak yayasan kataji ku getén jeung tulaténna Cinta.

(C/ASP/KU1/KC5)

b) Carpon “Natratna Duriat”

Aspék sosial politik nu kapaluruh dina carpon “Natratna Duriat” nyaéta ayana unsur kapamingpinan di perusahaan. Dina ieu carita, Kang Sodak miboga perusahaan nu beuki gedé sarta beuki loba cabangna. Hartina, dina ieu carita sosok Kang Sodak téh jalma nu apal kumaha cara mingpin sangkan perusahaan nu dipibogana jadi tuluy mekar. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun ayana aspék sosial politik dina carita.

Harita manéhna nyorocos nyaritakeun perusahaanana nu cenah beuki gedé jeung beuki loba cabangna.

(ND/ASP/KU3/KC18)

c) Carpon “Balakaciut”

Dina carpon “Balakaciut” aspék sosial politik nu kapaluruh nyaéta nalika Aki na Salsa nyarita yén anjeunna diajar ti masarakat pas keur jadi pamingpin di sakola pamongpraja. Hartina, baheula nalika Aki jadi pamingpin téh henteu asa pang urang na, lantaran teu masarakat waé nu diajar ka anjeunna. Tapi, Aki na ogé nu diajar ka masarakat. Aspék sosial politik ieu bisa ditingali tina cutatan di handap.

“... Aki mah lulusan sakola pamongpraja diajar ogé ti masarakat anu dipingpin ku Aki. Ceuk balaréa éta téh balakaciut, bisa dipaké parab hayam jeung lauk, nya enggeus diparabkeun. Rezeki ti Gusti Allah, maenya kudu mubadzir.” Kitu jawab Aki harita.

(B/ASP/KU4/KC22)

d) Carpon “Nu Kungsi Dipiharep”

Aspék sosial politik nu kapaluruh dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta tina kabisa nu dipiboga ku palaku utama nu cocok jadi pelatih bola. Kacaritakeun nalika palaku utama jeung Sifa ngobrol ngeunaan pagawéan kahareupna nu cocok keur palaku utama nyaéta jadi pelatih sarta bisa ogé muka

sakola maén bal tangtu manéh na anu ngalatih. Ieu di handap cutatan nu nuduhkeun ayana aspék sosial politik dina carita.

Tah, nu cocog pikeun tipeu jiga kuring mah jadi pelatih. Bisa ogé muka sakola maén bal, modél SSB.

(NKD/ASP/KU6/KC97)

4.1.2.5 Aspék Sosial Atikan

Aspék sosial atikan lain ukur dimeunangkeun di lembaga-lembaga atikan, tapi bisa ogé dimeunangkeun di mana waé. Atikan mangrupa hiji prosés parobahan kanu leuwih hadé, saperti ngadidik ogé diajar pikeun nambahan pangaweruh dina diri manusa. aspék sosial atikan kabagi jadi dua nyaéta aya atikan formal jeung atikan informal. Ieu di handap mangrupa analisis aspék sosial atikan tina carpon.

Dumasar analisis aspék sosial atikan nu kapaluruh aya genep carpon. Aspék sosial atikan nu kapaluruh téh patali jeung atikan formal di sakola jeung perguruan tinggi. Cutatan anu nuduhkeun ayana aspék sosial atikan dina eusi carpon nyaéta ieu di handap.

a) Carpon “Cinta”

Dina carpon “Cinta” kapaluruh aspék sosial atikan nyaéta nyaritakeun nalika Béntang nu karék kaluar ti kelas na bari mawa tas nu gedé jeung leutik. Cutatan anu nuduhkeun aspék sosial atikan dina carita nyaéta di handap ieu.

Ayeuna mah enya, panto nu muka téh kelas Béntang. Cinta nangtung ngawaskeun kelas Béntang. Tas gedé jeung nu leutik geus dijingjing.

(C/ASAt/KU1/KC5)

b) Carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”

Aspék sosial politik nu kapaluruh dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” nyaéta dicaritakeun nalika Enéng nu karék lulus geus meunang gawé. Ieu di handap cutatan anu némbongkeun ayana aspék sosial atikan dina carpon.

ti lulus sakola téh teu lila geus meunang gawé nu hadé. Enya da teu unggal sarjana bisa langsung meunang gawé bada lulus.

(KKH/ASAt/KU2/KC8)

c) Carpon “Balakaciut”

Dina carpon “Balakaciut” kapaluruh aspék sosial atikan nyaéta kacaritakeun Kang Jojo nu keur nyieun proposal tugas akhir kuliah nepi ka diteruskeun ka méja sidang. Lantaran proposalna jadi pinunjul meunang acungan jempol ti para dosén. Ieu di handap mangrupa cutatan nu nuduhkeun ayana aspék sosial atikan dina carpon.

Maju taun kaopat, kuring nyieun proposal proyek pamungkas tugas akhir kuliah. Kuring agul kabina-bina lantaran proposal kuring dipeunteun pinunjul pisan.

Harita tinggal nungguan panalungtikan Amdal jeung Direktorat Lingkungan katut Direktorat séjénna anu kudu taliti nyieun kaputusan. Tapi ujian proposal kuring mah diteruskeun nepi ka méja sidang sarjana.

Kuring jadi sarjana.

(B/ASAt/KU4/KC26)

d) Carpon “Ligarna Haté”

Aspék sosial atikan nu kapaluruh dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta nyaritakeun Bapana Sondari anu kuliah bari di gawé sarta ngudag béasiswa keur kuliah deui. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun ayana aspék sosial atikan dina carita.

Lamun balik digawé, bapana langsung kuliah. Nu ngaranna béasiswa kuat ka diuudag, bakat ku hayang sakola.

(LH/ASAt/KU5/KC46)

e) Carpon “Sanggeus Sapuluh Taun”

Aspék sosial atikan nu kapaluruh dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta nu nyaritakeun Dirham anu geus lulus S2 sarta jadi dosén bari ngeureuyeuh kuliah S3. Aspék sosial atikan kapaluruh dina cutatan di handap ieu.

Ayeuna kuring geus lulus S2, geus jadi dosén di almamater tempat kuliah S1 baheula. Keur ngeureuyeuh kuliah S3. Sakeudeung deui baris sidang désertasi.

(SST/ASAt/KU7/KC126)

f) Carpon “Tasma”

Aspék sosial atikan nu kapaluruh dina carpon “Tasma” nyaéta nalika palaku nyaritakeun baheula keur sakola diajar biologi ngeunaan virus. Ieu di handap cutatan anu nuduhkeun ayana aspék sosial atikan dina carpon.

Dina hiji mangsa aya pelajaran biologi. Harita téh kabeneran keur ngabahas perkara virus. Ibu Guru nétélakeun yén virus téh leuwih leutik batan baktéri. Saurna ukur tiasa ditingali upami nganggo mikroskop éléktron.

(T/ASAt/KU9/KC152)

4.2 Pedaran

Dina ieu bagian baris dipedar hasil analisis struktural carita jeung aspék sosial carita. Ieu di handap mangrupa pedaranna.

4.2.1 Pedaran Struktural Carita

Dumasar kana analisis struktur carita salapan carpon tina buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Analisisna dumasar kana Tiori Struktural Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, latar), sarta sarana carita (judul jeung puseur implengan). Anapon ieu di handap mangrupa pedaran hasil analisisna.

Dina unggal carita karangan atawa karya sastra pasti miboga unsur téma. Téma carita bisa kapanggih ngaliwatan eusi caritana sorangan, pangarang teu nepikeun sarta ngagambarkeun sacara langsung ngeunaan téma carita. Tapi, téma ilaharna aya dina fakta-fakta carita, bakal kapanggih sabada carita dibaca nepi ka ahir. Dina carpon “Cinta” kapaluruh téma nu teu leupas tina masalah

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rumah tangga, nu hubungan jeung salakina jadi pegat lantaran gabug teu bisa boga anak nepi ka jadi pimpinan Panti. Téma nu kapaluruh dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” nyaéta nu teu leupas tina masalah kahirupan asmara nyaéta ayana perselingkuhan, hiji wanoja nu miboga hubungan asmara atawa papacangan tapi saukur jadi salingkuhan senior di kantorna. Dina carpon “Naratna Duriat” kapaluruh téma ngeunaan sosial kahirupan asmara dina rumah tanggana, nyaéta nyaritakeun kasatiaan pamajikan ka salakina nu geus maot, ku cara henteu kawin deui. Dina carpon “Balakaciut” téma anu kapaluruhna nyaéta sosial kahirupan asmara palaku utama, nyaritakeun ngeunaan rasa cintana ka hiji wanoja ti baheula nepi ayeuna nu kungsi kapiheulaan ku babaturanna. Téma nu kapaluruh dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta sosial kahirupan asmara hubungan wanoja nu awalna teu diréstuan ku kolotna tapi sabada nempo sikep lalakina, jadi ngaréstuan. Dina carita “Nu Kungsi Dipiharep” kapaluruh téma sosial kahirupan asmara tokoh Kuring nu bobogohan jeung hiji wanoja tapi teu jadi ngahiji lantaran teu percaya diri ku pakasaban dirina sorangan, nu antukna kawin jeung nu lain. Dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” téma nu kapaluruh nyaéta sosial kahirupan asmara, ngeunaan hubungan lalaki jeung wanoja nu pegat lantaran aya kasieun ti kolot wanojana. Dina éta carpon teu loba konflik nu kajadian lian ti euweuh réstu ti indung jeung bapana, ti dinya kajadianna biasa waé nepi ka ahirna ngahiji deui. Dina carpon “Nu Teu Dipiharep” kapaluruh téma sosial kulawarga nu teu leupas tina kahirupan asmara, ngeunaan budak nu ditinggalkeun ku indungna ti leutik nalika geus gedé indungna datang ngajemput ngajak cicing di imahna lantaran indungna miboga maksud keur ngajodokeun. Dina ieu carpon teu dijéntrékeun naon anu teu dipiharep dina eusi carita téh. Anu pamungkas dina carita “Tasma” kapaluruh téma ngeunaan sosial kahirupan asmara, hiji lalaki mimiti wanoh jeung pamajikanana di SMA baheula.

Dumasar hasil pedaran ngeunaan téma di luhur, tina salapan carpon sacara gurat badag kapaluruh téma carita nyaéta sosial kahirupan asmara, aya ogé nu

teu leupas tina masalah kulawarga jeung rumah tangga na. Anu henteu leupas tina masalah kulawarga mah lantaran ayana masalah réstu boh ti indungna boh ti bapana. Sarta anu teu leupas tina kahirupan rumah tangga mah aya anu papisah jeung aya anu jadi salingkuhan.

Galur carita anu kapaluruh tina salapan carpon téh nyaéta galur campuran. Aya salapan carpon anu miboga galur campuran, umumna dibuka ku galur maju anu nyaritakeun mangsa nu keur disorang ku palaku utama. Dibagian tengah carita, loba ngagunakeun galur mundur nu nyaritakeun nu geus kajadian atawa kungsi karandapan ku palaku. Dibagian ahir carita biasana ngagunakeun galur maju deui, balik ka kajadian nu keur di sorang ku palaku dina carita.

Palaku carita nu kapaluruh tina salapan carpon tangtu béda. Dina carpon “Cinta” kapaluruh aya tilu palaku. Palaku utama dina ieu carpon aya saurang nyaéta Cinta, sésa na dua jadi palaku tambahan nyaéta budak angkatna jeung salakina. Palaku anu kapaluruh dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” nyaéta aya tilu palaku, palaku utamana nyaéta Enéng. Palaku tambahanna aya dua nyaéta Kang Munandar jeung Mamah. Dina carpon “Naratna Duriat” nyaéta aya opat palaku. Palaku utamana aya hiji nyaéta Sinta. Palaku tambahanna aya tilu nyaéta Kang Rahadi, Kang Sodak, jeung Pa Nurja. Dina carpon “Balakaciut” aya tilu palaku. Palaku utamana aya hiji nyaéta Kang Jojo, sedengkeun palaku tambahanna aya dua nyaéta Salsa jeung Aki. Palaku nu aya dina carpon “Ligarna Haté” nyaéta aya genep. Palaku utama dina ieu carita aya dua nyaéta Sondari jeung Chandra. Sedengkeun palaku tambahanna aya opat nyaéta Kosasih, Indung Sondari, Novi, jeung Irwan. Dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” aya opat palaku. Palaku utamana aya hiji nyaéta Kuring (*Coach*), sedengkeun palaku tambahanna aya tilu nyaéta Dokter Sifa, Rahmi, jeung Zidan. Palaku nu aya dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” nyaéta aya lima palaku. Palaku utamana aya hiji nyaéta Dirham. Palaku tambahanna aya opat nyaéta Murwakanti, Dédé, Bapa Anti, jeung Indung Anti. Palaku nu aya dina carpon “Nu Teu Dipiharep” nyaéta aya tilu. Palaku utamana hiji nyaéta Enéng,

sedengkeun palaku tambahanna aya dua nyaéta Indung Enéng, jeung Bapa. Dina carpon “Tasma” kapaluruh aya tilu palaku. Palaku utamana aya dua nyaéta Lukman jeung Purbasari, sedengkeun palaku tambahanna hiji nyaéta Bima.

Ayana palaku dina unggal carita bisa leuwih ngamekarkeun eusi carita sarta ngirut perhatian nu maca. Unggal palakuna ogé miboga peran jeung fungsina séwang-séwangan, boh palaku utama boh palaku tambahan.

Struktur dina carita maluruh ogé ngeunaan latar caritana. Latar carita nu dianalisis na nyaéta aya latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial. Latar waktu patali jeung waktu, latar tempat patali jeung tempat lumangsungna hiji kajadian dina carita. Sedengkeun latar sosial anu patali jeung tingakatan sosial palaku.

Latar carita anu kapaluruh dina carpon “Cinta” nyaéta 1) latar waktuna: lima menit, lima taun, taun kamari, dina mangsa, jeung sakitu taun, 2) latar tempat: di TK Asih Ibu, di Panti Mutiara Kasih, jeung di Yayasan, 3) latar sosial: menengah ka luhur. Dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” kapaluruh latar carita nyaéta 1) latar waktu: pukul sapuluh, saptu, bada lohor, ayeuna, sababaraha jam, lima belas taun, ti taun ka taun, sapuluh taun, jeung taun kamari, 2) latar tempat: kamar, maranggi, di villa, di kantor, teras, jeung di lanté dua, 3) latar sosial: handap ka menengah. Dina carpon “Naratna Duriat” kapaluruh latar carita nyaéta 1) latar waktu: poé ieu, pukul dalapan, jam hiji, pukul opat soré, asar, sapuluh taun, taun kalima, tilu poé, sababaraha peuting, jeung sakitu puluh taun, 2) latar tempat: di teras imah, di rumah sakit, jeung ruang tengah, 3) latar sosial: menengah jeung luhur. Latar carita nu kapaluruh dina carpon “Balakaciut” nyaéta 1) latar waktu: tilu bulan, tilu taun, lima taun, dina waktu séjénna, poé ieu, baheula jeung kiwari, peuting, harita, taun kaopat, jeung kapungkur, 2) latar tempat: di Dayeuh Ngora jeung Gunung Kulambu, di kulon, di buruan, ka tukang, di tungtung jalan jeung di kota, tengah imah, di kénca, ka gunung, jeung di beulah katuhuna, 3) latar sosial: handap. Dina carpon “Ligarna Haté” latar carita nu kapaluruh nyaéta 1) latar waktu: ayeuna, baheula, pasosoré, harita, dua bulan ka tukang, mangsa ka tukang, unggal sasih, jeung teu lila, 2)

latar tempat: di buruan imah, rumah sakit, di jalan, ka dapur, di payuneun mall, di imah, jeung di buruan, 3) latar sosial: handap jeung luhur. Dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” latar carita nu kapaluruh nyaéta 1) latar waktu: poé ahad soré, harita, ayeuna, welasan taun ka tukang, dua taun, 16 taun, sapoé saméméh, lima taun, 2) latar tempat: lapang, di luar negeri, di téras imah, 3) latar sosial: menengah. Dina carpon “Sanggeus Sapuluh Tahu”, kapaluruh 1) latar waktu: poé munggaran kuliah, harita, bulan kamari, ayeuna jeung bada lohor, seméster tilu, basa adan magrib, tadi wengi, kamari, sapuluh taunna, dua minggu, dua poé, tillu dinten, dua taun jeung lima bulan, sapuluh taun, jeung lila pisan, 2) latar tempat: Asrama Tunanetra, di kampus, di hiji gedong Yayasan Netra Indonesia, di kamar Gelatik, di kamar Anggrek, di luhureun terminal Ledeng, di imahna, di Bandung, di masjid, di kamar mawar, di hiji SLB, 3) latar sosial : menengah ka luhur. Dina carpon “Nu Teu Dipiharep” kapaluruh 1) latar waktu: tengah peuting, subuh, beurangna, pasosoré, harita, samingguan, tilu poé, dua minggu, sabulan dua bulan, 2) latar tempat: di imah jeung di jalan, 3) latar sosial : handap ka menengah. Anu pamungkas dina carpon “Tasma” latar carita nu kapaluruh nyaéta 1) latar waktu: sajam, poé ieu, kamari, ayeuna, harita, isuk kénéh, dina hiji mangsa, 2) latar tempat :di tengah imah, di dapur, jeung di kamar, 3) latar sosial : handap ka menengah.

Tuluy, dina struktur carita kapaluruh ogé ngeunaan sarana caritana nyaéta aya judul jeung puseur implengan. Judul mangrupa hiji hal nu mimiti ditingali ku nu maca saacan maca leuwih euyeub ngeunaan caritana. Dumasar hasil analisis kapaluruh yén tina judul salapan carpon téh miboga patali antara judul jeung eusi carita. Ieu di handap pedaran patalina judul jeung eusi carita. Tapi, aya sababaraha carpon nu teu nyebutkeun judul dina carita sacara tinulis, nu hartina judul nu digunakeun téh nyamuni dina eusi caritana.

Kahiji aya carpon “Cinta” judulna saluyu jeung ngaran palaku utama sarta eusi caritana ngagambarkeun rasa cinta palaku utama boh ka mantan salakina nu nepi iraha waé gé moal pupus boh rasa cinta ka budak panti anu diasuhna,

utamana ka Béntang. Dina carpon kadua “Kagémbang Kalangkang Heulang” judulna miboga hartina kagoda ku nu can tangtu dipiboga ku urang masih kénéh bayang-bayang moal katepi, saluyu jeung eusi carita nu dijieun ku pangarang ngeunaan Enéng nu hayang nikah jeung Kang Munandar tapi teu sarua jeung kahayang Kang Munandar. Dina carpon nu katilu “Natratna Duriat” judulna upama dihartikeun mah nyaéta miboga rasa cinta sarta rasa nyaah anu jelas ukur ka saurang. Saluyu jeung eusi carita nyaéta nu nyaritakeun kumaha rasa cinta jeung nyaahna ka jenat salakina, sakumaha aya nu ngajak kawin deui gé anjeunna nolak, lantaran kanyaahna ukur ka jenat salakina. Carpon kaopat “Balakaciut” miboga pakait jeung eusi carita lantaran, balakaciut sorangan mangrupa hiji tutuwuhan anu sok dibawa ku Salsa upama ka leuweung keur oléh oléh akina. Tapi, balakaciut ogé can kapanggih harti nu sabenerna téh. Sigah rasa Kang Jojo ka Salsa nu can kaharti. Carpon kalima anu judulna “Ligarna Haté” patali jeung eusi carita nu nyaritakeun luluhna haté Bapana Sondari ka Chandra nu dipatalikeun jeung kahirupan Bapana jaman baheula. Sarta sarua jeung suasana haté Sondari anu sarua ligar siga kembang di buruan imahna. Dina carpon kagenep “Nu Kungsi Dipiharep” judulna aya pakait jeung eusi caritana yén nu dimaksud ku nu kungsi dipiharep téh nyaéta nalika palaku utama kungsi miharep hirup babarengan atawa laki rabi jeung wanoja anu dipikabogohna. Carpon katujuh nu judulna “Sanggeus Sapuluh Taun” patali jeung eusi carita yén ieu carpon téh nyaritakeun kahirupan asmara Dirham, nu geus lila teu panggih tuluy kakara bisa ngahiji deui pas sanggeus sapuluh taun. Dina carpon kadalapan “Nu Teu Dipiharep” patali jeung eusi carita dina carpon nyaéta palaku utama anu geus teu miharepkeun deui kedatangan indungna dina hirup manéhna. Tapi, dina ieu carpon teu ditepikeun sacara tinulis nu nuduhkeun palaku teu miharep kedatangan indungna dina eusi carpon. Anu pamungkas, dina carpon kasalapan “Tasma” miboga patali jeung eusi carita nyaéta Lukman miboga babaturan sabangku anu panonna kurang awas nalika ningali anu jauh, nu sakuduna maké kaca mata.

Anu pamungkas tina analisis struktur carita nyaéta puseur implengan. Tina salapan carpon nu dianalisis, kapaluruh aya dua nyaéta puseur implengan jalma kahiji ‘Kuring’, jeung puseur implengan jalma katilu. Puseur implengan jalma kahiji ‘Kuring’ tangtu kapaluruh dina tujuh carpon di antarana nyaéta, “Kagémbang Kalangkang Heulang”, “Natratna Duriat”, “Balakaciut”, “Nu Kungsi Dipiharep”, “Sanggeus Sapuluh Taun”, “Nu Teu Dipiharep” jeung “Tasma”. Anu ngagunakeun puseur implengan jalma katilu kapaluruh tina dua carpon di antarana nyaéta, carpon “Cinta” jeung “Ligarna Haté”.

4.2.2 Pedaran Aspék Sosial Carita

Dumasar hasil analisis, baris dipedar aspék sosial carita tina salapan carpon tina buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13. Analisisna dumasar Tiori Aspék Sosial Soejono Soekanti, aspék sosial na dibagi jadi lima nyaéta aya aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial atikan. Ieu di handap mangrupa hasil pedaranna.

Aspék sosial agama mangrupa aspék nu patali jeung ajaran, paréntah, hubungan agama sarta amalanana. Implémentasi tina aspék sosial agama dina diri manusa nyaéta ngaamalkeun ajaran agama (ibadah) saluyu jeung paréntah ti Allah Swt., silih tulungan ka papada manusa, hormat ka nu jadi kolot, sarta sikep-sikep anu kapuji, luyu jeung aturan agama. Aspék sosial agama nu kapaluruh dina carpon “Cinta” nyaéta tina sikep palaku utama anu sadar ngeunaan rezeki budak di panti téh dibabarikeun ku Alloh ngaliwatan manéhna. Ogé nalika Cinta pasrah ka Alloh, sanggeus manéhna divonis moal bisa boga budak deui. Di dieu Cinta percaya kana rencana Gusti Alloh, yén bakal dipaparin kabagjaan kahareupna. Dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” aspék sosial agama kapaluruh tina sikep palaku utama nalika diajak panggih ku Kang Munanadar, Enéng ménta panggih bada lohor. Di dieu Enéng minuhan kawajiban salaku umat Muslim nyaéta pikeun ngalaksankeun ibadah ka Allah Swt., kapaluruh nalika Enéng sadar jeung tobat yén manéhna geus ngalengkah di jalan nu salah. Kapaluruh ogé dina sikep Kang Munandar anu

nembongkeun rasa sukurna ku cara ngucapkeun Hamdallah lantaran dipaparin kaséhatan. Aspék sosial agama dina carpon “Natratna Duriat” kapaluruh tina sikep palaku utama anu sadar yén ayeuna mah hirupna téh kari ibadah nu jongjon, sangkan bisa babarengan dedui jeung salakina di ahérat. Sarta kapaluruh nalika palaku utama ngalesotkeun mukena. Di dieu palaku utama geus ngalaksanakeun sholat nu mangrupa ibadah wajib ka Allah. Dina carpon “Balakaciut” aspék sosial agama na kapaluruh tina sikep Salsa nalika metik lalab atawa dangdaunan nu sok bari macakeun sholawat. Ogé kapaluruh nalika Aki na nembongkeun rasa syukur ka Alloh ku cara nyebutkeun ‘Alhamdulillah’. Kapaluruh ogé tina sikep palaku utama anu ngucapkeun ‘Basmallah’ nalika rék melak tutuwuhan jeung sikep Salsa nu ngucapkeun salam nalika panggih jeung Kang Jojo. Aspék sosial agama dina carpon “Ligarna Haté” kapaluruh tina sikep Chandra nalika datang ka imah Sondari anu ngucapkeun salam jeung nalika Chandra ngadoakeun Bapa na Sondari. Kapaluruh ogé tina sikep Bapa na Sondari anu ngadoakeun anakna. Satuluyna dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” aspék sosial agama nu kapaluruh nyaéta katingali tina sikep palaku panambah nu ngucapkeun salam nalika kakara datang. Ngucapkeun salam nalika datang ka hiji tempat atawa panggih jeung jalma lian mangrupa sikep anu diajarkeun dina agama. Aspék sosial agama dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” kapaluruh tina omongan palaku utama nalika ngadéskripsikeun wanoja anu dipikaresepna, nu geus apal 5 juz Al-Quran. Sarta kapaluruh tina sikep Dirham anu némbongkeun rasa sukurna ka Alloh nalika ditanya kaséhatan, jeung nalika Dirham némbongkeun rasa ngilu béla sungkawa ku cara nyebutkeun ‘Innalillahi’. Dina carpon “Nu Teu Dipiharep” kapaluruh aspék sosial agama na tina palaku utama anu ridho diperlakukeun teu genah ku indungna. Kapaluruh ogé tina sikep Bapa na nu ngélingan Enéng ngeunaan kudu hadé ka nu jadi indung, lantaran sorga dina dampal indung téh mangrupa katerangan ti ajaran agama. Kapaluruh ogé nalika palaku utama anu nyebutkeun istigfar nalika nempo kalakuan indungna. Nu pamungkas, aspék sosial agama dina carpon “Tasma” kapaluruh tina sikep palaku utama, Lukman anu ngucapkeun basmalah

nalika rék muka panto di imah anyarna, nu mangrupa gambaran tina paréntah Alloh. Sarta nalika palaku utama némbongkeun rasa sukurna ku cara ngucapkeun ‘Alhamdulillah’ nalika karya-karyana di muat dina koran jeung majalah.

Tina hasil pedaran di luhur nyaéta kapaluruh yén dina salapan carpon nu di analisis téh kabéh miboga aspék sosial agamana. Aspék sosial agama anu kapaluruh nyaéta nu némbongkeun sikep-sikep manusa saperti paduli ka sasama manusa, ibadah ka Allah Swt., nembongkeun sikap nu dianjurkeun ku Allah Swt. nalika aya kabungah dina haté, sarta ngalaksanakeun paréntah ti Allah Swt.

Moral mangrupa hiji konsép aturan dina kahirupan anu dirumuskeun ku masarakat dina nangtukeun ajén-ajén boh nu hadé boh nu goréng dina kahirupan sapopoé di lingkunganana. Ajén moral ngawengku moral manusa ka Gusti, moral manusa ka dirina sorangan, moral manusa ka papada jalma, moral manusa kana waktu, moral manusa ka alam, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin. Aspék sosial moral dina carita kapaluruh tina sikep palaku jeung tina kaayaan lingkungan sabudeureun.

Aspék sosial moral dina carpon “Cinta” nu kapaluruhna nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. . Dicaritakeun palaku utama, Cinta miboga kahayang pikeun ngadopsi jeung ngurus hiji budak nu aya di panti, budak nu indung bapana teu puguh saha-saha na. Dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” aspék sosial moral nu kapaluruh nyaéta aspék sosial moral dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin. Dina ieu carita palaku utama nu keur meujuhna loba kahayang tuluy dicumponan ku Kang Munandar. Satuluyna dina carpon “Naratna Duriat” kapaluruh aspék sosial moral ka dirina sorangan. Dina ieu carita kacaritakeun palaku utama anu teu boga niat keur nikah deui lantaran manéhna sadar diri yén ngarasa geus kolot, éra ku anak incu. Aspék sosial moral dina carpon “Balakaciut” nu kapaluruh nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. Dina ieu carita Salsa nu sok indit ka leuweung, inget ka akina tuluy sok mawa balakaciut minangka oléh-olé. Dina carpon “Ligarna Haté” kapaluruh

aspék sosial moral ka papada jalma. Kacaritakeun Sondari nu ka ditu ka dieu néangan golongan darah nu sarua jeung golongan darah bapana. Néangan ka PMI kosong, tuluy nyarita ka Chandra ari pék golongan darah Chandra sarua. Dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” aspék sosial moral nu kapaluruhna nyaéta aspék sosial moral ka papada jalma. Kacaritakeun nalika aya pamaén nu cidera, tuluy Rahmi jeung tim médis méré perawatan. Dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” kapaluruh aspék sosial moral dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin. Kacaritakeun palaku utama dina jéro haténa hayang manjangkeun deui hubungan jeung Anti nu baheula pernah pegat, ka hubungan anu leuwih serius. Dina carpon “Nu Teu Dipiharep” kapaluruh aspék sosial moral ka papada jalma. Kacaritakeun bapa téréna palaku utama nu ngurus ti leuleutik sok bela ka Enéng nalika aya nu ngaheureuyan, sarta mun rék nikah téh awéwé na ogé kudu mikanyaah Enéng. Anu pamungkas, dina carpon “Tasma” kapaluruh aspék sosial moral ka papada jalma. kacaritakeun Lukman anu nyampeurkeun babaturan anyarna nu diuk dina bangku manéhna tuluy diajak wawanohan.

Dumasar hasil pedaran di luhur, yén aspék sosial moral kapaluruh tina salapan carpon téh kabéh miboga aspék sosial moral. Aspék sosial moral anu kapaluruh tina salapan carpon téh nyaéta aya moral ka papada jalma, moral ka dirina sorangan, jeung moral dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin.

Satuluyna aya analisis aspék sosial ékonomi. Aspék sosial ékonomi dina ieu analisis nu patali jeung kahirupan ékonomi palaku carita dina prosés minuhan pangabutuh hirupna, ilaharna patali jeung pagawéan palaku carita pikeun nyumponan pangabutuh hirupna.

Kahiji dina carpon “Cinta” kapaluruh aspék sosial ékonomi anu patali jeung pagawéan atawa usaha palaku utama, Cinta pikeun minuhan kabutuh hirupna. Salian ti éta, hasil usaha Cinta ogé dipaké donasi ka panti, manéhna jadi donatur tetep di éta panti. Kadua dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” kapaluruh aspék sosial ékonomi nu patali jeung pagawéan anu dimeunangkeun ku palaku utama. Kacaritakeun nalika palaku utama karék lulus kuliah geus

boga gawé nu pagawéanna kawilang hadé, gedé milik cenah lnataran teu kabeh sarjana bisa langsung boga gawé sanggeus bérés kuliah. Katilu dina carita “Naratna Duriat” kapaluruh aspék sosial ékonomi nu patali jeung kaayaan ékonomi palaku utama nu dibahanan tabungan ku salakina, jadi can pernah ngalaman kasusah dina urusan biaya hirup. Sarta kapaluruh ogé nu patali jeung pagawéan palaku tambahan, Kang Sodak, nu teu bisa datang ka imah Sinta lantaran keur aya rapat jeung para pemilik saham. Aspék sosial ékonomi dina carita “Ligarna Haté” nu kapaluruh patali jeung masalah silsilah kulawarga nu diukur tina ékonomi kulawarga. Dicaritakeun basa baheula Bapa na Sondari nu teu direstuan ku mitoha na lantaran lain ti kulawarga aya, sarta indung Sondari anu rék dijodokeun jeung kulawarga anu beunghar deui. Dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” kapaluruh aspék sosial ékonomi nu patali jeung pagawéan palaku. Nu kacaritakeun palaku utama nu teu yakin ka dirina sorangan ngeunaan panghasilan tina pagawéanana nu bakal leuwih leutik ti pagawéan Sifa salaku dokter. Dina carpon “Nu Teu Dipiharep” kapaluruh aspék sosial ékonomi nu patali jeung masalah nu dipiboga ku indung palaku utama ngeunaan hutang. Dicaritakeun indungna rék ngajodokeun Enéng lantaran keur panaur hutang indungna. Anu pamungkas aspék sosial ékonomi nu kapaluruh dina carpon “Tasma” nyaéta nu patali jeung masalah nu dipiboga ku Purbasari nu can bisa mariksa panonna. Lantaran Purbasari masih kénéh nabung keur mariksa panonna jeung meuli kaca mata sangkan maké duit sorangan.

Dumasar hasil pedaran di luhur ngeunaan aspék sosial ékonomi téh kapaluruh tina tujuh carpon. Sacara umumna aspék sosial ékonomi nu kapaluruh dina eusi carita nyaéta nu patali jeung pagawéan palaku, sarta masalah-masalah anu patali jeung ékonomi palaku dina carita. Dina carpon “Balakaciut” jeung carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” teu kapaluruh ayana aspék sosial ékonomi.

Aspék sosial politik dina carita kagambar tina dialog atawa naskah eusi carita dina kajadian-kajadian nu aya. Aspék sosial politik dina carita patali jeung

kumaha cara ngaping, ngajar, sarta latihan di kulawarga, masarakat, jeung pamaréntah. sedengkeun dina unsur kapamingpinan patali jeung kumaha cara mingpinna, kumaha pangaweruh sarta pangaruh pamingpin di masarakat, kumaha tanggungjawabna dina kapamingpinan, jeung kumaha cara mingpin nu sahandapeunana.

Aspék sosial politik dina carpon “Cinta” kapaluruh tina gambaran sosok Cinta anu dipénta keur jadi gaganti tugas Ibu Pimpinan panti. Kacaritakeun lantaran pihak panti nu kataji ku cara gawéna Cinta anu tulatén. Jadi, cocok upama dijadikeun pimpinan di panti sarta ngurus barudak di panti. Aspék sosial politik nu kapaluruh dina carpon “Naratna Duriat” nyaéta ayana unsur kapamingpinan di perusahaan. Dina ieu carita, Kang Sodak miboga perusahaan nu beuki gedé sarta beuki loba cabangna. Hartina, dina ieu carita sosok Kang Sodak téh jalma nu apal kumaha cara mingpin sangkan perusahaan nu dipibogana jadi tuluy mekar. Satuluyna dina carpon “Balakaciut” aspék sosial politik nu kapaluruh nyaéta nalika Aki na Salsa nyarita yén anjeunna diajar ti masarakat pas keur jadi pamingpin di sakola pamongpraja. Hartina, baheula nalika Aki jadi pamingpin téh henteu asa pang urang na, lantaran teu masarakat waé nu diajar ka anjeunna. Tapi, Aki na ogé nu diajar ka masarakat. Anu pamungkas, aspék sosial politik nu kapaluruh dina carita “Nu Kungsi Dipiharep” nyaéta kagambar tina kabisa nu dipiboga ku palaku utama nu cocok jadi pelatih bola. Kacaritakeun nalika palaku utama jeung Sifa ngobrol ngeunaan pagawéan kahareupna nu cocok keur palaku utama nyaéta jadi pelatih sarta bisa ogé muka sakola maén bal tangtu manéh na anu ngalatih.

Dumasar hasil pedaran di luhur ngeunaan aspék sosial politik kapaluruh tina opat carpon. Aspék sosial politik nu kapaluruhna nyaéta katingali tina sikep sarta cara gawé atawa kapamingpinan palaku dina carita. Dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”, “Ligarna Haté”, “Sanggeus Sapuluh Taun”, “Nu Teu Dipiharep”, jeung carpon “Tasma” teu kapaluruh ayana aspék sosial politik dina carita.

Aspék sosial atikan lain ukur dimeunangkeun di lembaga-lembaga atikan, tapi bisa ogé dimeunangkeun di mana waé. Atikan mangrupa hiji prosés parobahan kanu leuwih hadé, saperti ngadidik ogé diajar pikeun nambahan pangaweruh dina diri manusa. aspék sosial atikan kabagi jadi dua nyaéta aya atikan formal jeung atikan informal.

Aspék sosial atikan dina carpon “Cinta” nu kapaluruhna nyaéta nyaritakeun nalika Béntang nu karék kaluar ti kelas na bari mawa tas nu gedé jeung leutik. di dieu hartina, Béntang téh karék bérés diajar di kelas (sakola). Dina carpon “Kagémang Kalangkang Heulang” aspék sosial atikan nu kapaluruh nyaéta nalika Enéng nu karék lulus geus meunang gawé. Dina carpon “Balakaciut” aspék sosial atikan nu kapaluruh nyaéta Kang Jojo nu keur nyieun proposal tugas akhir kuliah nepi ka diteruskeun ka méja sidang. Lantaran proposalna jadi pinunjul meunang acungan jempol ti para dosén. Satuluyna, dina carpon “Ligarna Haté” kapaluruh aspék sosial atikan nyaéta nyaritakeun Bapana Sondari anu kuliah bari di gawé sarta ngudag béasiswa keur kuliah deui. Dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” kapaluruh aspék sosial atikan nyaéta nyaritakeun Dirham anu geus lulus S2 sarta jadi dosén bari ngeureuyeuh kuliah S3. Pamungkas, dina carpon “Tasma” kapaluruh aspék sosial atikan nyaéta nalika palaku nyaritakeun baheula keur sakola diajar biologi ngeunaan virus.

Dina hasil pedaran di luhur ngeunaan analisis aspék sosial atikan, yén kapaluruh aya genep carpon nu miboga aspék sosial atikan. Aspék sosial atikan nu kapaluruh téh patali jeung atikan formal di sakola jeung perguruan tinggi. Dina carpon “Balakaciut”, “Nu Kungsi Dipiharep”, jeung “Nu Teu Dipiharep” teu kapaluruh ayana aspék sosial atikan dina carita.